

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. *Deskripsi Asiling Panaliten*

Bab menika ngrembag babagan *deskripsi* utawi gambaran asiling panaliten bab wacana ukum ing rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing kalawarti PS. Dhata-dhata ingkang dipuntaliti menika adhedhasar *tipe* wacana pawartos, langgam utawi ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum, saha *inferensi* ingkang dipunpanggihaken. Asil panaliten menika dipunandharaken mawi tabel ingkang dipunrantam adhedhasar *tipe* wacana pawartos, langgam basa ingkang dipunginakaken, saha *inferensi* ingkang dipunpanggihaken. Wondene dhata ingkang dipunginakaken cacahipun wonten 73 wacana ukum.

Saben wacana ukum ing tabel ngandhap menika, dipunparingi tenger ingkang nedahaken bedanipun ukara kapisan saha kapindho. Ukara kapisan minangka ukara pawartos utawi dipuncetak UP saha ukara kapindho ingkang dipuncetak PR. Panaliti ngginakaken *istilah* UP amargi ukara menika nedahaken pawartosipun, dados panaliti ngginakaken tetembungan ukara pawartos utawi UP. Wondene PR inggih menika nedahaken pamanggih saking redaktur. Pamanggih menika awujud sentilan.

Identitas wacana dipunserat mawi nama kalawarti, nomer *edisi*, saha tanggal. Wondene Nama kalawarti inggih menika Panjebar Semangat ingkang dipuncetak dados PS. Nomer *edisi* dipunpendhet saking *edisi* kalawarti. Wondene tanggal *edisi* dipunpendhet saking tanggal anggenipun kalawarti PS dipundalaken.

Rantaman anggenipun nganalisis wacana ukum inggih menika panaliti ngginakaken *teori tipe* pawartos kanthi adhedhasar pokok pawartos wonten ing ukara pawartos (UP) saha pamanggih redaktur (PR). Ingkang kaping kalih, manggihaken langgam basa utawi ragam basa wacana ukum ingkang dipunginakaken. Ingkang kaping tiga manggihaken maksud utawi dudutan saking wacana pawartos kasebat. Maksud ingkang dipunpanggihaken awujud pamanggih sanes ingkang gegayutan kaliyan pokok pawartos. Kanthi mekaten, ingkang sinebat pokok pawartos, langgam basa ukum ingkang dipunginakaken saha tenger kangge manggihaken *inferensi* dipunparingi tenger kanthi werni jene. Ing ngandhap menika kababaraken asil panaliten tumrap ketiganipun.

Tabel 3 Asil Panaliten Tipe Pawartos Wacana Ukum

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
1	Wacana Paraga	Pemerintah njajagi nggawe satgas berita hoax (UP) <i>Apus-apus pranyata wis dadi ancaman</i> (PR) PS/2/14 Januari 2017
2		Presiden nggawe lembaga pembinaan Pancasila (UP) <i>Kelingan jaman penataran P4</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017
3		Sangang persen warga pengin ngowahi Pancasila (UP) <i>Bisa wae, iku warga negara asing</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017
4		MK perlu 'didandani' ing kana kene (UP) <i>Aja nganti dadi majelis korupsi</i> (PR) PS/6/11 Februari 2017
5		Pulisi ngira RS lan klinik ana cawe-cawe babagan vaksin palsu (UP) <i>Temen-temen rombongan kepalsuan!</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016
6		Ora digatekake RS, wong tuwa kurban vaksin palsu lapor DPR (UP) <i>Muga-muga ora nemoni kepalsuan sabanjure</i> (PR) PS/31/30 Juli 2016

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
7		TNI lagi nyelidiki cawe-cawene jenderal bintang loro ing bisnis narkoba Freddy Budiman (UP) <i>Sirahe sang jendral iki saiki mesthi kebak bintang</i> (PR) PS/36/3 September 2016
8		55% wong kang njaluk keadilan dijaluki dhuwit ing pengadilan (UP) <i>45% turahe ora ngaku yen dijaluki dhuwit</i> (PR) PS/37/10 September 2016
9		Dirangket bebarengan Gatot Brajamusti, artis Reza Artamevia positip narkoba (UP) <i>Sing jelas, kekarone positif keblinger</i> (PR) PS/37/10 September 2016
10		Siswa SMA dadi kurir 20 kg ganja (UP) <i>Salah njupuk extra kurikuler sajake</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016
11		Polri netepake 10 tersangka kang dinuga makar (UP) <i>Makarya ??</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016
12		Jeksa Ahmad Fauzi dadi tumbal kanggo ngamanake atasan (UP) <i>Sinambi ngajab sing diamanake sedhela maneh katut ora aman</i> (PR) PS/52/24 Desember 2016
13		Rakyat gela, hakim MK ketangkep tangan KPK (UP) <i>Wis kentekan ukara ...</i> (PR) PS/6/11 Februari 2017
14		76% sing korupsi diancam entheng (UP) <i>Sugih 7 turunan, bebas pisan</i> (PR) PS/11/18 Maret 2017
15		Jeneng adhik ipene Jokowi terus muncul ing sidhang suap urusan pajeg (UP) <i>Video blog dinane iki ditunggu, Pak Presiden.....</i> (PR) PS/12/25 Maret 2017
16		Ahok divonis kunjara 2 taun (UP) <i>Thok... thok... thok... palu hakim nothok!</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017
17		Produsen uyah ilegal digrebek (UP) <i>Apa ta sing ora dipalsu?!</i> (PR) PS/22/3 Juni 2017

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
18		Dirut PT Garam dirangket gegandhengan impor uyah (UP) Asin! (PR) PS/26/1 Juli 2017
19		Setya Novanto dadi 'tersangka' (UP) Sapinter-pintere 'papa' mlumpat.... (PR) PS/30/29 Juli 2017
20		Antasari siap mbantu ndhungkap kasus korupsi gedhe (UP) Wis nlolor menyang ngendi-endi (PR) PS/6/11 Februari 2017
21		Jeksa Agung nggawe tim pencari fakta temone TPEG bab anane dhuwit narkoba (UP) Perlune tim penghilang fakta (PR) PS/40/1 Oktober 2016
22	Wacana Kadadosan	Presiden gregeten kejahatan narkoba saya ndadra (UP) Dilawan to pak! (PR) PS/30/23 Juli 2016
23		Pulisi tawa ampunan marang gerombolan Santoso (UP) Ditawani gaweyan wae pak, dadi pulisi (PR) PS/32/6 Agustus 2016
24		Money politics ngancam Pilkada 2017 (UP) Wiwit biyen tetep "wani pira?" (PR) PS/7/18 Februari 2017
25		Kemenkominfo nggandheng FB merangi hoax (UP) Sing nggawe hoax uga perlu digandheng, terus dibanting (PR) PS/8/25 Februari 2017
26		Pemerintah bisa mblokir akses media sosial (UP) Ora klebu tumrape buzzer-buzzer pendukung (PR) PS/24/17 Juni 2017
27		Nganakake pilkada bersih, KPK ngajak warga melu ngawasi (UP) Yen tetep ana sing dum dum, ya kapeksa dinikmati (PR) PS/38/17 September 2016
28		Mediasi Kraton Surakarta gagal (UP) Ora usah dirujukake, rak kesel dhewe (PR) PS/17/29 April 2017

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
29		Bisnisan nasional kompak melu pengampunan pajeg (UP) <i>Muga-muga merga insap, dudu merga wedi</i> (PR) PS/41/8 Oktober 2016
30		Bab sandera ing Filipina, Indonesia rumangsa digawe dolanan (UP) <i>Pisan-pisan perlu dikerasi</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016
31		Kasus vaksin palsu bakal nyeret sakehing dokter (UP) <i>“Jika sakit berlanjut....” hubungi sing liyane wae.</i> (PR) PS/31/30 Juli 2016
32		Vonis hakim marang koruptor saya entheng (UP) <i>Masuk angin!</i> (PR) PS/32/6 Agustus 2016
33		Kasus kaji Filipina ana cawe-cawene jaringan internasional (UP) <i>Ah, jaring utamane tetep sing lokal uga</i> (PR) PS/37/10 September 2016
34		Jokowi prentah Kapolri nangkep kang nindakake pungli pelabuhan (UP) <i>Dihadiahi jangkar wae pak, direndhem ing segara!</i> (PR) PS/39/24 September 2016
35		KPK nangkep Irman Gusman (UP) <i>Ora cocog karo omonge, “Ukum Mati Koruptor”</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016
36		Kasus oplosan beras mawa subsidi, Bulog katone cuci tangan (UP) <i>Maklum, ben ora kelangan jabatan</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016
37		Sekjen KOI dinuga korupsi (UP) <i>Gagal “mens sana in corpore sano”</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016
38		Lali dhata, Kejati Jatim ora serius mburu buron kasus korupsi (UP) <i>Iki contone nandhang amnesia tingkat dewa</i> (PR) PS/3/21 Januari 2017

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
39		Kapal Filipina ditangkep ing Laut Sulawesi merga illegal fishing (UP) <i>Mesthi dudu mburu iwak Filipina kang mlayu menyang Indonesia kuwi</i> (PR) PS/13/1 April 2017
40		KPK OTT ing DPRD Jatim (UP) <i>Meh riyaya, padha nampa THR (Tahanan Hari Raya)</i> (PR) PS/25/24 Juni 2017
41		Remisi kanggo koruptor tetep dianakake (UP) <i>Jarene arep mbrastha korupsi??</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016
42		Pemerintah ngancam nggunakake UU Pemilu lawas (UP) <i>Mbokmenawa becike pancen ngono...</i> (PR) PS/29/22 Juli 2017
43	Wacana Wekdal	Nganti Mei, wis ana 31 bandar narkoba kang mati (UP) <i>Bisnis narkoba pancen maut</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017
44		Target nangkep Santoso diundur nganti Agustus (UP) <i>Kesenengen ngetung nganti lali nangkep</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016
45	Wacana Papan	Ombudsman RI: Pungli E-KTP ana ing 13 propinsi (UP) <i>Lumayan, isih durung warata</i> (PR) PS/47/19 November 2016
46		Yogyakarta diteror aksi klithih (UP) <i>Salah srawung jaman saiki ...</i> (PR) PS/14/8 April 2017
47	Wacana Sebab	Gembonge rajapati Salim Kancil lolos saka ukuman pati (UP) <i>Iklasna wae, toh isih ana ukuman Gusti Allah</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016
48		Pejabat MA mainake perkara akeh (UP) <i>Mesthi nalika cilikane kurang dolanan</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016
49		Aturan diubah, remisi koruptor saya gampang (UP) <i>Rakyat mung bisa susah, lan nyumpah-nyumpah</i> (PR) PS/34/20 Agustus 2016

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
50	Wacana Cara	Menteri Susi Pudjiastuti: kedaulatan laut kudu dijegake (UP) <i>Macem-macem, keremake wae!</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016
51		KPK ngusut pengasilan pejabat kang ngrangkep (UP) <i>Oleh rangkep jabatan, nanging ora oleh rangkep bayaran</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017
52		Kasus pedofilia butuh ‘pemberatan’ hukum luar biasa (UP) <i>Ukuman mati pisan uga isih entheng</i> (PR) PS/13/1 April 2017
53		Kapolri: tindhak tegas sing nindakake persekusi (UP) <i>Pulisi uga ora dianggep kok!</i> (PR) PS/25/24 Juni 2017
54		Emoh ditahan, Irman Gusman njaluk “penanggihan” (UP) <i>Nalika diwenehe beselan, kok ora emoh ya?!</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016
55		Badan Legilasi DPR ngajib larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran (UP) <i>Ayat bab mbako wae bisa ilang saka UU Kesehatan kok!</i> (PR) PS/27/8 Juli 2017
56		Pemerintah bakal nggampangake napi oleh remisi (UP) <i>Akibat kebake kunjara lan tekanan anggaran!</i> (PR) PS/27/2 Juli 2016
57		Perpu ormas wiwit digunakake (UP) <i>Wiwit pasang taji sajake</i> (PR) PS/31/5 Agustus 2017
58		Pemerintah nyusun aturan mobil listrik (UP) <i>Setrume isih byarpet</i> (PR) PS/31/5 Agustus 2017
59	Wacana Barang	Narkoba ngrongrong ketahanan negara (UP) <i>Anggone njejegake hukum isih loyo</i> (PR) PS/32/12 Agustus 2017

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
60		Omah subsidi kesandhung ijin pemda (UP) <i>Sing menahi ijin uga njaluk subsidi</i> (PR) PS/13/1 April 2017
61		Dhuwit asile kejahatan narkoba kudu dirampas (UP) <i>Aja kaya biyasane, didum...</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016
62		Ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati (UP) <i>Sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016
63		Kurban Dimas Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas (UP) <i>Pranyata dudu tukang nikelake dhuwit, nanging nikelake kertas!</i> (PR) PS/42/15 Oktober 2016
64		Sabu saka Malaysia saya ndadra (UP) <i>Sebut wae sabu melayu</i> (PR) PS/46/12 November 2016
65		Dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR (UP) <i>Ilen-ilen kotor pungkasane tekan juglangan</i> (PR) PS/16/22 April 2017
66	Wacana Bukti	11 domain Telegram kang diblokir kanggo keamanan negara lan masyarakat (UP) <i>Bali wae surat-suratan</i> (PR) PS/30/29 Juli 2017
67		KPK: meh 4000 ijin tambang ngemu masalah (UP) <i>Mangka, kanggo ngrampungake masalah mau ora perlu ijin</i> (PR) PS/50/10 Desember 2016
68		Setya Novanto disebut-sebut oleh 7% saka ajine proyek E-KTP (UP) <i>Lumayan, 7% ping Rp 5.9 triliyun!</i> (PR) PS/18/6 Mei 2017
69		Illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar (UP) <i>Maling untung, negara buntung</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016

No.	Tipe Wacana Pawartos	Wacana Ukum ing PS
70		OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan (UP) <i>Mbokmenawa si oknum jeksa butuh dhuwit receh nggo kerokan</i> (PR) PS/27/8 Juli 2017
71		Ombudsman nemokake lapas kebak pungli (UP) <i>Ben ora diarani pungli, nganggo kwitansi...</i> (PR) PS/35/2 September 2017
72		Dokumen TPF Munir enggal dibukak (UP) <i>Muga-muga wae isine ora kaya biasane, nggelakake!</i> (PR) PS/45/29 Oktober 2016
73		BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun! (UP) <i>Bocorr...bocorr...!!!!</i> (PR) PS/17/29 April 2017

Tabel 4 Asil Panaliten Langgam Basa wonten ing Wacana Ukum

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
1	Basa Ukum Ketatanegaraan	Pemerintah njajagi nggawe satgas berita hoax (UP) <i>Apus-apus pranyata wis dadi ancaman</i> (PR) PS/2/14 Januari 2017
2		Presiden nggawe lembaga pembinaan Pancasila (UP) <i>Kelingan jaman penataran P4</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017
3		Sangang persen warga pengin ngowahi Pancasila (UP) <i>Bisa wae, iku warga negara asing</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017
4		MK perlu ‘didandani’ ing kana kene (UP) <i>Aja nganti dadi majelis korupsi</i> (PR) PS/6/11 Februari 2017
5		Presiden gregeten kejahatan narkoba saya ndadra (UP) <i>Dilawan to pak!</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
6		Pulisi tawa ampunan marang gerombolan Santoso (UP) <i>Ditawani</i> gaweyan wae pak, <i>dadi pulisi</i> (PR) PS/32/6 Agustus 2016
7		Money politics ngancam Pilkada 2017 (UP) <i>Wiwit biyen tetep “wani pira?”</i> (PR) PS/7/18 Februari 2017
8		Kemenkominfo nggandheng FB merangi hoax (UP) <i>Sing nggawe hoax uga perlu digandheng, terus dibanting</i> (PR) PS/8/25 Februari 2017
9		Pemerintah bisa mblokir akses media sosial (UP) <i>Ora klebu tumrape buzzer-buzzer pendukung</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017
10		Nganakake pilkada bersih, KPK ngajak warga melu ngawasi (UP) <i>Yen tetep ana sing dum dum, ya kapeksa dinikmati</i> (PR) PS/38/17 September 2016
11		Menteri Susi Pudjiastuti: kedaulatan laut kudu dijejegake (UP) <i>Macem-macem, keremake wae!</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016
12		Narkoba ngrongrong ketahanan negara (UP) <i>Anggone njejegake hukum isih loyo</i> (PR) PS/32/12 Agustus 2017
13		11 domain Telegram kang diblokir kanggo keamanan negara lan masyarakat (UP) <i>Bali wae surat-suratan</i> (PR) PS/30/29 Juli 2017
14	Basa Ukum Ketatanegaraan Adat	Mediasi Kraton Surakarta gagal (UP) <i>Ora usah dirujukake, rak kesel dhewe</i> (PR) PS/17/29 April 2017

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
15	Basa Ukum Perdata	Bisnisan nasional kompak melu pengampunan pajeg (UP) <i>Muga-muga merga insap, dudu merga wedi</i> (PR) PS/41/8 Oktober 2016
16		KPK ngusut pengasilan pejabat kang ngrangkep (UP) <i>Oleh rangkep jabatan, nanging ora oleh rangkep bayaran</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017
17		Omah subsidi kesandhung ijin pemda (UP) <i>Sing menehi ijin uga njaluk subsidi</i> (PR) PS/13/1 April 2017
18		KPK: meh 4000 ijin tambang ngemu masalah (UP) <i>Mangka, kanggo ngrampungake masalah mau ora perlu ijin</i> (PR) PS/50/10 Desember 2016
19	Basa Ukum Pidana	Pulisi ngira RS lan klinik ana cawe-cawe babagan vaksin palsu (UP) <i>Temen-temen rombongan kepalsuan!</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016
20		Ora digatekake RS, wong tuwa kurban vaksin palsu lapor DPR (UP) <i>Muga-muga ora nemoni kepalsuan sabanjure</i> (PR) PS/31/30 Juli 2016
21		TNI lagi nyelidiki cawe-cawene jenderal bintang loro ing bisnis narkoba Freddy Budiman (UP) <i>Sirahe sang jendral iki saiki mesthi kebak bintang</i> (PR) PS/36/3 September 2016
22		55% wong kang njaluk keadilan dijaluki dhuwit ing pengadilan (UP) <i>45% turahe ora ngaku yen dijaluki dhuwit</i> (PR) PS/37/10 September 2016

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
23		Dirangket bebarengan Gatot Brajamusti, artis Reza Artamevia positif narkoba (UP) <i>Sing jelas, kekarone positif keblinger</i> (PR) PS/37/10 September 2016
24		Siswa SMA dadi kurir 20 kg ganja (UP) <i>Salah njupuk extra kurikuler sajake</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016
25		Polri netepake 10 tersangka kang dinuga makar (UP) <i>Makarya ??</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016
26		Jeksa Ahmad Fauzi dadi tumbal kanggo ngamanake atasan (UP) <i>Sinambi ngajab sing diamanake sedhela maneh katut ora aman</i> (PR) PS/52/24 Desember 2016
27		Rakyat gela, hakim MK ketangkep tangan KPK (UP) <i>Wis kentekan ukara ...</i> (PR) PS/6/11 Februari 2017
28		76% sing korupsi diancam entheng (UP) <i>Sugih 7 turunan, bebas pisan</i> (PR) PS/11/18 Maret 2017
29		Jeneng adhik ipene Jokowi terus muncul ing sidhang suap urusan pajeg (UP) <i>Video blog dinane iki ditunggu, Pak Presiden.....</i> (PR) PS/12/25 Maret 2017
30		Ahok divonis kunjara 2 taun (UP) <i>Thok... thok... thok.... palu hakim nothok!</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017
31		Produsen uyah ilegal digrebek (UP) <i>Apa ta sing ora dipalsu?!</i> (PR) PS/22/3 Juni 2017
32		Dirut PT Garam dirangket gegandhengan impor uyah (UP) <i>Asin!</i> (PR) PS/26/1 Juli 2017

No.	Wacana Ukum ing PS
33	Setya Novanto dadi 'tersangka' (UP) <i>Sapinter-pintere 'papa' mlumpat....</i> (PR) PS/30/29 Juli 2017
34	Antasari siap mbantu ndhungkap kasus korupsi gedhe (UP) <i>Wis nlolor menyang ngendi-endi</i> (PR) PS/6/11 Februari 2017
35	Bab sandera ing Filipina, Indonesia rumangsa digawe dolanan (UP) <i>Pisan-pisan perlu dikerasi</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016
36	Kasus vaksin palsu bakal nyeret sakehing dokter (UP) <i>"Jika sakit berlanjut...." hubungi sing liyane wae.</i> (PR) PS/31/30 Juli 2016
37	Vonis hakim marang koruptor saya entheng (UP) <i>Masuk angin!</i> (PR) PS/32/6 Agustus 2016
38	Kasus kaji Filipina ana cawe-cawene jaringan internasional (UP) <i>Ah, jaring utamane tetep sing lokal uga</i> (PR) PS/37/10 September 2016
39	Jokowi prentah Kapolri nangkep kang nindakake pungli pelabuhan (UP) <i>Dihadiahi jangkar wae pak, direndhem ing segara!</i> (PR) PS/39/24 September 2016
40	KPK nangkep Irman Gusman (UP) <i>Ora cocog karo omonge, "Ukum Mati Koruptor"</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016
41	Kasus oplosan beras mawa subsidi, Bulog katone cuci tangan (UP) <i>Maklum, ben ora kelangan jabatan</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016
42	Sekjen KOI dinuga korupsi (UP) <i>Gagal "mens sana in corpore sano"</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
43		Lali dhata, Kejati Jatim ora serius mburu buron kasus korupsi (UP) <i>Iki contone nandhang amnesia tingkat dewa</i> (PR) PS/3/21 Januari 2017
44		Kapal Filipina ditangkep ing Laut Sulawesi merga illegal fishing (UP) <i>Mesthi dudu mburu iwak Filipina kang mlayu menyang Indonesia kuwi</i> (PR) PS/13/1 April 2017
45		KPK OTT ing DPRD Jatim (UP) <i>Meh riyaya, padha nampa THR (Tahanan Hari Raya)</i> (PR) PS/25/24 Juni 2017
46		Nganti Mei, wis ana 31 bandar narkoba kang mati (UP) <i>Bisnis narkoba pancen maut</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017
47		Target nangkep Santoso diundur nganti Agustus (UP) <i>Kesenengen ngetung nganti lali nangkep</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016
48		Ombudsman RI: Pungli E-KTP ana ing 13 propinsi (UP) <i>Lumayan, isih durung warata</i> (PR) PS/47/19 November 2016
49		Yogyakarta diteror aksi klithih (UP) <i>Salah srawung jaman saiki ...</i> (PR) PS/14/8 April 2017
50		Gembonge rajapati Salim Kancil lolos saka ukuman pati (UP) <i>Iklasna wae, toh isih ana ukuman Gusti Allah</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016
51		Pejabat MA mainake perkara akeh (UP) <i>Mesthi nalika cilikane kurang dolanan</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016
52		Kasus pedofilia butuh ‘pemberatan’ hukum luar biasa (UP) <i>Ukuman mati pisan uga isih entheng</i> (PR) PS/13/1 April 2017

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
53		Kapolri: tindhak tegas sing nindakake persekusi (UP) <i>Pulisi uga ora dianggep kok!</i> (PR) PS/25/24 Juni 2017
54		Emoh ditahan, Irman Gusman njaluk “penanggihan” (UP) <i>Nalika diwenehe beselan, kok ora emoh ya?!</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016
55		Dhuwit asile kejahatan narkoba kudu dirampas (UP) <i>Aja kaya biyasane, didum...</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016
56		Ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati (UP) <i>Sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016
57		Kurban Dimas Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas (UP) <i>Pranyata dudu tukang nikelake dhuwit, nanging nikelake kertas!</i> (PR) PS/42/15 Oktober 2016
58		Sabu saka Malaysia saya ndadra (UP) <i>Sebut wae sabu melayu</i> (PR) PS/46/12 November 2016
59		Dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR (UP) <i>Ilen-ilan kotor pungkasan tekan juglangan</i> (PR) PS/16/22 April 2017
60		Setya Novanto disebut-sebut oleh 7% saka ajine proyek E-KTP (UP) <i>Lumayan, 7% ping Rp 5.9 triliyun!</i> (PR) PS/18/6 Mei 2017
61		Illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar (UP) <i>Maling untung, negara buntung</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016
62		OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan (UP) <i>Mbokmenawa si oknum jeksa butuh dhuwit receh nggo kerokan</i> (PR) PS/27/8 Juli 2017

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
63		Ombudsman nemokake lapas kebak pungli (UP) <i>Ben ora diarani pungli, nganggo kwitansi...</i> (PR) PS/35/2 September 2017
64		Dokumen TPF Munir enggal dibukak (UP) <i>Muga-muga wae isine ora kaya biasane, nggelakake!</i> (PR) PS/45/29 Oktober 2016
65		BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun! (UP) <i>Bocorr...bocorr...!!!!</i> (PR) PS/17/29 April 2017
66	Basa Ukum Acara	Jeksa Agung nggawe tim pencari fakta temone TPF bab anane dhuwit narkoba (UP) <i>Perlune tim penghilang fakta</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016
67		Remisi kanggo koruptor tetep dianakake (UP) <i>Jarene arep mbrastha korupsi??</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016
68		Pemerintah ngancam nggunakake UU Pemilu lawas (UP) <i>Mbokmenawa becike pancen ngono...</i> (PR) PS/29/22 Juli 2017
69		Aturan diubah, remisi koruptor saya gampang (UP) <i>Rakyat mung bisa susah, lan nyumpah-nyumpah</i> (PR) PS/34/20 Agustus 2016
70		Badan Legilasi DPR ngajab larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran (UP) <i>Ayat bab mbako wae bisa ilang saka UU Kesehatan kok!</i> (PR) PS/27/8 Juli 2017
71		Pemerintah bakal nggampangake napi oleh remisi (UP) <i>Akibat kebake kunjara lan kentekan anggaran!</i> (PR) PS/27/2 Juli 2016

No.	Langgam Basa Wacana Ukum	Wacana Ukum ing PS
72		Perpu ormas wiwit digunakake (UP) <i>Wiwit pasang taji sajake</i> (PR) PS/31/5 Agustus 2017
73		Pemerintah nyusun aturan mobil listrik (UP) <i>Setrume isih byarpet</i> (PR) PS/31/5 Agustus 2017

Tabel 5 Asil Panaliten *Inferensi* wonten ing Wacana Ukum

No.	Wacana Ukum ing PS	<i>Inferensi</i>
1	Pemerintah njajagi nggawe satgas berita hoax (UP) <i>Apus-apus pranyata wis dadi ancaman</i> (PR) PS/2/14 Januari 2017	Satgas kangge ngicalaken pawartos apus-apus
2	Presiden nggawe lembaga pembinaan Pancasila (UP) <i>Kelingan jaman penataran P4</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017	Njegaken nilai-nilai pancasila
3	Sangang persen warga pengin ngowahi Pancasila (UP) <i>Bisa wae, iku warga negara asing</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017	Pancasila boten saged dipunewahi
4	MK perlu 'didandani' ing kana kene (UP) <i>Aja nganti dadi majelis korupsi</i> (PR) PS/6/11 Februari 2017	Ngicalaken korupsi
5	Pulisi ngira RS lan klinik ana cawe-cawe babagan vaksin palsu (UP) <i>Temen-temen rombongan kepalsuan!</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016	Kabukten ngginakaken vaksin palsu
6	Ora digatekake RS, wong tuwa kurban vaksin palsu lapor DPR (UP) <i>Muga-muga ora nemoni kepalsuan sabanjure</i> (PR) PS/31/30 Juli 2016	Nyuwun keadilan

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
7	TNI lagi nyelidiki cawe-cawene jenderal bintang loro ing bisnis narkoba Freddy Budiman (UP) <i>Sirahe sang jendral iki saiki mesthi kebak bintang (PR)</i> PS/36/3 September 2016	Jendral bintang 2 konangan ndherek bisnis narkoba
8	55% wong kang njaluk keadilan dijaluki dhuwit ing pengadilan (UP) <i>45% turahe ora ngaku yen dijaluki dhuwit (PR)</i> PS/37/10 September 2016	Wonten praktek pungli ing pengadilan
9	Dirangket bebarengan Gatot Brajamusti, artis Reza Artamevia positip narkoba (UP) <i>Sing jelas, kekarone positif keblinger (PR)</i> PS/37/10 September 2016	Oknum artis kencing narkoba
10	Siswa SMA dadi kurir 20 kg ganja (UP) <i>Salah njupuk extra kurikuler sajake (PR)</i> PS/43/22 Oktober 2016	Sinten kemawon saged dados kurir narkoba
11	Polri netepake 10 tersangka kang dinuga makar (UP) <i>Makarya ?? (PR)</i> PS/51/17 Desember 2016	Wonten ingkang dados provokator
12	Jeksa Ahmad Fauzi dadi tumbal kanggo ngamanake atasan (UP) <i>Sinambi ngajab sing diamanake sedhela maneh katut ora aman (PR)</i> PS/52/24 Desember 2016	Sami-sami boten aman
13	Rakyat gela, hakim MK ketangkep tangan KPK (UP) <i>Wis kentekan ukara ... (PR)</i> PS/6/11 Februari 2017	Rakyat kuciwa amargi korupsi
14	76% sing korupsi diancam entheng (UP) <i>Sugih 7 turunan, bebas pisan (PR)</i> PS/11/18 Maret 2017	Ukuman boten jumbuh kaliyan ingkang dipuntindakaken

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
15	Jeneng adhik ipene Jokowi terus muncul ing sidhang suap urusan pajeg (UP) <i>Video blog dinane iki ditunggu, Pak Presiden.....</i> (PR) PS/12/25 Maret 2017	Nanjihaken babagan suap pajeg dening adhik ipenipun Jokowi
16	Ahok divonis kunjara 2 taun (UP) <i>Thok... thok... thok.... palu hakim nothok!</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017	Ukuman kagem Ahok
17	Produsen uyah ilegal digrebek (UP) <i>Apa ta sing ora dipalsu?!</i> (PR) PS/22/3 Juni 2017	Sedaya barang dipunpalsu
18	Dirut PT Garam dirangket gegandhengan impor uyah (UP) <i>Asin!</i> (PR) PS/26/1 Juli 2017	Dirut PT Garam apus-apus impor sarem
19	Setya Novanto dadi 'tersangka' (UP) <i>Sapinter-pintere 'papa' mlumpat....</i> (PR) PS/30/29 Juli 2017	Setya Novanto konangan
20	Antasari siap mbantu ndhungkap kasus korupsi gedhe (UP) <i>Wis nlolor menyang ngendi-endi</i> (PR) PS/6/11 Februari 2017	Badhe konangan sedaya ingkang nindakaken korupsi
21	Jeksa Agung nggawe tim pencari fakta temone TPFG bab anane dhuwit narkoba (UP) <i>Perlune tim penghilang fakta</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016	Nglarah prakawis arta narkoba
22	Presiden gregeten kejahatan narkoba saya ndadra (UP) <i>Dilawan to pak!</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016	Narkoba angel dipunlawan
23	Pulisi tawa ampunan marang gerombolan Santoso (UP) <i>Ditawani gaweyan wae pak, dadi pulisi</i> (PR) PS/32/6 Agustus 2016	Supados purun pasrah bongkolan

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
24	Money politics ngancam Pilkada 2017 (UP) <i>Wiwit biyen tetep “wani pira?”</i> (PR) PS/7/18 Februari 2017	Tradhisi politis masyarakat
25	Kemenkominfo nggandheng FB merangi hoax (UP) <i>Sing nggawe hoax uga perlu digandheng, terus dibanting</i> (PR) PS/8/25 Februari 2017	Tembayatan kangge ngicalaken hoax
26	Pemerintah bisa mblokir akses media sosial (UP) <i>Ora klebu tumrape buzzer-buzzer pendukung</i> (PR) PS/24/17 Juni 2017	Kedah ngatos-atos ngginakaken media sosial
27	Nganakake pilkada bersih, KPK ngajak warga melu ngawasi (UP) <i>Yen tetep ana sing dum dum, ya kapeksa dinikmati</i> (PR) PS/38/17 September 2016	Kedah teges nulak money politic
28	Mediasi Kraton Surakarta gagal (UP) <i>Ora usah dirujukake, rak kesel dhewe</i> (PR) PS/17/29 April 2017	Supados dipunrampungaken kanthi ngrembug kulawarga
29	Bisnisman nasional kompak melu pengampunan pajeg (UP) <i>Muga-muga merga insap, dudu merga wedi</i> (PR) PS/41/8 Oktober 2016	Pajeg kedah dipunbayaraken
30	Bab sandera ing Filipina, Indonesia rumangsa digawe dolanan (UP) <i>Pisan-pisan perlu dikerasi</i> (PR) PS/30/23 Juli 2016	Perkara sandra sampun makaping-kaping
31	Kasus vaksin palsu bakal nyeret sakehing dokter (UP) <i>“Jika sakit berlanjut....” hubungi sing liyane wae.</i> (PR) PS/31/30 Juli 2016	Konangan ngginakaken vaksin palsu
32	Vonis hakim marang koruptor saya entheng (UP) <i>Masuk angin!</i> (PR) PS/32/6 Agustus 2016	Boten adil

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
33	Kasus kaji Filipina ana cawe-cawene jaringan internasional (UP) <i>Ah, jaring utamane tetep sing lokal uga</i> (PR) PS/37/10 September 2016	Wonten tembayatan antawisipun kalih pihak
34	Jokowi prentah Kapolri nangkep kang nindakake pungli pelabuhan (UP) <i>Dihadiahi jangkar wae pak, direndhem ing segara!</i> (PR) PS/39/24 September 2016	Supados boten ngambali tindak pungli
35	KPK nangkep Irman Gusman (UP) <i>Ora cocog karo omonge, “Ukum Mati Koruptor”</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016	Koruptor dipunukum kanthi awrat
36	Kasus oplosan beras mawa subsidi, Bulog katone cuci tangan (UP) <i>Maklum, ben ora kelangan jabatan</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016	Pados slametipun
37	Sekjen KOI dinuga korupsi (UP) <i>Gagal “mens sana in corpore sano”</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016	Boten nindakaken paugeran ingkang leres
38	Lali dhata, Kejati Jatim ora serius mburu buron kasus korupsi (UP) <i>Iki contone nandhang amnesia tingkat dewa</i> (PR) PS/3/21 Januari 2017	Boten badhe nyepeng buron prakawis korupsi
39	Kapal Filipina ditangkep ing Laut Sulawesi merga illegal fishing (UP) <i>Mesthi dudu mburu iwak Filipina kang mlayu menyang Indonesia kuwi</i> (PR) PS/13/1 April 2017	Ukuman kangge ingkang nerak ukum
40	KPK OTT ing DPRD Jatim (UP) <i>Meh riyaya, padha nampa THR (Tahanan Hari Raya)</i> (PR) PS/25/24 Juni 2017	OTT saged dipuntindakaken sawanci-wanci

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
41	Remisi kanggo koruptor tetep dianakake (UP) <i>Jarene arep mbrastha korupsi??</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016	Kangge ngirangi kuota ing kunjara
42	Pemerintah ngancam nggunakake UU Pemilu lawas (UP) <i>Mbokmenawa becike pancen ngono...</i> (PR) PS/29/22 Juli 2017	UU Pemilu ingkang enggal dereng sumadya
43	Nganti Mei, wis ana 31 bandar narkoba kang mati (UP) <i>Bisnis narkoba pancen maut</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017	Bisnis narkoba ingkang gawat
44	Target nangkep Santoso diundur nganti Agustus (UP) <i>Kesenengen ngetung nganti lali nangkep</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016	Nyepeng Santosa betah wekdal ingkang dangu
45	Ombudsman RI: Pungli E-KTP ana ing 13 propinsi (UP) <i>Lumayan, isih durung warata</i> (PR) PS/47/19 November 2016	Wonten dhaerah ingkang dereng konangan korupsi
46	Yogyakarta diteror aksi klithih (UP) <i>Salah srawung jaman saiki ...</i> (PR) PS/14/8 April 2017	Kedah waspada tumrap lare-lare samenika
47	Gembonge rajapati Salim Kancil lolos saka ukuman pati (UP) <i>Iklasna wae, toh isih ana ukuman Gusti Allah</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016	Ukuman wonten kalih inggih menika wonten donya lan akherat
48	Pejabat MA mainake perkara akeh (UP) <i>Mesthi nalika cilikane kurang dolanan</i> (PR) PS/29/16 Juli 2016	Kathah ingkang nindakaken korupsi
49	Aturan diubah, remisi koruptor saya gampang (UP) <i>Rakyat mung bisa susah, lan nyumpah-nyumpah</i> (PR) PS/34/20 Agustus 2016	Pakunjaran amrih boten kebak

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
50	Menteri Susi Pudjiastuti: kedaulatan laut kudu dijejegake (UP) <i>Macem-macem, keremake wae!</i> (PR) PS/51/17 Desember 2016	Supados keamanan laut tetep kajagi
51	KPK ngusut pengasilan pejabat kang ngrangkep (UP) <i>Oleh rangkep jabatan, nanging ora oleh rangkep bayaran</i> (PR) PS/20/20 Mei 2017	Supados adil
52	Kasus pedofilia butuh ‘pemberatan’ hukum luar biasa (UP) <i>Ukuman mati pisan uga isih entheng</i> (PR) PS/13/1 April 2017	Kedah dipunukum ingkang awrat piyambak
53	Kapolri: tindak tegas sing nindakake persekusi (UP) <i>Pulisi uga ora dianggep kok!</i> (PR) PS/25/24 Juni 2017	Prentah kangge nindakaken keadilan
54	Emoh ditahan, Irman Gusman njaluk “penanggihan” (UP) <i>Nalika diwenehe beselan, kok ora emoh ya?!</i> (PR) PS/40/1 Oktober 2016	Boten sumbut kaliyan ingkang dipuntindakaken
55	Badan Legilasi DPR ngajab larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran (UP) <i>Ayat bab mbako wae bisa ilang saka UU Kesehatan kok!</i> (PR) PS/27/8 Juli 2017	Sedaya paugeran dipunatur dening DPR
56	Pemerintah bakal nggampangake napi oleh remisi (UP) <i>Akibat kebake kunjara lan kentekan anggaran!</i> (PR) PS/27/2 Juli 2016	Pakunjaran amrih boten kebak
57	Perpu ormas wiwit digunakake (UP) <i>Wiwit pasang taji sajake</i> (PR) PS/31/5 Agustus 2017	Supados tertib
58	Pemerintah nyusun aturan mobil listrik (UP) <i>Setrume isih byarpet</i> (PR) PS/31/5 Agustus 2017	Supados langkung tertib

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
59	Narkoba ngrongrong ketahanan negara (UP) <i>Anggone njejegake hukum isih loyo</i> (PR) PS/32/12 Agustus 2017	Narkoba minangka mengsahipun Indonesia
60	Omah subsidi kesandhung ijin pemda (UP) <i>Sing menehi ijin uga njaluk subsidi</i> (PR) PS/13/1 April 2017	Korupsi wonten ing griya subsidi
61	Dhuwit asile kejahatan narkoba kudu dirampas (UP) <i>Aja kaya biyasane, didum...</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016	Medhot pangrembakaning narkoba
62	Ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati (UP) <i>Sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak</i> (PR) PS/35/27 Agustus 2016	Rekaman wosipun tiyang ingkang gegayutan kaliyan narkoba
63	Kurban Dimas Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas (UP) <i>Pranyata dudu tukang nikelake dhuwit, nanging nikelake kertas!</i> (PR) PS/42/15 Oktober 2016	Dimas Kanjeng tumindak ngapusi
64	Sabu saka Malaysia saya ndadra (UP) <i>Sebut wae sabu melayu</i> (PR) PS/46/12 November 2016	Indonesia darurat narkoba
65	Dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR (UP) <i>Ilen-ilan kotor pungkasane tekan juglangan</i> (PR) PS/16/22 April 2017	Inkang nindakaken korupsi bakal dipunkunjara
66	11 domain Telegram kang diblokir kanggo keamanan negara lan masyarakat (UP) <i>Bali wae surat-suratan</i> (PR) PS/30/29 Juli 2017	Inkang <i>modern</i> amrih aman
67	KPK: meh 4000 ijin tambang ngemu masalah (UP) <i>Mangka, kanggo ngrampungake masalah mau ora perlu ijin</i> (PR) PS/50/10 Desember 2016	Taksih kathah korupsi ing idin tambang.

No.	Wacana Ukum ing PS	Inferensi
68	Setya Novanto disebut-sebut oleh 7% saka ajine proyek E-KTP (UP) <i>Lumayan, 7% ping Rp 5.9 triliyun!</i> (PR) PS/18/6 Mei 2017	Pikantuk kathah
69	Illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar (UP) <i>Maling untung, negara buntung</i> (PR) PS/43/22 Oktober 2016	Ingkang nindakaken <i>illegal fishing</i> kedah dipuncepeng
70	OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan (UP) <i>Mbokmenawa si oknum jeksa butuh dhuwit receh nggo kerokan</i> (PR) PS/27/8 Juli 2017	Senadyan sekedhik tetep ateges korupsi
71	Ombudsman nemokake lapas kebak pungli (UP) <i>Ben ora diarani pungli, nganggo kwitansi...</i> (PR) PS/35/2 September 2017	Kangge nyamaraken bukti
72	Dokumen TPF Munir enggal dibukak (UP) <i>Muga-muga wae isine ora kaya biasane, nggelakake!</i> (PR) PS/45/29 Oktober 2016	Supados mangertos kadadosanipun
73	BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun! (UP) <i>Bocorr...bocorr...!!!!</i> (PR) PS/17/29 April 2017	Konangan korupsi

Adhedhasar tabel asil panaliten ing nginggil, dipunpanggiaken maneka warni *tipe* pawartos, langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan”, saha *inferensi* wacana ukum. *Tipe* pawartos ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum adhedhasar *teori* saking Soeharno, Riyadi, Sabaryanto, saha Suwadji inggih menika wacana paraga, kadadosan, wekdal, papan, sebab, saha cara. Ananging ing kasunyatan, panaliti ugi manggiaken *tipe* pawartos sanes inggih menika barang saha bukti. Barang

menika ateges ingkang dipunandharaken wonten ing wacana inggih menika barangipun, wondene bukti menika awujud bukti ingkang dipunpanggihaken saking prakawis tartamtu. *Tipe-tipe* pawartos menika dipunpanggihaken saking pokok pawartosipun. *Tipe* pawartos kaserat wonten tabel ing ngandhap menika.

Tabel 6 Jinising *Tipe* Pawartos

Jinising <i>Tipe</i> Pawartos	Cacah
Wacana Paraga	21
Wacana Kadadosan	21
Wacana Wekdal	2
Wacana Papan	2
Wacana Sebab	3
Wacana Cara	9
Wacana Barang	7
Wacana Bukti	8

Saking tabel wonten nginggil, tipe wacana pawartos ingkang kathah piyambak inggih menika wacana paraga saha kadadosan. Kekalihipun kathah piyambak amargi paraga saha kadadosan menika ingkang langkung narik kawigatosan pamaos. Satemah langkung kathah anggenipun dados pokoking pawartos.

Wondene langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum miturut *teori* saking Hadikusuma saha Natadimaja inggih menika langgam basa ukum ketatanegaraan, ketatanegaraan adat, perdata, pidana, saha acara. Langgam basa ukum menika kapendhet saking tetembungan ingkang nedahaken prakawis ukum wonten ing wacana ukum.

Tabel 7 Jinising Langgam Basa Ukum ingkang dipunginakaken

Jinising Basa Ukum ingkang dipunginakaken	Cacah
Basa Ukum Ketatanegaraan	13
Basa Ukum Ketatanegaraan Adat	1
Basa Ukum Perdata	4

Basa Ukum Pidana	47
Basa Ukum Acara	8

Saking tabel wonten nginggil, langgam basa ukum ingkang kathah dipunginakaken inggih menika langgam basa ukum pidana. Cacahipun wonten 47, amargi sadangunipun setaun, wacana ukum wonten ing rubrik pawartos “Pethilan” menika kathah ingkang ngrembag babagan prakawis ingkang gegayutan kaliyan pidana mliginipun korupsi, terorisme, saha narkoba.

Wondene *inferensi* ingkang dipunpanggihaken menika dumados saking pamanggih sanes minangka maksud saking ukara pawartos saha pamanggih redaktur. *Inferensi* menika dipungayutaken kaliyan pawartos online satemah ndadosaken maksud ingkang trep.

B. Pirembagan Wacana Ukum wonten ing Rubrik “Pethilan” Kalawarti PS

Wonten ing pirembagan menika kababaraken jinis *tipe* pawartos, langgam basa ingkang dipunginakaken ing wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan”, saha *inferensi* utawi maksud wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan”. Tiganipun menika dipunbabaraken ing saben subipun. Wondene *inferensi* utawi maksud wacana ukum ing rubrik “Pethilan” menika dipungayutaken kaliyan konteks wacana. Konteks wacana menika dipunpanggihaken saking pawartos ingkang jumbuh kaliyan ukara pawartos wonten ing rubrik “Pethilan”. Pawartos menika dipunpendhet saking pawartos *online* ingkang dipunjumbuhaken kaliyan tanggal wonten ing *edisi*.

1. Tipe Wacana Pawartos ing Rubrik “Pethilan”

Ing ngandhap menika kababaraken *tipe* wacana pawartos wonten ing wacana ukum rubrik “Pethilan”. Tipe wacana pawartos menika kababaraken wiwit saking wacana paraga, kadadosan, wekdal, papan, sebab, cara, barang, saha bukti.

a. **Pemerintah njajagi nggawe satgas berita *hoax*** (UP)

Apus-apus pranyata wis dadi ancaman (PR)

(PS/2/14 Januari 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *satgas berita hoax*. *Satgas berita hoax* dados punjeripun pawartos amargi minangka pihak ingkang kagungan wewenang kangge milih saha milah pawartos pundi kemawon ingkang kalebet *hoax* utawi ingkang boten. Wontenipun *satgas berita hoax* ugi kangge njagi katentremanipun negari, amargi pawartos *hoax* saged ngrisak saha ngganggu katentremanipun negari. Kanthi mekaten ingkang dados punjering pawartos inggih menika paraganipun.

b. **Presiden nggawe lembaga pembinaan Pancasila** (UP)

Kelingan jaman penataran P4 (PR)

(PS/24/17 Juni 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *lembaga pembinaan Pancasila*. *Lembaga pembinaan Pancasila* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawa ukara mapan ing lembaga menika ancasipun kangge mbina

saha paring pelatihan ngengingi Pancasila. Awit ing jaman samenika kathah ingkang sampun nilaraken nilai-nilai Pancasila. Dados, *lembaga pembinaan Pancasila* saged narik kawigatosan pamaos.

c. **Sangang persen warga pengin ngowahi Pancasila (UP)**

Bisa wae, iku warga negara asing (PR)

(PS/24/17 Juni 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *sangang persen warga*. *Sangang persen warga* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawanipun mapan ing cacahing warga ingkang badhe ngewahi Pancasila. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat sangang persen menika saged dados pangemut-emut dening pamaos bilih wonten warga Indonesia ingkang sarujuk anggenipun badhe ngewahi Pancasila. Kanthi mekaten, pamanggih menika ugi saged dipunginakaken dening pamaos supados ngatos-atos anggenipun ndherek satunggaling organisasi. Kanthi mekaten ingkang dados punjering pawartos inggih menika paraganipun.

d. **MK perlu ‘didandani’ ing kana kene (UP)**

Aja nganti dadi majelis korupsi (PR)

(PS/6/11 Februari 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraganipun. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika **MK perlu ‘didandani’ ing kana kene**. Tembung **MK** kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap

pawartos kasebat. Pangaribawanipun mapan ing MK minangka lembaga ukum ingkang inggil piyambak kepara ingkang nindakaken korupsi, pramila kedah dipundandosi ing sedaya aspek strukturalipun. Saged pinanggih sedaya aspek strukturalipun menika saking tembung *kana kene*. Ingkang ateges sedayanipun. Kanthi mekaten, ingkang dados punjering pawartos inggih menika paraganipun.

e. **Pulisi ngira RS lan klinik ana cawe-cawe babagan vaksin palsu (UP)**

Temen-temen rombongan kepalsuan! (PR)

(PS/30/23 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud nun inggih *RS lan klinik*. *RS lan klinik* minangka pokok pawartos amargi kalebet ing perangan ingkang gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Redaktur nyerat kekalihipun dados pokok pawartos amargi minangka pihak ingkang tanggeljawab tumrap wontenipun *vaksin* palsu. Tamtu kemawon kagungan daya kawigaten ingkang inggil tumrap pawartos kasebat.

f. **Ora digatekake RS, wong tuwa kurban vaksin palsu lapor DPR (UP)**

Muga-muga ora nemoni kepalsuan sabanjure (PR)

(PS/31/30 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika *tiyang sepuh kurban vaksin palsu*. *Tiyang sepuh kurban vaksin palsu* dados punjeripun pawartos amargi minangka kurban saking *vaksin* palsu utawi pihak ingkang tuna. Kasus menika minangka prakawis ingkang wigatos amargi gegayutan kaliyan kasarasanipun lare. Kanthi mekaten, *tiyang sepuh kurban vaksin palsu* minangka paraga ingkang dados pokok pawartos.

g. **TNI lagi nyelidiki cawe-cawene jenderal bintang loro ing bisnis narkoba Freddy Budiman (UP)**

Sirahe sang jendral iki saiki mesthi kebak bintang (PR)

(PS/36/3 September 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud menika *jenderal bintang loro*. *Jenderal bintang loro* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. *TNI* minangka pihak ingkang wigati wonten ing negari Indonesia amargi *TNI* tansah njagi katentremanipun negari. Wondene prakawis narkoba ugi kalebet ing prakawis katentremanipun negari. Ananging ing konteks menika wonten oknum *TNI* ingkang gegayutan kaliyan kasus narkoba. Wondene ingkang mlebet ing prakawis narkoba inggih menika jenderal bintang kalih, ingkang ateges *TNI* ingkang kagungan pangkat inggil. Panjenenganipun kedah saged ndherek mbrastha narkoba ananging kepara mlebet ing prakawis narkoba. Kanthi mekaten, ingkang dados punjeripun pawartos inggih menika paraganipun.

h. **55% wong kang njaluk keadilan dijaluki dhuwit ing pengadilan (UP)**

45% turahe ora ngaku yen dijaluki dhuwit (PR)

(PS/37/10 September 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartos wonten ing ukara inggih menika paraganipun. Paraga ingkang dipunmaksud menika *55% wong kang njaluk keadilan*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa menika mapan ing *55%* tiyang minangka pihak ingkang badhe nyuwun keadilan amargi dipunsuwuni arta ing pengadilan. Kanthi nyerat

prosentase menika, masarakat saged mangertos pinten cacahipun masarakat ingkang pikantuk tumindak boten adil ing pengadilan amargi *pungli* utawi pungutan liar. Awit prakawis *pungli* menika tamtu narik kawigatosan pamaos, kanthi mekaten ingkang dados punjeripun pawartos inggih menika paraganipun.

- i. **Dirangket bebarengan Gatot Brajamusti, artis Reza Artamevia positif narkoba** (UP)
Sing jelas, kekarone positif keblinger (PR)
(PS/37/10 September 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *Reza Artamevia*. Panjenenganipun dados punjeripun pawartos amargi Reza minangka artis utawi *public figure* ingkang kawentar, dados sedaya ingkang dipuntindakaken dados kawigatosanipun masarakat. Pawartos bilih Reza Artamevia kecepeng kaliyan Gatot Brajamusti minangka pawartos ingkang wigati sanget, amargi prakawis menika ngrembag narkoba ing kalangan artis. Wondene artis minangka tiyang ingkang dados tuladha, pramila pawartos babagan artis ingkang kenging narkoba menika wigatos sanget. Kanthi mekaten, kecepengipun Reza amargi prakawis narkoba dados punjeripun pawartos.

- j. **Siswa SMA dadi kurir 20 kg ganja** (UP)
Salah njupuk extra kurikuler sajake (PR)
(PS/43/22 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *siswa SMA*. Tetembungan *siswa SMA* nedahaken pihak ingkang wigatos sanget tumrap gayutanipun kaliyan narkoba. Siswa SMA kalebet ing

pihak ingkang ndrawasi amargi anggenipun kekancan wiyar, wiwit pados jati dhiri, saha gadhah raos pengin mangertos ingkang inggil. Kanthi mekaten, tetembungan siswa SMA kaangkah saged narik kawigatosan pamaos, satemah dipundadosaken punjeripun pawartos.

k. **Polri netepake 10 tersangka kang dinuga makar** (UP)

Makarya ?? (PR)

(PS/51/17 Desember 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *10 tersangka*. 10 tersangka dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat amargi dinuga nindakaken makar. Redaktur gadhah ancas kanthi nyerat frasa menika, saged narik kawigatosan pamaos awit ingkang dipunsebataken menika cacahipun tersangka. Kanthi mekaten, punjeripun pawartos inggih menika paraganipun.

l. **Jeksa Ahmad Fauzi dadi tumbal kanggo ngamanake atasan** (UP)

Sinambi ngajab sing diamanake sedhela maneh katut ora aman (PR)

(PS/52/24 Desember 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *Jeksa Ahmad Fauzi*. *Jeksa Ahmad Fauzi* dados punjeripun pawartos amargi panjenenganipun minangka jeksa ingkang kecepeng dening aparat. Ing wekdal menika, jeksa nembe dipunawasi amargi kathah ingkang nindakaken korupsi. Kanthi nyebataken asmanipun jeksa Ahmad Fauzi, masarakat

saged langsung mangertos bilih panjenenganipun kecepeng kangge ngamanaken atasanipun babagan korupsi.

- m. **Rakyat gela, hakim MK ketangkep tangan KPK (UP)**
Wis kentekan ukara ... (PR)

(PS/6/11 Februari 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *rakyat*. Tembung kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing rakyat minangka pihak ingkang tuna, lingsem, saha kuciwa awit sedaya tumindak ingkang dipuntindakaken dening hakim MK ingkang korupsi. Tetembungan rakyat langkung narik kawigatosan pamaos amargi kalawarti menika langkung nengenaken ing kapentingan rakyat saha ing konteks wacana menika rakyat dados pihak ingkang tuna. Pramila, redaktur ngginakaken rakyat minangka punjeripun pawartos.

- n. **76% sing korupsi diancam entheng (UP)**
Sugih 7 turunan, bebas pisan (PR)

(PS/11/18 Maret 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *76% sing korupsi*. *76% sing korupsi* nedahaken jumlah saking tiyang ingkang nindakaken korupsi. Kanthi nedahaken cacahipun, tamtu saged narik kawigatosan masarakat amargi tiyang ingkang korupsi menika wonten

kathah. Pramila kaserat cacahipun pihak ingkang nindakaken korupsi, kaangkah saged narik kawigatosan pamaos.

- o. **Jeneng adhik ipene Jokowi terus muncul ing sidhang suap urusan pajeg (UP)**
Video blog dinane iki ditunggu, Pak Presiden..... (PR)
(PS/12/25 Maret 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud *jeneng adhik ipene Jokowi. Jeneng adhik ipene Jokowi* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing asma adhi ipenipun Jokowi ingkang keseret prakawis suap pajeg. Frasa menika saged narik kawigatosan pamaos, amargi ingkang dipunsebat adhi ipenipun tiyang nomer setunggal ing Indonesia. Pak Jokowi kagungan pangaribawa ingkang ageng amargi dados presiden, kanthi mekaten ingkang dados punjering pawartos inggih menika paraganipun.

- p. **Ahok divonis kunjara 2 taun (UP)**
Thok... thok... thok.... palu hakim nothok! (PR)
(PS/20/20 Mei 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud menika *Ahok. Ahok* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawa ukara mapan ing Ahok minangka terdakwa penistaan agami Islam utawi tiyang ingkang nglecehaken Surat Al Maidah ayat 51. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat *Ahok* saged narik kawigatosan pamaos amargi tumuju dhateng tiyang ingkang

nindakaken panistaan agama. Kanthi mekaten punjering pawartos inggih menika paraganipun.

- q. **Produsen uyah ilegal digrebek (UP)**
Apa ta sing ora dipalsu?! (PR)

(PS/22/3 Juni 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *produsen uyah ilegal*. *Produsen uyah ilegal* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawa ukara mapan ing produsen sareng ilegal minangka pihak ingkang mroduksi sareng kanthi boten resmi. Tembung *ilegal* menika ingkang dados daya tarik pawartos amargi nedahaken tumindak ingkang boten resmi. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat *produsen uyah ilegal* saged narik kawigatosan pamaos. Kanthi mekaten ingkang dados punjering pawartos inggih menika paraganipun.

- r. **Dirut PT Garam dirangket gegandhengan impor uyah (UP)**
Asin! (PR)

(PS/26/1 Juli 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *Dirut PT Garam dirangket*. *Dirut PT Garam dirangket* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawanipun amargi gegayutan kaliyan *impor* sareng. Ancasipun redaktur nyerat tetembungan menika nedahaken pihak ingkang tanggeljawab tumrap

prakawis *impor* sarem. Kanthi mekaten ingkang dados punjeripun pawartos inggih menika paraganipun.

- s. **Setya Novanto dadi ‘tersangka’** (UP)
 Sapinter-pintere ‘papa’ mlumpat.... (PR)

(PS/30/29 Juli 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraga. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *Setya Novanto*. *Setya Novanto* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawa ukara mapan ing *Setya Novanto* (minangka mantan Ketua DPR-RI) ingkang nindakaken korupsi E-KTP dados tersangka. Kanthi mekaten ingkang dados punjering pawartos inggih menika paraganipun.

- t. **Antasari siap mbantu ndhungkap kasus korupsi gedhe** (UP)
 Wis nlolor menyang ngendi-endi (PR)

(PS/6/11 Februari 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartosipun inggih menika paraganipun. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *Antasari*. Tembung kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing *Antasari* minangka mantan Ketua KPK ingkang siyaga menawi dipunsuwuni tulung kangge ndhungkap prakawis korupsi. Pramila nalika panjenenganipun sampun medal saking kunjara, panjenenganipun siyaga mbiyantu KPK anggenipun ndhungkap kasus korupsi ageng.

- u. **Jeksa Agung nggawe tim pencari fakta temone TPFGB bab anane dhuwit narkoba (UP)**

Perlune tim penghilang fakta (PR)

(PS/40/1 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana paraga, amargi pokok pawartos wonten ing ukara inggih menika paraganipun. Paraga ingkang dipunmaksud inggih menika *tim pencari fakta*. *Tim pencari fakta* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Tetembungan *tim pencari fakta* menika nedahaken pihak ingkang madosi fakta-fakta wontenipun arta asil nyade narkoba, amargi arta menika saged kaslewengaken ing prakawis menapa kemawon. Pramila *tim pencari fakta* dados punjering pawartos.

- v. **Presiden gregeten kejahatan narkoba saya ndadra (UP)**

Dilawan to pak! (PR)

(/PS/30/23 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *kejahatan narkoba saya ndadra*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Ukara menika nedahaken bilih prakawis narkoba tansaya ngrembaka saha tansaya kathah ing Indonesia. Kanthi mekaten, kadadosan menika ingkang dipundadosaken punjering pawartos saha saged narik kawigatosan pawartos.

w. **Pulisi tawa ampunan marang gerombolan Santoso (UP)**

Ditawani gaweyan wae pak, dadi pulisi (PR)

(PS/32/6 Agustus 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud menika *tawa ampunan marang gerombolan Santoso*. Ukara menika minangka punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pengampunan minangka salah satunggaling kupiya kangge nangkep gerombolanipun Santoso. Pengampunan menika kangge njebak gerombolanipun Santoso. Kanthi mekaten, kadadosan menika ingkang dipundadosaken punjering pawartos.

x. **Money politics ngancam Pilkada 2017 (UP)**

Wiwit biyen tetep “wani pira?” (PR)

(PS/7/18 Februari 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *money politics ngancam Pilkada 2017*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing *money politics* ingkang ngancem proses Pilkada 2017. Praktek menika kalebet ing praktek ingkang boten dipunparengaken dening KPU menapa dene negari amargi saged ngrisak citranipun Pilkada. Kanthi mekaten, kadadosan menika ingkang dados punjering pawartos supados narik kawigatosan pamaos.

- y. **Kemenkominfo nggandheng FB merangi hoax** (UP)
Sing nggawe hoax uga perlu digandheng, terus dibanting (PR)
(PS/8/25 Februari 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *Kemenkominfo nggandheng FB merangi hoax*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa menika mapan ing kemenkominfo sareng kaliyan FB badhe sesarengan nglawan *hoax* utawi pawartos ingkang boten leres. Amargi pawartos ingkang boten leres menika saged ngrisak katentremanipun negari, pramila kedah dipunbrastha lumantar gerakan merangi *hoax*.

- z. **Pemerintah bisa mblokir akses media sosial** (UP)
Ora klebu tumrape buzzer-buzzer pendukung (PR)
(Data No. 26,b,1)/ PS/24/17 Juni 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud “*pemerintah bisa mblokir akses media sosial*”. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara mapan ing pamarentah ingkang saged mblokir akses *media sosial* menawi ngemu prakawis ingkang saged nunakaken negari utawi kasebat *cyber crime*. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat ukara kasebat saged narik kawigatosan pamaos lan gadhah ancas supados masarakat ingkang maos saged langkung waspada anggenipun ngginakaken *media*

sosial. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika kadadosanipun.

- aa. **Nganakake pilkada bersih, KPK ngajak warga melu ngawasi** (UP)
Yen tetep ana sing dumdim, ya kapeksa dinikmati (PR)
(PS/38/17 September 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika “*nganakake pilkada bersih*”. Ukara menika minangka punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ageng mapan ing anggenipun ngawontenaken pilkada ingkang resik minangka prakawis ingkang wigatos amargi dados ancasipun negari ingkang utami supados boten wonten praktek-praktek ingkang nerak ukum kadosta *money politic*. Ukara menika ugi nedahaken bilih pamarentah ngajak masarakat supados sesarengan anggenipun ngawontenaken pilkada ingkang resik. Kanthi mekaten, prakawis ngawontenaken pilkada ingkang resik dipundadosaken punjeripun pawartos.

- bb. **Mediasi Kraton Surakarta gagal** (UP)
Ora usah dirujukake, rak kesel dhewe (PR)
(PS/17/29 April 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *mediasi Kraton Surakarta gagal*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara mapan ing *mediasi* ingkang dipuntindakaken dening

Kraton Surakarta boten kasil. Prakawis mediasi dados punjering pawartos amargi Kraton Surakarta minangka papan ingkang kawentar saha ingkang nginggilaken asas kekeluargaan. Pramila tembung *mediasi* jumbuh kaliyan prakawis kasebat. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih nalika nyerat bab menika saged narik kawigatosan pamaos. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika kadadosanipun.

- cc. ***Bisnisman nasional kompak melu pengampunan pajeg*** (UP)
Muga-muga merga insap, dudu merga wedi (PR)
(Data No. 29,b,3)/ PS/41/8 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih *bisnisman nasional kompak melu pengampunan pajeg*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Ukara menika nedahaken bilih bisnisman ing Indonesia ndherek pengampunan pajeg ingkang dipunwontenaken dening pamarentah, amargi awit kathahipun pajeg ingkang kedah dipunbayaraken. Kadadosan menika ugi gadhah ancas bilih ngajak pihak sanes supados ndherek pengampunan pajeg.

- dd. ***Bab sandera ing Filipina, Indonesia rumangsa digawe dolanan*** (UP)
Pisan-pisan perlu dikerasi (PR)
(PS/30/23 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *Bab sandera, Indonesia rumangsa digawe dolanan*. Ukara kasebat dipunserat supados pamaos mangertos bilih Indonesia

rumaos dipundadosaken dolanan dening Filipina amargi sampun nyandra warga Indonesia ing Filipina. Wondene prakawis menika ingkang nedahaken bilih Filipina sampun ngrongrong ketahanan negari Indonesia. Prakawis menika ingkang saged kangge narik kawigatosan pamaos, pramila kaserat dados pokok pawartos.

ee. **Kasus vaksin palsu bakal nyeret sakehing dokter** (UP)

“Jika sakit berlanjut...” hubungi sing liyane wae. (PR)

(PS/31/30 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud menika *kasus vaksin palsu bakal nyeret sakehing dokter*. Ukara menika minangka punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Kasus kasebat minangka prakawis ingkang wigatos saha kawentar, amargi gegayutan kaliyan kasarasanipun lare. Tamtu kemawon tiyang sepuh ajrih menawi larenipun dipunparingi *vaksin* palsu. Wondene ingkang mangertos *vaksin* menika palsu menapa boten ugi namung dokter ingkang pirsu. Kanthi mekaten, kadadosan menika daods punjering kawigaten masarakat.

ff. **Vonis hakim marang koruptor saya entheng** (UP)

Masuk angin! (PR)

(PS/32/6 Agustus 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud menika *vonis koruptor saya entheng*. Ukara kasebat minangka punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap

pawartos. Ukuman ingkang dipunparingaken dhateng koruptor tansah dipuntengga-tengga dening masarakat amargi tumindak korupsi minangka tumindak ingkang nerak ukum saha ndadosaken kuciwanipun masarakat tumrap wakil rakyat. Ananging ing kasunyatan ukuman ingkang dipunparingaken dhateng koruptor menika entheng sanget utawi boten jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuntindakaken. Pramila kanthi nyerat kadaosan menika, redaktur gadhah ancas supados masarakat ugi mangertos bilih ukuman kangge koruptor menika tansaya entheng. Pramila, kadadosan minangka punjering pawartos.

gg. **Kasus kaji Filipina ana cawe-cawene jaringan internasional** (UP)
Ah, jaring utamane tetep sing lokal uga (PR)
(PS/37/10 September 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *kasus kaji Filipina ana cawe-cawene jaringan internasional*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pawartos bab haji lumantar Filipina menika kalebet prakawis ingkang apus-apus. Amargi kathah masarakat Indonesia ingkang ndherek program menika lajeng boten siyos bidhal. Wondene ing wulan September menika ugi wancinipun wulan besar, ingkang ateges wulanipun kaji bidhal nindakaken ibadah haji. Kanthi mekaten, pokok pawartosipun ingkang dipunginakaken inggih menika kadadosan prakawis haji.

hh. **Jokowi prentah Kapolri nangkep kang nindakake *pungli* pelabuhan**
(UP)

Dihadiahi jangkar wae pak, direndhem ing segara! (PR)

(PS/39/24 September 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *nangkep kang nindakake pungli pelabuhan*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa menika mapan ing kathahipun praktek *pungli* wonten pelabuhan ingkang ndadosaken Pak Jokowi paring prentah supados Kapolri nangkep pihak-pihak ingkang nindakaken *pungli*. Amargi *pungli* menika tumindak ingkang boten sae saha nerak ukum. Kanthi nyerat kadadosanipun, kaangkah saged ngajak masarakat supados ndherek ngawasi menawi wonten praktek *pungli*.

ii. **KPK nangkep Irman Gusman** (UP)

Ora cocog karo omonge, “Ukum Mati Koruptor” (PR)

(Data No. 35,b,4)/ PS/40/1 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *KPK nangkep Irman Gusman*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng. Pawartos KPK ingkang nangkep Irman Gusman minangka pawartos ingkang wigati sanget, amargi gegayutan kaliyan korupsi. Kadadosan menika tansah dipuntengga-tengga dening masarakat amargi kangge bukti badhe ngicalaken praktek korupsi. Wondene Irman Gusman minangka tokoh politik Indonesia ingkang njabat wakil

ketua DPR RI. Pramila kadadosan menika ingkang dipundadosaken punjering pawartos.

jj. **Kasus oplosan beras mawa subsidi, Bulog katone cuci tangan** (UP)
Maklum, ben ora kelangan jabatan (PR)

(PS/43/22 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *oplosan beras, Bulog katone cuci tangan*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng. Ukara menika nedahaken bilih Bulog boten pengin cawe-cawe kaliyan prakawis uwos oplosan. Kadadosan uwos oplosan menika wigati sanget amargi kalebet ing prakawis ketahanan pangan Indonesia. Wondene saben masarakat menika tansah kepengin pikantuk uwos ingkang sae piyambak, ananging kanthi wontenipun uwos oplosan menika, ndadosaken kiragipun kapitadosan masarakat tumrap pamarentah. Kanthi mekaten, prakawis menika dados punjeripun pawartos.

kk. **Sekjen KOI dinuga korupsi** (UP)
Gagal “mens sana in corpore sano” (PR)

(PS/51/17 Desember 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *Sekjen KOI dinuga korupsi*. Ukara menika dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawanipun mapan ing sekjen KOI minangka jabatan ingkang wigatos wonten ing Komite Olahraga Indonesia ingkang dinuga nindakaken

korupsi. Korupsi kalebet ing prakawis ingkang nerak ukum saha boten dipunremeni kaliyan masarakat. Kanthi ngandharaken kadadosan menika, kaangkah masarakat saged mangertos menapa ingkang dumados wonten ing KOI saha saged kangge sarana ngajak masarakat supados ndherek ngawasi menawi wonten ingkang nindakaken korupsi.

- ll. **Lali dhata, Kejati Jatim ora serius mburu buron kasus korupsi** (UP)
Iki contone nandhang amnesia tingkat dewa (PR)
(PS/3/21 Januari 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *ora serius mburu buron kasus korupsi*. Ukara menika dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawanipun mapan ing kadadosan Kejati Jatim ingkang boten saestu anggenipun madosi buron prakawis korupsi. Prakawis menika dumados saking Kejati Jatim ingkang pasrah dhateng pulisi anggenipun badhe ngrampungaken prakawis korupsi, kepara kesupen sinten ingkang nindakaken. Saking prakawis menika, nedahaken bilih Kejati Jatim nindakaken tumindak ingkang boten profesional. Pramila, redaktur ngginakaken kadadosan menika minangka punjeripun pawartos.

- mm. **Kapal Filipina ditangkep ing Laut Sulawesi merga *illegal fishing*** (UP)
Mesthi dudu mburu iwak Filipina kang mlayu menyang Indonesia kuwi (PR)
(PS/13/1 April 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan

ingkang dipunmaksud inggih menika *kapal Filipina ditangkep ing Laut Sulawesi merga illegal fishing*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing kapal Filipina minangka kapal saking negari sanes ingkang mendhet ulam kanthi boten resmi wonten ing Indonesia, wondene miturut ukara kasebat kapal menika kecepeng dening petugas Indonesia ing Laut Sulawesi. Prakawis menika minangka kadadosan ingkang nerak kedaulatan laut. Pramila, kanthi nyerat kadadosan menika, kaangkah saged ngajak pamaos supados sesarengan njagi katentreman kedaulatan laut.

nn. **KPK OTT ing DPRD Jatim (UP)**

Meh riyaya, padha nampa THR (Tahanan Hari Raya) (PR)

(PS/25/24 Juni 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosan. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *KPK OTT ing DPRD Jatim*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing KPK minangka pihak ingkang kagungan wewenang kangge nangkep tiyang ingkang nindakaken korupsi, kalebet OTT ing DPRD Jatim. Redaktur anggenipun nyerat ukara kasebat kagungan ancas kangge paring pawartos bilih ing DPRD Jatim wonten ingkang nindakaken korupsi. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika kadadosanipun.

oo. **Remisi kanggo koruptor tetep dianakake (UP)**

Jarene arep mbrastha korupsi?? (PR)

(PS/35/27 Agustus 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosanipun. Kadadosan ingkang dipunmaksud *remisi kanggo koruptor*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Remisi kangge koruptor minangka prakawis ingkang narik kawigatosan pamaos, amargi prakawis remisi koruptor wigatos tumrap koruptor saha masarakat. Kadadosan remisi menika dipuntindakaken kangge ngirangi masa ukuman narapidana. Kadadosan menika dipundadosaken punjering pawartos supados masarakat mangertos babagan remisi tumrap koruptor.

pp. **Pemerintah ngancam nggunakake UU Pemilu lawas (UP)**

Mbokmenawa becike pancen ngono... (PR)

(PS/29/22 Juli 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana kadadosan, amargi pokok pawartosipun inggih menika kadadosanipun. Kadadosan ingkang dipunmaksud inggih menika *ngancam nggunakake UU Pemilu lawas*. Ukara menika dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing ancaman badhe ngginakaken UU pemilu ingkang dangu, amargi UU ingkang enggal dereng sumadya. Anceman menika nedahaken bilih pamarentah dereng siyaga anggenipun nyepakaken ubarampe kangge pemilu. Satemah UU dereng

siyaga. Kanthi mekaten ingkang dados punjering pawartos inggih menika kadadosanipun.

qq. **Nganti Mei, wis ana 31 bandar narkoba kang mati** (UP)
Bisnis narkoba pancen maut (PR)

(PS/20/20 Mei 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana wekdal, amargi pokok pawartosipun wekdal. Wekdal ingkang dipunmaksud inggih menika *nganti Mei*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing “ngantos wulan Mei” minangka jarak wekdal ingkang dipunginakaken dening pulisi kangge mbrastha bandar narkoba. Kamangka pamanggih menika sejatosipun pamanggih ingkang dipunngendikakaken dening Bapak Kapolri Tito Karnavian lumantar kalawarti JawaPos.com (2017). Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat *nganti Mei* menika saged narik kawigatosan pamaos amargi tumuju dhateng rentang wekdal ingkang dipunginakaken kangge mbastha narkoba. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika wekdalipun.

rr. **Target nangkep Santoso diundur nganti Agustus** (UP)
Kesenengen ngetung nganti lali nangkep (PR)

(PS/29/16 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana wekdal amargi pokok pawartosipun inggih menika *Target nangkep Santoso diundur nganti Agustus*. Ukara menika kalebet ing wacana wekdal amargi langkung nengenaken wekdal ingkang dipunbetahaken kangge nangkep gerombolan

Santoso. Kanthi mekaten, ingkang dados punjering pawartos inggih menika wekdalipun.

ss. **Ombudsman RI: *Pungli E-KTP ana ing 13 propinsi*** (UP)
Lumayan, isih durung warata (PR)

(PS/47/19 November 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana papan, amargi pokok pawartosipun ingkang dipunsebat wonten ing ukara inggih menika papan. Papan ingkang dipunmaksud inggih menika *13 propinsi*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing cacahipun papan utawi dhaerah-dhaerah ingkang taksih nindakaken praktek *pungli*. Wondene 13 propinsi menika nedahaken jumlah ingkang kathah. Kanthi mekaten, pokok pawartosipun inggih menika papanipun.

tt. **Yogyakarta diteror aksi klithih** (UP)
Salah srawung jaman saiki ... (PR)

(PS/14/8 April 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana papan, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika papan. Papan ingkang dipunmaksud inggih menika *Yogyakarta*. Tembung Yogyakarta ing konteks ukara menika minangka pihak ingkang kenging perlakuan. Tembung kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing Yogyakarta minangka salah satunggaling dhaerah ingkang kawentar kaliyan tiyang-tiyang ingkang ramah, sae, saha dhaerah ingkang ngugemi budaya, ananging adhedhasar ukara kasebat kitha Yogyakarta

dipunrisak kaliyan tumindak klithih. Kanthi nyebat kitha Yogyakarta, kaajab saged narik kawigatosan pamaos kangge mengertosi klithih ingkang dumados wonten Yogyakarta saha kangge paring pangertosan bilih kedah nambah kawaspadanipun dhateng Yogyakarta. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika papanipun.

uu. **Gembonge rajapati Salim Kancil lolos saka ukuman pati (UP)**

Iklasna wae, toh isih ana ukuman Gusti Allah (PR)

(PS/29/16 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana sebab amargi pokok pawartosipun inggih menika *lolos saka ukuman mati*. Ukara menika kalebet ing wacana sebab amargi ngandharaken sebab saking ukuman ingkang dipuntampi samenika. Redaktur nyerat sebabipun kanthi ancas supados masarakat mangertos bilih gembong rajapati Salim Kancil pikantuk ukuman ingkang entheng. Kanthi mekaten, ingkang kasebat pokok pawartos inggih menika sebabipun.

vv. **Pejabat MA mainake perkara akeh (UP)**

Mesthi nalika cilikane kurang dolanan (PR)

(PS/29/16 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana sebab amargi pokok pawartos wonten ing ukara inggih menika sebabipun. Sebab ingkang dipunmaksud inggih menika *mainake perkara akeh*. Ukara menika nedahaken sebabipun pejabat MA kecepeng inggih amargi mainaken kathah perkawis. Pejabat MA boten ngrampungaken prakawis kanthi boten samesthinipun, kepara wonten perangan-perangan ingkang dipunmanipulasi.

Mainake perkara akeh dados pokok pawartos amargi gadhah ancas supados pamaos mangertos menapa sebabipun pejabat MA kecepeng saha kangge narik kawigatosan pamaos.

ww. **Aturan diubah, remisi koruptor saya gampang** (UP)
Rakyat mung bisa susah, lan nyumpah-nyumpah (PR)
(PS/34/20 Agustus 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika tipe wacana sebab, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika sebab. Sebab ingkang dipunmaksud menika aturan diubah. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi nedahaken sebabipun saking wontening remisi korupsi. Pangaribawa menika mapan ing paugeran ingkang dipunewahi, satemah ndadosaken remisi koruptor tansaya gampang. Paugeran menika ugi ndadosaken kuciwanipun rakyat amargi boten pikantuk keadilan. Kanthi mekaten, sebab minangka punjering pawartos.

xx. **Menteri Susi Pudjiastuti: kedaulatan laut kudu dijejegake** (UP)
Macem-macem, keremake wae! (PR)
(PS/51/17 Desember 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika tipe wacana cara, amargi pokok pawartosipun inggih menika cara. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika kedaulatan laut kudu dijejegake, Macem-macem, keremake wae. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing cara anggenipun njejegaken kedaulatan laut inggih kanthi ngeremaken kapal. Cara menika dipuntindakaken supados nelayan asing menika boten semena-mena anggenipun badhe mendhet

asil lautipun Indonesia, satemah saged tansah ngurmati paugeran ingkang lumampah ing Indonesia.

yy. **KPK ngusut pengasilan pejabat kang ngrangkep** (UP)
Oleh rangkep jabatan, nanging ora oleh rangkep bayaran (PR)
(PS/20/20 Mei 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika caranipun. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika *KPK ngusut pengasilan pejabat kang ngrangkep*. Ukara kasebat minangka cara ingkang dipunginakaken dening KPK kangge ngicalaken korupsi ing kalangan pejabat. Cara menika dipuntindakaken supados adil saha boten ndadosaken kemeren dhateng sanesipun. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat ukara menika saged narik kawigatosan pamaos amargi tumuju dhateng cara anggenipun KPK ngusut pangupajiwanipun pejabat. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika caranipun.

zz. **Kasus pedofilia butuh ‘pemberatan’ hukum luar biasa** (UP)
Ukuman mati pisan uga isih entheng (PR)
(PS/13/1 April 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara, amargi pokok pawartosipun inggih menika caranipun. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika *pedofilia butuh ‘pemberatan’ hukum luar biasa*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing kangge ngicalaken prakawis pedofilia pramila ngginakaken cara ukuman ingkang awrat. Prakawis menika minangka

prakawis kriminal ingkang boten dipunsarujuki dening sinten kemawon. Satemah cara ingkang dipunginakaken inggih menika ukum ingkang awrat. Kanthi mekaten, cara ngicalaken prakawis pedofil ingkang dados punjering pawartos.

aaa. **Kapolri: tindhak tegas sing nindakake persekusi** (UP)

Pulisi uga ora dianggep kok! (PR)

(PS/25/24 Juni 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara, amargi pokok pawartosipun inggih menika caranipun. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika *tindhak tegas sing nindakake persekusi*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa menika mapan ing prentah Kapolri dhateng pulisi kanthi nindhak teges tiyang-tiyang ingkang nindakaken persekusi. Kapolri kagungan wewenang kangge mrentah jajaranipun supados saged nindhak tumindak ingkang nerak ukum. Kanthi nyerat ukara menika, pamaos tamtu menggalih bilih kepolisian saestu anggenipun badhe ngrampungaken prakawis persekusi, satemah ndadosaken pitadosipun masarakat tumrap kepolisian. Ukara menika ugi kangge pangemut-emut tiyang sanes supados boten nindakaken persekusi. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika caranipun.

bbb. **Emoh ditahan, Irman Gusman njaluk “penangguhan”** (UP)

Nalika diwenehe beselan, kok ora emoh ya?! (PR)

(PS/40/1 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika caranipun. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika *penangguhan*. Tembung menika dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos.

Tetembungan menika ngemu maksud salah satunggaling cara ingkang saged dipunginakaken kangge ngendha saking ukuman ing kunjara. IG menika boten kepengin dipunkunjara, satemah nyaosaken *penangguhan penahanan*. Dados tipe pawartosipun inggih menika caranipun.

ccc. **Badan Legilasi DPR ngajab larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran (UP)**
Ayat bab mbako wae bisa ilang saka UU Kesehatan kok! (PR)
(PS/27/8 Juli 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara, amargi pokok pawartosipun inggih menika caranipun. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika *larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing awisan iklan rokok ingkang dipunjabel saking RUU Penyiaran. Cara menika ingkang dipunajab dening DPR supados awisan menika dipuncabut. Pramila prakawis bab RUU menika dados punjeripun pawartos.

ddd. **Pemerintah bakal nggampangake napi oleh remisi (UP)**
Akibat kebake kunjara lan kentekan anggaran! (PR)
(PS/27/2 Juli 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara amargi pokok pawartosipun inggih menika caranipun. Wondene cara ingkang dipunmaksud inggih menika ukara *bakal nggampangake napi oleh remisi*. Ukara kasebat minangka cara ingkang dipuntindakaken dening pamarentah supados napi kathah ingkang medal saking kunjara saha kangge *motivasi* dhateng napi supados

nindakaken tumindak ingkang sae. Redaktur kagungan pangajab bilih kanthi nyerat ukara kasebat, saged narik kawigatosan pamaos.

eee. **Perpu ormas wiwit digunakake** (UP)

Wiwit pasang taji sajake (PR)

(PS/31/5 Agustus 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika caranipun. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika ngginakaken *Perpu ormas*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing perpu ormas minangka paugeran ingkang kedah dipunginakaken dening masarakat saha pamarentah kangge ngatur sedaya ingkang gegayutan kaliyan ormas. Wiwit saking awisan ngantos ukuman menapa kemawon ingkang kedah dipunmangertosi dening masarakat. Kanthi cara ngginakaken *Perpu ormas* dados punjering pawartos amargi ormas ing Indonesia cacahipun wonten kathah saha maneka warni, dados kedah wonten cak-cakan ingkang saged ngatur ormas supados boten nerak paugeran ukum saha boten nunakaken negari Indonesia.

fff. **Pemerintah nyusun aturan mobil listrik** (UP)

Setrume isih byarpet (PR)

(PS/31/5 Agustus 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana cara, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika caranipun. Cara ingkang dipunmaksud nun inggih *nyusun aturan mobil listrik*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos

kasebat. Pangaribawa ukara mapan ing nyusun paugeran mobil listrik minangka cara ingkang dipunginakaken kangge ngatur wontenipun mobil listrik ing Indonesia. Sasampunipun pamarentah ngrembag paugeran, lajeng dipunrembag kaliyan Presiden Jokowi supados saged dipunsahaken. Adhedhasar andharan kasebat, ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika barangipun.

ggg. **Narkoba ngrongrong ketahanan negara** (UP)

Anggone njejegake hukum isih loyo (PR)

(PS/32/12 Agustus 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika barangipun. Barang ingkang dipunmaksud inggih menika *narkoba*. Tembung kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos kasebat. Pangaribawa ukaranipun mapan ing narkoba minangka barang haram ingkang samenika dipunbrastha dening aparat pulisi saha BNN. Narkoba dados punjering pawartos amargi minangka mengsahipun masarakat Indonesia, satemah masarakat saged langkung gampil anggenipun badhe mahami ukara kasebat.

hhh. **Omah subsidi kesandhung ijin pemda** (UP)

Sing menehi ijin uga njaluk subsidi (PR)

(PS/13/1 April 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika barang. Barang ingkang dipunmaksud inggih menika *ijin pemda*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara mapan ing ijin pemda amargi kalebet ing prakawis ingkang

kedah dipuntindakaken dening pemborong kangge ngesahaken wangunan griya kasebat. Kaangkah ukara kasebat saged narik kawigatosanipun tiyang. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika barangipun.

iii. **Dhuwit asile kejahatan narkoba kudu dirampas** (UP)

Aja kaya biyasane, didum... (PR)

(PS/35/27 Agustus 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika barang. Barang ingkang dipunmaksud menika *dhuwit asile kejahatan narkoba*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ingkang ageng menika mapan ing arta asil narkoba minangka arta asil anggenipun nyade narkoba. Padatan dipunginakaken kangge kathah kapreluan, ingkang tamtunipun masarakat awam boten mangertos bilih arta asil narkoba menika kangge menapa kemawon kadosta kangge tumbas narkoba. Kanthi mekaten ingkang dados punjering pawartos inggih menika barangipun.

jjj. **Ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati** (UP)

Sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak (PR)

(PS/35/27 Agustus 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika barang. Barang ingkang dipunmaksud menika *rekaman Freddy Budiman*. *Rekaman Freddy Budiman* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ageng mapan ing rekaman Freddy Budiman minangka prakawis ingkang narik kawigatosan pamaos, amargi prakawis rekaman

Freddy menika kangge mbikak pejabat-pejabat pundi kemawon ingkang wonten gayutanipun kaliyan Freddy Budiman. Satemah barang rekaman ingkang dados punjering pawartos.

kkk. **Kurban Dimas Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas** (UP)

Pranyata dudu tukang nikelake dhuwit, nanging nikelake kertas! (PR)

(PS/42/15 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika barang. Barang ingkang dipunmaksud inggih menika *dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas* dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Arta menika dados punjering pawartos amargi cacahing arta ingkang kathah menika dipunlintu kaliyan kertas. Kanthi nyebataken cacahing arta kasebat saged kangge narik kawigatosan pamaos. Pramila tetembungan menika dipundadosaken punjeripun pawartos.

lll. **Sabu saka Malaysia saya ndadra** (UP)

Sebut wae sabu melayu (PR)

(PS/46/12 November 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika barang. Barang ingkang dipunmaksud inggih menika *sabu saka Malaysia*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Redaktur nyerat frasa menika amargi sabu saking Malaysia minangka barang haram ingkang asring saha gampil anggenipun mlebet ing Indonesia. Ancas redaktur nyerat tetembungan kasebat supados masarakat mangertos bilih sabu

saking Malaysia nembe ngrembaka ing Indonesia saha saged nambah kawaspadan masarakat. Kanthi mekaten, ingkang dados punjering pawartos inggih menika barangipun.

mmm. **Dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR (UP)**

Ilen-ilan kotor pungkasane tekan juglangan (PR)

(PS/16/22 April 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing ukara inggih menika barang. Barang ingkang dipunmaksud inggih menika *dhuwit sogokan kasus Bakamla*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing arta sogokan prakawis Bakamla kalebet ing prakawis korupsi. Wondene prakawis korupsi kalebet ing prakawis ingkang kedah dipunbrastha ing Indonesia. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih nalika nyerat bab menika saged narik kawigatosan pamaos amargi sampun tumuju dhateng prakawis korupsi ing Bakamla. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika barangipun.

nnn. **11 domain Telegram kang diblokir kanggo keamanan negara lan masyarakat (UP)**

Bali wae surat-suratan (PR)

(PS/30/29 Juli 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana bukti, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika bukti. Bukti ingkang dipunmaksud nun inggih “11 domain Telegram”. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing sewelas wosing telegram ingkang boten

keparengaken dipunbikak wonten ing Indonesia amargi ngewrat bab-bab ingkang boten sae saha saged ngrisak tatanegari. Sewelas wosing telegram dados punjering pawartos supados masarakat mangertos bilih wosing telegram ngewrat bab-bab ingkang boten sae satemah saged ngrisak tatanegari Indonesia. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika buktinipun.

ooo. **KPK: meh 4000 ijin tambang ngemu masalah** (UP)

Mangka, kanggo ngrampungake masalah mau ora perlu ijin (PR)

(PS/50/10 Desember 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana bukti, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika buktinipun. Bukti ingkang dipunmaksud inggih menika *meh 4000 ijin tambang*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing 4000 ijin tambang kalebet bukti ingkang dipunpanggihaken dening KPK. Bukti menika nedahaken cacah ingkang kathah satemah ugi nedahaken bilih sistem idin ing Indonesia boten sae. Prakawis korupsi menika tansah wigatos sanget amargi kalebet ing ngginakaken arta ingkang sanes kagunganipun piyambak. Dados barang menika ingkang kawastanan punjering pawartos.

ppp. **Setya Novanto disebut-sebut oleh 7% saka ajine proyek E-KTP** (UP)

Lumayan, 7% ping Rp 5.9 triliyun! (PR)

(PS/18/6 Mei 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana bukti, amargi pokok pawartosipun inggih menika bukti. Bukti ingkang dipunmaksud inggih menika *7% saka ajine proyek E-KTP*. Ukara kasebat dados punjeripun

pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing arta ingkang dipuntampi dening Setya Novanto saking proyek E-KTP. Setya Novanto inggih menika Ketua DPR RI ingkang dipunsebut-sebut pikantuk 7% saking proyek E-KTP. Tamtunipun panjenenganipun ugi pikantuk kathah. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat menika saged narik kawigatosan pamaos amargi tumuju dhateng prakawis korupsi. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika buktinipun.

qqq. **Illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar** (UP)

Maling untung, negara buntung (PR)

(PS/43/22 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana bukti, amargi pokok pawartosipun inggih menika buktinipun. Bukti ingkang dipunmaksud inggih menika *illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar*. Ukara menika dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Ukara *illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar* nedahaken bilih misaya mina ingkang boten resmi saged nunakaken negari cacahipun 270 milyar. Misaya mina kanthi boten resmi asring dipuntindakaken dening oknum nelayan supados pikantuk ulam kathah kanthi cara ingkang boten pener. Redaktur nyerat menika supados saged narik kawigatosan pamaos.

rrr. **OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan** (UP)

Mbokmenawa si oknum jeksa butuh dhuwit receh nggo kerokan (PR)

(PS/27/8 Juli 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana bukti, amargi pokok pawartosipun inggih menika buktinipun. Bukti ingkang

dipunmaksud inggih menika *OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara mapan ing *OTT KPK minangka operasi tangkap tangan ingkang dipuntindakaken dening KPK ing Kejati Bengkulu ingkang dipunanggep namung recehan*. Ancasipun redaktur nyerat ukara kasebat inggih kangge narik kawigatosan pamaos amargi tembung *recehan* menika. Recehan menika nedahaken arta ingkang sekedhik. Kamangka menika prakawis korupsi. Korupsi sekedhik menapa dene kathah tamtu nedahaken prakawis ingkang boten leres. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika buktinipun.

sss. **Ombudsman nemokake lapas kebak *pungli*** (UP)

*Ben ora diarani *pungli*, nganggo kwitansi...* (PR)

(PS/35/2 September 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana bukti, amargi pokok pawartosipun inggih menika buktinipun. Bukti ingkang dipunmaksud inggih menika *kebak *pungli**. Tembung kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawanipun mapan ing *pungli* minangka tumindak ingkang dipunlarang dening negari. Ananging ing kasunyatan taksih kathah dipunpanggihaken *pungli* wonten ing lapas. Adhedhasar andharan kasebat, ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika kadadosanipun.

- ttt. **Dokumen TPF Munir enggal dibukak** (UP)
Muga-muga wae isine ora kaya biasane, nggelakake! (PR)
(PS/45/29 Oktober 2016)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana bukti, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika buktinipun. Bukti ingkang dipunmaksud inggih menika *Dokumen TPF Munir*. Frasa kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Redaktur nyerat frasa menika nedahaken bilih dokumen TPF Munir badhe dipunbikak. TPF Munir dipunbikak kanthi ancas supados mangertos kasunyatan-kasunyatan ngengingi sedanipun Munir. Kanthi mbikak TPF menika sedaya tiyang saged mangertos menapa ingkang sejatosipun dumados.

- uuu. **BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun!** (UP)
Bocorr...bocorr...!! (PR)
(PS/17/29 April 2017)

Tipe pawartos ingkang dipunginakaken inggih menika *tipe* wacana barang, amargi pokok pawartosipun wonten ing wacana ukum inggih menika barang. Barang ingkang dipunmaksud inggih menika *anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun*. Ukara kasebat dados punjeripun pawartos amargi gadhah pangaribawa ageng tumrap pawartos. Pangaribawa ukara kasebat mapan ing cacahipun arta ingkang dipunselewengaken. Dados, redaktur kagungan pangajeng-ajeng bilih kanthi nyerat menika saged narik kawigatosan pamaos amargi tumuju dhateng cacahing arta asil saking korupsi. Kanthi mekaten ingkang kawastanan punjering pawartos inggih menika barangipun.

2. **Langgam Basa Ukum ingkang dipunginakaken ing Rubrik “Pethilan”**

Ing ngandhap menika kababaraken babagan langgam basa ukum ingkang dipunginakaken wonten ing rubrik “Pethilan” kalawarti Panjebar Semangat. Ingkang kababar wonten ing ngandhap menika adhedhasar langgam basa ukum ketatanegaraan, ketatanegaraan adat, perdata, pidana, saha acara.

a. **Pemerintah njajagi nggawe satgas berita *hoax* (UP)**

Apus-apus pranyata wis dadi ancaman (PR)

(PS/2/14 Januari 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum ketatanegaraan. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum tatanegari. Tembung tata ateges susun saha nagara ateges lingkungan kekuasaan saking pamarentahan. Dados tatanegara ateges susunan negari utawi susunan pamarentahan, wondene *ketatanegaraan* ateges sedaya ingkang wonten gayutipun kaliyan susunan negari (Hadikusuma, 2013:44). Wondene tetembungan ingkang nedahaken kalebet ing langgam basa ukum tatanegari inggih menika *satgas berita hoax*. Satgas pawartos *hoax* kalebet ing perangan ingkang wonten gayutanipun kaliyan keamanan tatanegari Indonesia, amargi ingkang kagungan wewenang kangge manggihaken pawartos *hoax*. Pawartos *hoax* ateges pawartos ingkang apus-apus utawi pawartos ingkang boten leres. Pawartos menika saged mangaribawani keamanan saha tatanegari Indonesia amargi saged ngrisak daya pikir saha katentremanipun masarakat. Adhedhasar andharan kasebat, langgam basa ingkang dipunginakaken kalebet ing basa ukum ketatanegaraan.

b. **Presiden nggawe lembaga pembinaan Pancasila (UP)**

Kelingan jaman penataran P4 (PR)

(PS/24/17 Juni 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum ketatanegaraan. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum ketatanegaraan. Tembung tata ateges susun saha nagara ateges lingkungan kekuasaan saking pamarentahan. Dados tatanegara ateges susunan negari utawi susunan pamarentahan, wondene *ketatanegaraan* ateges sedaya ingkang wonten gayutipun kaliyan susunan negari (Hadikusuma, 2013:44). Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa tatanegari inggih menika *lembaga pembinaan Pancasila*. Wondene prakawis bab presiden ingkang ndamel lembaga pembinaan Pancasila ugi kalebet ing perangan ingkang wonten gayutipun kaliyan susunan pamarentah, amargi lembaga pembinaan Pancasila menika kangge ngindhakaken dhasar-dhasar Pancasila, supados langkung mindhak. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum ketatanegaraan.

c. **Sangang persen warga pengin ngowahi Pancasila (UP)**

Bisa wae, iku warga negara asing (PR)

(PS/24/17 Juni 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum ketatanegaraan. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum ketatanegaraan. Tembung tata ateges susun saha nagara ateges lingkungan kekuasaan saking pamarentahan. Dados tatanegara ateges susunan negari utawi susunan pamarentahan, wondene

ketatanegaraan ateges sedaya ingkang wonten gayutipun kaliyan susunan negari (Hadikusuma, 2013:44). Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa tatanegari inggih menika *pancasila*. Pancasila minangka dhasar negari ingkang kedah dipunjunjung saha dipunamalaken dening masarakat. Wondene prakawis bab warga ingkang kepengin ngewahi Pancasila ugi kalebet ing perangan ingkang wonten gayutanipun kaliyan susunan pamarentah, amargi warga ingkang badhe ngewahi Pancasila sampun kagungan niyatan kangge ngrisak tatanegari saha pamarentahan Indonesia. Adhedhasar andharan menika, langgam basa ingkang dipunginakaken kalebet ing basa ukum ketatanegaraan.

- d. **MK perlu ‘didandani’ ing kana kene (UP)**
Aja nganti dadi majelis korupsi (PR)

(PS/6/11 Februari 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum ketatanegaraan. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum ketatanegaraan. Tembung tata ateges susun saha nagara ateges lingkungan kekuasaan saking pamarentahan. Dados tatanegara ateges sususan negari utawi susunan pamarentahan, wondene *ketatanegaraan* ateges sedaya ingkang wonten gayutipun kaliyan susunan negari (Hadikusuma, 2013:44). Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa tatanegari inggih menika MK. MK utawi mahkamah konstitusi minangka lembaga ukum ingkang inggil piyambak. MK ingkang tansah ngrampungaken prakawis-prakawis ukum. Wondene prakawis sistem MK ingkang prelu dipundandosi kalebet ing kupiya kangge njejegaken tatanegari Indonesia. Adhedhasar andharan

menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum ketatanegaraan.

- e. **Presiden gregeten kejahatan narkoba saya ndadra** (UP)
Dilawan to pak! (PR)

(PS/30/23 Juli 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum ketatanegaraan. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum ketatanegaraan. Tembung tata ateges susun saha nagara ateges lingkungan kekuasaan saking pamarentahan. Dados tatanegara ateges susunan negari utawi susunan pamarentahan, wondene *ketatanegaraan* ateges sedaya ingkang wonten gayutipun kaliyan susunan negari (Hadikusuma, 2013:44). Wondene ukara ingkang nedahaken langgam basa tatanegari inggih menika *kejahatan narkoba saya ndadra*. Ukara menika tegesipun kejahatan narkoba ingkang tansaya ngrembaka ing Indonesia. Wondene narkoba minangka prakawis ingkang ngrisak moral saha jati diri bangsa. Mila prakawis menika kalebet ing basa ukum ketatanegaraan amargi saged ngrisak ketatanegaraan bangsa Indonesia.

- f. **Pulisi tawa ampunan marang gerombolan Santoso** (UP)
Ditawani gaweyan wae pak, dadi pulisi (PR)

(PS/32/6 Agustus 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum ketatanegaraan. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum ketatanegaraan. Tembung tata ateges susun saha nagara ateges lingkungan kekuasaan saking pamarentahan. Dados

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *persekusi*. Tembung persekusi inggih menika tumindak ingkang awujud nganiaya tiyang sanes. Wondene prakawis bab persekusi kalebet ing tumindak ingkang nerak paugeran negari amargi saged nunakaken masarakat individu utawi kelompok awit sedaya tumindak kasebat. Menawi tiyang ingkang nindakaken persekusi boten dipuntindhak, tamtu ing tembe ngajengipun badhe nindakaken persekusi malih. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

bbb. **Emoh ditahan, Irman Gusman njaluk “penangguhan”** (UP)

Nalika diwenehe beselan, kok ora emoh ya?! (PR)

(PS/40/1 Oktober 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya

paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *penangguhan*. Tembung penangguhan menika tegesipun paring syarat-syarat supados boten siyos dipunkunjara. Prakawis ingkang dipunalami dening Irman Gusman menika awujud korupsi utawi kriminalitas. Panjenenganipun nyaosaken penangguhan penahanan supados boten dipunkunjara. Adhedhasar andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

ccc. **Dhuwit asile kejahatan narkoba kudu dirampas (UP)**

Aja kaya biyasane, didum... (PR)

(PS/35/27 Agustus 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi prakawis bab narkoba menika kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *arta narkoba*. Arta asil narkoba kalebet ing ukum pidana inggih menika arta asil saking bisnis narkoba amargi bisnis narkoba menika kalebet ing bisnis kriminalitas. Pramila pawartos kasebat kalebet ing langgam basa ukum pidana.

- ddd. **Ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati** (UP)
Sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak (PR)
(PS/35/27 Agustus 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi prakawis Freddy Budiman (narkoba) kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati*. Tetembungan menika tegesipun wonten asil rekaman sakng Freddy Budiman saderengipun kapidana mati. Wondene prakawis Freddy Budiman ingkang gegayutan kaliyan narkoba kalebet ing ukum pidana, amargi wosing rekaman menika ndhungkap kriminalitas narkoba sanesipun. Pramila pawartos kasebat kalebet ing langgam basa ukum pidana.

- eee. **Kurban Dimas Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas** (UP)
Pranyata dudu tukang nikelake dhuwit, nanging nikelake kertas! (PR)
(PS/42/15 Oktober 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi prakawis bab Dimas Kanjeng ingkang nglintu arta kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma,

2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *kurban Diman Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas*. Tetembungan menika tegesipun wonten kurban apus-apus saking Makassar ingkang artanipun kalintu kaliyan kertas. Tumindak ingkang apus-apus menika kalebet ing ing tumindak kriminal ingkang ndadosaken tunanipun tiyang sanes. Pramila saking andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

fff. **Sabu saka Malaysia saya ndadra** (UP)

Sebut wae sabu melayu (PR)

(PS/46/12 November 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *sabu saka Malaysia*. Tembung sabu minangka salah satunggaling jinis narkoba ingkang kaliyan ukum Indonesia kalebet ing tumindak kriminalitas amargi kalebet ing tumindak ingkang nerak ukum. Adhedhasar andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

ggg. **Dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR (UP)**

Ilen-ilen kotor pungkasane tekan juglangan (PR)

(PS/16/22 April 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi prakawis bab arta sogokan kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR*. Tetembungan menika tegesipun arta asil sogokan saking Bakamla mili menyang DPR. Wondene prakawis arta sogokan kalebet ing tumindak ingkang nerak paugeran negari inggih menika kanthi nindakaken korupsi. Adhedhasar andharan menika, korupsi kalebet ing tumindak kriminalitas, pramila basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

hhh. **Setya Novanto disebut-sebut oleh 7% saka ajine proyek E-KTP (UP)**

Lumayan, 7% ping Rp 5.9 triliyun! (PR)

(PS/18/6 Mei 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Kanthi alesan amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis

menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *oleh 7% saka ajine proyek e-ktp*. Tetembungan menika tegesipun Setya Novanto pikantuk 7% saking arta proyek e-ktp. Saking andharan kasebat maksudipun inggih menika Setya Novanto pikantuk arta korupsi saking proyek e-ktp. Wondene prakawis korupsi E-KTP kalebet ing prakawis kriminalitas amargi mendhet hakipun tiyang sanes kangge kepentinganipun piyambak. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

iii. **Illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar (UP)**

Maling untung, negara buntung (PR)

(PS/43/22 Oktober 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *illegal fishing ngrugekake negara 270 milar*. Tetembungan meika tegesipun mendhet ulam kanthi boten resmi sampun nunakaken negari ngantos 270 milyar tumindak menika kalebet ing tumindak kriminalitas amargi sampun nunakaken setunggal pihak kanthi medhet ulam tanpa idin saha boten

resmi. Adhedhasar andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

jjj. **OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan** (UP)
Mbokmenawa si oknum jeksa butuh dhuwit receh nggo kerokan (PR)
(PS/27/8 Juli 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi prakawis OTT KPK kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *OTT KPK dianggep mung recehan*. Tetembungan menikategesipun operasi tangkap tangan KPK namung dipunnaggep recehan, amargi arta ingkang dipunpanggiaken namung sekedhik. Wontenipun OTT tamtu kemawon wonten pihak ingkang nindakaken korupsi. Wondene prakawis korupsi kalebet ing ukum pidana amargi korupsi kalebet tumindak kriminalitas. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

kkk. **Ombudsman nemokake lapas kebak *pungli*** (UP)
*Ben ora diarani *pungli*, nganggo kwitansi...* (PR)
(PS/35/2 September 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi prakawis *pungli* kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah

prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken laggam basa ukum pidana inggih menika *pungli*. Tembung *pungli* utawi *pungutan* liar kalebet ing ukum pidana amargi nyuwun arta kanthi cara ingkang boten resmi. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

III. **Dokumen TPF Munir enggal dibukak (UP)**

Muga-muga wae isine ora kaya biasane, nggelakake! (PR)

(PS/45/29 Oktober 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Alesanipun amargi prakawis bab Munir kalebet ing ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *dokumen TPF Munir enggal dibukak*. Tetembungan menika tegesipun dokumen TPF sedanipun Munir engal dipunbikak. Wondene prakawis Munir kalebet ing tumindak kriminalitas amargi nindakaken tumindak ingkang nerak ukum kanthi nyedani Munir. Adhedhasar andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

mmm. **BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun!** (UP)

Bocorr...bocorr...!! (PR)

(PS/17/29 April 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum pidana. Ukum pidana menika ngrembag sedaya paugeran ingkang gadhah prentah saha awisan ingkang ngginakaken sanksi ukuman tumrap tiyang ingkang nerak aturan (Hadikusuma, 2013:114). Prakawis menika kadosta kadadosan kriminalitas, tumindak ingkang nerak ukum, begal, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum pidana inggih menika *BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang dislewengake Rp 19.4 triliyun*. Tetembungan menika tegesipun BPK manggihaken wontenipun prabeya cacah 19.4 triliyun ingkang dipunslewengaken. Penylewengan menika kalebet ing prakawis korupsi. Wondene prakawis korupsi kalebet ing tumindak kriminalitas amargi sampun mendhet hakipun tiyang sanes kangge kapentinganipun piyambak. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum pidana.

nnn. **Jeksa Agung nggawe tim pencari fakta temone TPFGB bab anane dhuwit narkoba** (UP)

Perlune tim penghilang fakta (PR)

(PS/40/1 Oktober 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing ukara kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka

paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika *nggawe tim pencari fakta*. Tetembungan menika tegesipun tim pencari fakta ingkang dipundamel menika kalebet ing pihak ingkang madosi kaleresan saha kasunyatan. Dados kalebet ing perangkat ukum acara. Prakawis jeksa agung ndamel tim kangge madosi kasunyatan prakawis narkoba ugi kalebet ing paugeran kangge ngatur cara tetep njagi saha nindakaken ukum material. Adhedhasar andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

ooo. **Remisi kanggo koruptor tetep dianakake** (UP)

Jarene arep mbrastha korupsi?? (PR)

(PS/35/27 Agustus 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang

nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika “*remisi kangge koruptor*”. Tetembungan menika tegesipun wosing remisi kangge koruptor utawi paugeran ingkang ngatur cara nindakaken pangirangan ukum kangge koruptor. Wondene wosing remisi menika kalebet ing dokumen paugeran ukum. Adhedhasar andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

ppp. **Pemerintah ngancam nggunakake UU Pemilu lawas (UP)**

Mbokmenawa becike pancen ngono... (PR)

(PS/29/22 Juli 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Prakawis bab UU Pemilu kalebet ing paugeran-paugeran ingkang dipunginakaken kangge kapentinganipun masarakat. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika *UU pemilu lawas*. UU pemilu ingkang dangu menika kalebet dokumen peradilan ingkang dipunginakaken kangge pilkada taun 2019. Wondene dokumen peradilan menika kalebet ing ukum acara. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

- qqq. **Aturan diubah, remisi koruptor saya gampang** (UP)
Rakyat mung bisa susah, lan nyumpah-nyumpah (PR)
(PS/34/20 Agustus 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika *aturan diubah, remisi koruptor saya gampang*. Paugeran remisi koruptor ingkang dipunewahi kalebet ing paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun nindakaken ukum. Paugeran remisi menika kalebet ing ukum acara. Kanthi mekaten, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

- rrr. **Badan Legilasi DPR ngajab larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran** (UP)
Ayat bab mbako wae bisa ilang saka UU Kesehatan kok! (PR)
(PS/27/8 Juli 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka

paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika *larangan iklan rokok*. Prakawis bab awisan iklan rokok ingkang dipunjabel saking RUU Penyiaran kalebet ing paugeran-paugeran ingkang dipunginakaken wonten ing Indonesia. RUU kalebet ing paugeran ingkang kedah dipuntaati dening sedaya masarakat. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

sss. **Pemerintah bakal nggampangake napi oleh remisi** (UP)

Akibat kebake kunjara lan kentekan anggaran! (PR)

(PS/27/2 Juli 2016)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika *remisi*. Remisi kangge

narapidana kalebet ing paugeran ingkang dipunginakaken kangge ngirangi wekdalipun tiyang ingkang dipunkunjara. Wondene remisi menika kalebet ing ukum acara amargi awujud dokumen peradilan. Adhedhasar andharan kasebat, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

ttt. **Perpu ormas wiwit digunakake** (UP)

Wiwit pasang taji sajake (PR)

(PS/31/5 Agustus 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika *perpu ormas*. Prakawis bab perpu ormas kalebet ing paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum ing Indonesia, amargi perpu menika paugeran ingkang ngatur sedaya awisan saha ukuman ormas. Wondene perpu ormas awujud dokumen, satemah mlebet ing ukum acara. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

uuu. **Pemerintah nyusun aturan mobil listrik (UP)**

Setrume isih byarpet (PR)

(PS/31/5 Agustus 2017)

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum kasebat inggih menika basa ukum acara. Alesanipun amargi tetembungan ingkang dipunginakaken kalebet ing ukum acara. Hadikusuma (2013:142) ngandharaken bilih ukum acara inggih menika ukum formal utawi ukum cara minangka paugeran-paugeran ingkang ngatur cara anggenipun tetep njagi saha nindakaken ukum material. Ukum acara menika nedahaken cara kados pundi ukum ingkang taksih mentah ingkang minangka paugeran ukum saha perundangan ingkang lumampah. Tuladha tetembungan ingkang ngewrat basa ukum acara inggih menika hakim, peradilan, saha sanesipun. Wondene tetembungan ingkang nedahaken langgam basa ukum acara inggih menika *aturan mobil listrik*. Prakawis bab pamarentah ingkang ngrantam paugeran mobil listrik kalebet ing paugeran ingkang ngatur cara anggenipun njagi saha nindakaken ukum ing Indonesia, amargi paugeran ingkang dipunrantam menika ing tembe ngajengipun badhe ngatur sedaya ingkang gegayutan kaliyan mobil listrik kadosta pajegipun (Liputan6.com, 2017). Wondene paugeran mobil listrik menika kalebet ing ukum acara ingkang awujud dokumen. Adhedhasar andharan menika, basa ingkang dipunginakaken kalebet ing langgam basa ukum acara.

3. *Inferensi Wacana Umum ing Rubrik “Pethilan” Kalawarti Panjebar Semangat*

Ing ngandhap menika kababaraken babagan *inferensi* utawi maksud wacana umum ing rubrik “Pethilan” kalawarti Panjebar Semangat. Anggenipun manggihaken maksud wacana umum, wacana menika dipungayutaken kaliyan kalih peranan. Perangan ingkang sepisan inggih menika tegesing tembung, wondene ingkang kaing kalih dipungayutaken kaliyan pawartos *online* ingkang jumbuh kaliyan wacananipun.

a. **Pemerintah njajagi nggawe satgas berita *hoax* (UP)**

Apus-apus pranyata wis dadi ancaman (PR)

(PS/2/14 Januari 2017)

Ukara “*pemerintah njajagi nggawe satgas berita hoax*” tegesipun inggih menika pamarentah badhe njajagi satuan tugas pawartos *hoax*. Njajag menika saking tembung jajag inggih menika nduga badhe nyumurupi sepinten lebetipun (Poerwadarminta, 1939:76). Maksud saking ukara kasebat inggih menika saking kathahipun pawartos *hoax* ingkang ngrembaka, pramila pamarentah badhe madosi saha mangertos kanthi lebet kados pundi anggenipun ndamel satgas kangge ngawekani pawartos *hoax* ingkang ngrembaka. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Apus-apus pranyata wis dadi ancaman*”. Ukara kasebat tegesipun pawartos *hoax* kalebet ing pawartos ingkang apus-apus. Pawartos apus-apus ing jaman samenika dados ancaman tumrap pamarentah saha masarakat, amargi saged ngrisak katentremanipun masarakat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana umum ing nginggil inggih menika satgas kangge ngicalaken pawartos

apus-apus. Kompas.com (2016) ngandharaken bilih Menteri Koordinator Politik, Hukum, dan Keamanan Wiranto ngandharaken bilih samenika pamarentah nembe badhe madosi saha mangertosi kados pundi anggenipun ndamel satuan tugas anti *hoax*. Ancasipun kangge ngawekani maneka warni pawartos ingkang lepat saha ngrembaka wonten ing masarakat lumantar *media sosial*. Panjenenganipun ngandharaken bilih kangge netralaken tumindak ingkang mlebet ing *media sosial* tamtunipun ingkang saged ngrisak katentremanipun masarakat, saged ngrisak kapitadosan masarakat, saged ndadosaken bingungipun masarakat.

Maksud saking andharan kasebat inggih menika wontenipun satgas pawartos *hoax* kangge merangi, ngicali saha ngontrol pawartos-pawartos ingkang boten leres. Menawi pawartos ingkang boten leres menika ngrembaka wonten ing masarakat, tamtu saged ndadosaken bingung kepara saged ngrisak katentremanipun masarakat. Adhedhasar prakawis menika, pamarentah ndamel satgas supados saged ngicalaken pawartos *hoax*. Wondene masarakat lumantar redaktur ugi kagungan pamanggih bilih pawartos ingkang apus-apus menika pranyata sampun dados ancaman tumrap masarakat. Anceman menika awujud risakipun katentreman masarakat. Kanthi mekaten, masarakat ugi kagungan pangajab supados pamarentah saged ngawekani prakawis kasebat.

b. **Presiden nggawe lembaga pembinaan Pancasila (UP)**

Kelingan jaman penataran P4 (PR)

(PS/24/17 Juni 2017)

Ukara “*Presiden nggawe lembaga pembinaan Pancasila*” tegesipun presiden ndamel lembaga enggal inggih menika pembinaan Pancasila. Lembaga menika gadhah ancas kangge ngindhakaken nilai-nilai Pancasila ingkang wonten

ing dhirinipun masarakat. Lembaga menika ngginakaken cara-cara tartamtu supados masarakat langkung gampang anggenipun nampi nilai-nilai Pancasila (baranews.co, 2017). Ukara menika ugi pikantuk pamanggih saking redaktur bilih “*Kelingan jaman penataran P4*”. Penataran P4 (Pedoman Penghayatan dan Pengamalan Pancasila) inggih menika penataran nilai-nilai Pancasila ingkang dipuntindakaken sadangunipun jaman Orde Baru. Ing jaman Orde Baru, penataran P4 masarakat kedah ngapalaken butir Pancasila ingkang saged dipuntrepaken ing paggesangan padintenan. Sentilan menika tegesipun bilih lembaga pembinaan Pancasila menika memper kaliyan penataran P4 ingkang nate dipuntindakaken ing jaman Orde Baru, ananging anggenipun nindakaken menika beda. Jaman Orde Baru kanthi dipunpeksa, ananging jaman samenika kanthi ngginakaken cara-cara ingkang langkung gampang dipuntampi dening masarakat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika njejegaken nilai-nilai Pancasila. Baranews.co (2017) ngandharaken bilih lembaga menika gadhah jejibahan kangge mbiyantu presiden ndamel kebijakan umum pembinaan ideologi Pancasila saha nindakaken koordinasi, sinkronisasi, sarta pengendalian pembinaan ideologi Pancasila kanthi warata saha lumampah kanthi sinambungan. Wondene juru bicara Predisen Johan Budi ngandharaken bilih wontenipun UKP-PIP boten ateges nuwuhaken malih P4 kados jaman Orde Baru. UKP-PIP langkung nengenaken kajian ingkang madosi malih nilai-nilai Pancasila. Kajian menika dipuncepakaken kanthi metodhe ingkang langkung modern.

Maksud saking ukara kasebat inggih menika Presiden kagungan program kangge njejegaken nilai-nilai Pancasila. Cara ingkang dipunginakaken menika ugi cara ingkang jumbuh kaliyan jaman samenika supados masarakat gampang anggenipun nampi satemah saged dipuntrepaken ing panggesanganipun. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking masarakat bilih lembaga menika ngemutaken kaliyan P4. Ukara kasebat ugi saged kangge pangemut-emut bilih lumampahipun lembaga menika sampun ngantos kados P4 ingkang kanthi peksa kedah dipunapalaken dening masarakat tanpa mangertos maknaning Pancasila. Ingkang dipuntengenaken ing lembaga kasebat inggih menika masarakat paham nilai-nilai Pancasila saha saged ngetrepaken ing panggesanganipun.

c. **Sangang persen warga pengin ngowahi Pancasila (UP)**

Bisa wae, iku warga negara asing (PR)

(PS/24/17 Juni 2017)

Ukara “*Sangang persen warga pengin ngowahi Pancasila*” tegesipun inggih menika wonten sangang persen warga ingkang kagungan pepenginan badhe ngewahi Pancasila. Sangang persen menika dipunpendhet saking sampel warga Indonesia ingkang dipuntaliti dening Saiful Mujani Research and Consulting (SMRC). Saking asil panaliten, 9,2 persen badhe ngewahi NKRI kaliyan Khilafah inggih menika negari Islam ingkang dhasaripun ngginakaken Al Qur'an, sunnah, saha tafsiran ulama tartamtu (Salafynews.com, 2017). Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Bisa wae, iku warga negara asing*”. Ukara kasebat tegesipun inggih menika saged mawon, warga menika kalebet ing warga negara asing. Maksud saking andharan kasebat inggih menika sangang persen warga menika senadyan warga Indonesia, ananging sampun kagungan pepenginan badhe

ngewahi Pancasila. Miturut ukara kasebat, warga Indonesia ingkang boten sarujuk kaliyan Pancasila saged dipunwastani kalebet ing warga negara asing amargi boten ngakeni Pancasila minangka ideologi bangsa Indonesia.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika Pancasila boten saged dipunewahi. Salafynews.com (2017) ngandharaken bilih miturut asil survey SMRC inggih menika masarakat Indonesia kathah ingkang nulak wontenipun kelompok Negara Islam Irak dan Suriah (ISIS) sarta Hizbut Tahrir Indonesia (HTI) amargi kelompok cacah kalih menika ingkang dinuga badhe ngewahi kedaulatan negari. Miturut panaliten ingkang sampun dipuntindakaken, wonten 9,2 persen WNI ingkang kagungan pepenginan nggantos NKRI kaliyan Khilafah inggih menika negari Islam ingkang adhedhasar Al Qur'an, sunnah, saha tafsiran ulama tartamtu.

Maksud saking andharan kasebat, Pancasila (ideologi negari Indonesia) minangka pandom ingkang utami saha dipuntrapaken wonten ing panggesanganipun. Pancasila menika boten saged dipunewahi kaliyan paham sanes amargi sampun dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan masarakatipun. Senadyan wonten (9,2 %) warga ingkang boten pitados kaliyan Pancasila amargi sampun kaprabawan dening kelompok cacah kalih kasebat, pancasila tetep dipunginakaken minangka pandom. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking masarakat bilih warga ingkang badhe ngewahi Pancasila kalebet ing warga negara asing. Ukara menika sentilan dhateng warga ingkang 9,2 % kalawau. Menawi ngakeni dados warga negara Indonesia tamtu nyengkuyung saha boten ngewahi Pancasila minangka ideologi bangsa, ananging menawi sampun kagungan

pepekingan badhe ngewahi ideologi bangsa menika tamtu sampun boten sarujuk kaliyan menapa kemawon ingkang dipunrancang dening pamarentah. Kanthi mekaten, redaktur nyebat menawi warga ingkang kados mekaten kalebet ing warga negara asing amargi sampun boten pitados kaliyan ideologi Pancasila minangka idiologi negari Indonesia.

- d. **MK perlu ‘didandani’ ing kana kene** (UP)
Aja nganti dadi majelis korupsi (PR)

(PS/6/11 Februari 2017)

Ukara “*MK perlu ‘didandani’ ing kana kene*” tegesipun inggih menika MK prelu dipundandosi ing saben sisi. Sisi menika kalebet sistem, sumber daya tiyangipun ingkang sae, saha sanesipun ingkang gayut kaliyan hakim MK. Maksud saking ukara kasebat inggih menika sedaya ingkang gayut kaliyan MK kedah dipundandosi supados masarakat pitados malih dhateng MK. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Aja nganti dadi majelis korupsi*”. Ukara kasebat tegesipun sampun ngantos dados majelis korupsi. Majelis korupsi menika sentilan saking redaktur dhateng MK. MK ingkang sejatosipun Mahkamah Konstitusi ingkang dipunslewengaken dados Majelis Korupsi amargi kathah hakim ingkang nindakaken korupsi.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ngicalaken korupsi. Mantan Ketua Komisi Yudisial, Suparman Mazuki (lumantar Jitunews.com, 2017) ngandharaken bilih wonten ingkang lepat saking hakim MK. Pimpinan MK cacah kalih kecepeng dening KPK. Panjenenganipun nedahaken bilih ingkang lepat menika sistem utawi tiyangipun. Wontenipun korupsi menika gumantung kaliyan kados

pundi sistemipun, menawi sistemipun sae, pramila korupsi boten badhe dumados. Sedaya menika ugi gumantung kaliyan niat pribadinipun, menawi pribadinipun resik, tamtu kemawon boten badhe nindakaken korupsi. Dados kedah wonten ewah-ewahan ing lembaga Mahkamah Konstitusi. Ewah-ewahan menika mapan ing sistem saha tiyangipun. Menawi sistemipun sae, tamtu wonten cara kangge nyaring tumindak-tumindak ingkang boten sae kadosta korupsi. Menawi tiyangipun ingkang mlebet ing MK ugi sae, tamtu boten gadhah niyatan kangge tumindak korupsi. Dados cara-cara menika ingkang saged dipunginakaken dening MK kangge ngicalaken praktek korupsi. Ukara menika ugi pikantuk sentilan inggih menika sampun ngantos dados majelis korupsi. Majelis korupsi menika saking cekakan MK. Cekakan MK dipunplesetaken dados majelis korupsi amargi wonten hakim MK cacah kalih ingkang kecepeng dening KPK amargi nindakaken korupsi, pramila MK menika dados majelis korupsi.

e. **Pulisi ngira RS lan klinik ana cawe-cawe babagan vaksin palsu (UP)**

Temen-temen rombongan kepalsuan! (PR)

(PS/30/23 Juli 2016)

Ukara “*Pulisi ngira RS lan klinik ana cawe-cawe babagan vaksin palsu*” nedahaken bilih pulisi kagungan pamanggih bilih saperangan RS saha klinik wonten cawe-cawenipun kaliyan prakawis *vaksin* palsu. Cawe-cawe menika tegesipun ndherek ngrembag prakawisipun tiyang sanes (Poerwadarminta, 1939:628). Cawe-cawe ing ngriki maksudipun wonten gayutanipun kaliyan satunggaling prakawis. Kanthi mekaten, teges saking ukara ing nginggil inggih menika pulisi nduga bilih saperangan RS saha klinik wonten gayutanipun kaliyan *vaksin* palsu. Wondene ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur bilih

“*Temen-temen rombongan kepalsuan!*”. Ateges redaktur saha masarakat kagungan pamanggih bilih pihak ingkang nindakaken *vaksin* palsu wonten kathah utawi kanthi rombongan. Ukara menika minangka kritik dhateng pihak-pihak ingkang nindakaken *vaksin* palsu.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kabukten ngginakaken *vaksin* palsu. Pihak ingkang nindakaken *vaksin* palsu inggih menika mapinten-pinten rumah sakit saha klinik ing Jakarta saha Bekasi. Media online detikNews (2016) ngandharaken bilih wonten 14 rumah sakit ingkang ngginakaken *vaksin* palsu. Miturut kepala rumah sakit RSIA Sayang Bunda inggih menika dr HUD bilih panjenenganipun kanthi sengaja paring prentah dhateng bagean pengadaan supados tumbas barang saking CV. Azka Medika. Panjenenganipun ugi mangertos bilih CV menika sanes distributor *vaksin* resmi. Kanthi mekaten panjenenganipun sengaja ngginakaken *vaksin* palsu kangge lare-lare ing rumah sakit Sayang Bunda. Adhedhasar andharan kasebat, prakawis *vaksin* palsu boten namung dipuntindakaken ing setunggal rumah sakit kemawon, ananging wonten rumah sakit cacah 14, ingkang saben rumah sakit mangertos bilih *vaksin*ipun kalebet ing *vaksin* palsu. Pramila redaktur nyebat rumah sakit cacah 14 kaliyan tembung rombongan utawi dipuntindakaken sesarengan. Dados maksud saking andharan ing nginggil inggih menika rumah kabukten sakit saha klinik ingkang ngginakaken *vaksin* palsu tumrap pasienipun menika wonten kathah.

- f. **Ora digatekake RS, wong tuwa kurban vaksin palsu lapor DPR (UP)**
Muga-muga ora nemoni kepalsuan sabanjure (PR)
(PS/31/30 Juli 2016)

Ukara “*Ora digatekake RS, wong tuwa kurban vaksin palsu lapor DPR*” nedahaken bilih korban vaksin palsu menika sampun lapor wonten ing rumah sakit, ananging boten pikantuk respon saking rumah sakit kasebat, pramila lapor wonten ing DPR minangka badan aspirasi rakyat, ingkang dipunajab saged mbiyantu ngrampungaken prakawis menika. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Muga-muga ora nemoni kepalsuan sabanjure*”. Ateges redaktur saha masarakat kagungan pangajeng-ajeng bilih sasampunipun lapor dhateng DPR, korban vaksin palsu boten kapusan malih. Tegesipun, ukara menika minangka kritik dhateng DPR supados saged ngrampungaken prakawis menika, boten namung janji-janji kemawon.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika nyuwun keadilan. Miturut AntaraNews.com (2016) tiyang sepuh korban vaksin palsu nyuwun keadilan dhateng rumah sakit. Tuntutan ingkang dipuncaosaken inggih menika lare ingkang positif kenging vaksin palsu dipunccek up malih saderengipun vaksinasi ulang, pihak rumah sakit kedah nyaosaken rekam medis pasien, nindakaken vaksin ulang saha sedaya prabeya dipuntanggung dening pihak rumah sakit. Tuntutan menika dipunaturaken dhateng DPR. Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika tiyang sepuh korban nyuwun keadilan dhateng pihak rumah sakit saha DPR tumrap kasarasanipun lare. Keadilan menika saged awujud mapinten-pinten tuntutan ingkang dipuncaosaken dhateng DPR. Tiyang sepuh

korban *vaksin* palsu kagungan pangajab bilih DPR saged ngrampungaken prakawis menika, boten namung janji-janji kemawon.

- g. **TNI lagi nyelidiki cawe-cawene jenderal bintang loro ing bisnis narkoba Freddy Budiman (UP)**
Sirahe sang jendral iki saiki mesthi kebak bintang (PR)
(PS/36/3 September 2016)

Ukara “*TNI lagi nyelidiki cawe-cawene jenderal bintang loro ing bisnis narkoba Freddy Budiman*” tegesipun inggih menika TNI nyelidhiki cawe-cawenipun jenderal bintang kalih wonten ing prakawis narkoba Freddy Budiman. Cawe-cawe menika tegesipun ndherek ngrembag prakawisipun tiyang sanes (Poerwadarminta, 1939:628). Cawe-cawe ing ngriki maksudipun wonten gayutanipun. Penyelidhikan menika kangge madosi sinten kemawon pejabat-pejabat ing TNI ingkang wonten gayutanipun kaliyan prakawis narkoba Freddy Budiman. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*sirahe sang jendral iki saiki mesthi kebak bintang*”. Ukara menika tegesipun, mustakanipun jenderal samenika tamtu kathah lintangipun. Lintang ingkang kathah dados tandha saking mumet. Maksud ukara kasebat inggih menika tamtu jenderal ingkang dipunmaksud, samenika nembe bingung saha mumet amargi ajrih menawi konangan dening pejabat TNI.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika jenderal bintang kalih konangan ndherek bisnis narkoba. Kompas.com (2016) ngandharaken bilih Freddy ngakeni nate ngintun narkoba ngginakaken mobil dinas TNI. Pak Gatot ugi ngandharaken bilih menawi leres, tamtu badhe dipunproses. Wonten ing pawartos menika ugi

dipunandharaken bilih wonten oknum BNN saha Polri ingkang gegayutan kaliyan kasus narkoba Freddy. Maksud saking andharan kasebat inggih menika badhe madosi oknum aparat ingkang gegayutan kaliyan kasus narkoba Freddy Budiman. Kanthi penyelidikan menika, samangke saged mangertos sinten kemawon tiyang ingkang gegayutan kaliyan prakawis menika.

Ukara menika pikantuk sentilan bilih “*sirahe sang jendral iki saiki mesthi kebak bintang*”. Ukara kasebat ngemu maksud bilih jenderal ingkang wonten gayutanipun kaliyan prakawis narkoba menika tamtu mumet. Mumet menika dipuntengeri mawi kathah bintangipun. Dados jenderal ingkang wonten gayutanipun boten saged nindakaken kagiyatan kanthi tentreming manah amargi menawi kepanggih sinten oknum TNI menika, tamtu badhe dipuntindhak.

- h. **55% wong kang njaluk keadilan dijaluki dhuwit ing pengadilan (UP)**
45% turahe ora ngaku yen dijaluki dhuwit (PR)
(PS/37/10 September 2016)

Ukara “55% wong kang njaluk keadilan dijaluki dhuwit ing pengadilan” tegesipun inggih menika 55% tiyang ingkang nyuwun keadilan wonten ing pengadilan kepara dipunsuwuni arta. Arta menika ancasipun kangge nggancaraken sedaya urusan wonten ing pengadilan. Kamangka, kedahipun boten wonten arta ingkang dipunsuwuni. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “45% turahe ora ngaku yen dijaluki dhuwit”. Ukara menika tegesipun 45% tiyang boten ngakeni bilih nate dipunsuwuni arta. Sentilan kasebat katujukaken dhateng masarakat ingkang kalebet ing 45% menika.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika wonten praktek *pungli (pungutan liar)*

ing pengadilan. *Pungli* minangka tumindak ingkang boten dipunparengaken dening Undang-Undang. *Pungli* saking tembung *pungutan liar*. *Pungutan* inggih menika samubarang ingkang dipunpendhet (KBBI, 1995:799). *Liar* inggih menika boten kopen, boten temtrem, boten teratur, boten manut paugeran, boten beradab, saha sanesipun (KBBI, 1995:590). Wondene *pungutan liar* inggih menika samubarang ingkang dipunpendhet kanthi boten ndherek paugeran ingkang lumampah. Dados wonten ing pengadilan taksih kathah praktek *pungli*. Ingkang sampun konangan menika 55%, ananging taksih wonten 45% ingkang boten konangan amargi kathah alesanipun. Salah satunggalipun inggih menika ajrih menawi konangan dening aparat.

- i. **Dirangket bebarengan Gatot Brajamusti, artis Reza Artamevia positip narkoba (UP)**
Sing jelas, kekarone positif keblinger (PR)
(PS/37/10 September 2016)

Ukara “*dirangket bebarengan Gatot Brajamusti, artis Reza Artamevia positip narkoba*” tegesipun inggih menika Reza Artamevia ingkang kecepeng sesarengan kaliyan Gatot Brajamusti positip kenging narkoba. Maksudipun inggih menika Reza saha Gatot positip ngonsumsi narkoba. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*sing jelas, kekarone positif keblinger*”. Ukara menika tegesipun ingkang wigatos, kekalihipun positip keblinger. Ateges, kekalihipun sami-sami keblinger (amargi kaprabawan dening lingkungan) anggenipun nyobi narkoba.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika oknum artis kenging narkoba. Oknum

artis ingkang dipunmaksud inggih menika Reza Artamevia saha Gatot Brajamusti. Kepala Divisi Humas Polri Irjen Boy Rafli Amar lumantar Kompas.com (2016) ngandharaken bilih Reza positip kenging narkoba. Reza saha Gatot kecepeng wonten ing Mataram ingkang nembe nindakaken pesta narkoba kaliyan kanca sanesipun cacah enem. Adhedhasar andharan kasebat, dipunpanggihaken bilih wonten oknum artis ingkang ngonsumsi narkoba. Narkoba menika barang haram ingkang saged dipunginakaken dening sinten kemawon kalebet artis. Artis minangka tiyang ingkang tansah dipundadosaken tuladha dening masarakat, pramila sedaya ingkang dipuntindakaken menika saged dipuntiru. Masarakat lumantar redaktur paring sentilan bilih kekalihipun ugi keblinger anggenipun nyobi narkoba, amargi kaprabawan dening lingkungan.

- j. **Siswa SMA dadi kurir 20 kg ganja (UP)**
Salah njupuk extra kurikuler sajake (PR)

(PS/43/22 Oktober 2016)

Ukara “siswa SMA dadi kurir 20 kg ganja” tegesipun inggih menika siswa SMA dados kurir ganja cacah 20 kg. Kurir inggih menika utusan ingkang nyaosaken samukawis ingkang wigatos kanthi rikat (KBBI, 1995:546). Maksud saking ukara kasebat inggih menika lare SMA dados tiyang ingkang nyaosaken ganja cacahipun 20 kg. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*salah njupuk extra kurikuler sajake*”. Ukara menika tegesipun siswa lepat anggenipun mendhet extra kurikuler. Extra kurikuler minangka kagiyatan ing njawi jam pelajaran wonten ing sekolah. Extra menika dipunpilih piyambak dening siswa. Ukara kasebat minangka sentilan dhateng siswa, bilih anggenipun milih kagiyatan menika lepat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika sinten kemawon saged dados kurir narkoba. Kompas.com (2016) ngandharaken bilih lare SMA ing Kabupaten Aceh Utara mbekta ganja 20 kg nalika numpak bis ing Kabupaten Langkat, Sumatera Utara. Kepala Polres Langkat Ajun Komisaris Besar Mulya Hakim Solichin ngandharaken bilih siswa kanthi inisial IS (16 taun) sampun dipuntiteni dening polisi amargi wonten laporan saking masarakat. Sasampunipun polisi nggledhah bis kasebat IS ngraos kuwatir, ing pungkasan piyambakipun saged kecepeng dening polisi kanthi mbekta ganja 20 bungkus. Adhedhasar andharan kasebat, maksudipun inggih menika sinten kemawon saged dados kurir narkoba, kalebet lare SMA. Lare SMA menika nembe pados jati dhirinipun, dados gampil dipunaribawani dening lingkungan ingkang sae menapa dene boten sae. Pramila kedah saged milih saha milah pergaulan, tamtunipun kanthi pambiyantu saking tiyang sepuh. Sedaya menika tamtu wonten alesanipun, ananging wonten ing pawartos kasebat boten kaandharaken kenging menapa lare menika dados kurir narkoba. Wondene masarakat lumantar redaktur ugi ngandharaken pamanggihipun bilih lare menika kedah saged milih kagiyatan menapa ingkang sae saha mupangati.

- k. **Polri netepake 10 tersangka kang dinuga makar (UP)**
Makarya ?? (PR)

(PS/51/17 Desember 2016)

Ukara “*Polri netepake 10 tersangka kang dinuga makar*” tegesipun inggih menika Polri netepaken tersangka cacah 10 ingkang dinuga nindakaken makar. Makar menika tegesipun akal ingkang boten sae, tipu muslihat, tumindak kanthi

maksud badhe nyerang, ngupiyakaken badhe ngrisak pamarentahan ingkang sah (Tim KBBI, 1995:618). Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Makarya ??*”. Ukara kasebat tegesipun makarya utawi nyambut damel. Ukara menika kalebet ing sentilan utawi sindiran dhateng tersangka makar. Tersangka cacah 10 ingkang nindakaken makar menika panci makarya, ananging makarya kanthi boten samesthinipun amargi badhe ngrisak pamarentahan ingkang sah.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika wonten ingkang dados *provokator*. Irjen Boy Rafli Amar (lumantar CNN Indonesia, 2016) ngandharaken bilih Polri boten kepengin bilih niyatan saking ulama kangge ndedonga dipunsarengi kaliyan niat sanes. Kangge nyegah tumindak ingkang boten sae menika pramila Polri nangkep tiyang cacah 10 ingkang dinuga makar kangge ngirangi massa ingkang langkung ageng. Maksud saking andharan kasebat inggih menika Polri netepaken tiyang cacah 10 ingkang dinuga makar utawi *provokator* wonten ing aksi 212 ingkang dipunwontenaken ing monas. Aksi menika sejatosipun kangge ndedonga, ananging wonten pihak-pihak tartamtu ingkang ngupiyakaken kangge ngrisak pamarentahan ingkang sah. Wondene masarakat lumantar redaktur paring sentilan bilih makar menika nindakaken “makarya”. Makarya ateges nyambut damel kangge pikantuk samukawis. Ing prakawis menika nedahaken nyambut damel kanthi gadhah ancas ngrisak pamarentahan.

1. **Jeksa Ahmad Fauzi dadi tumbal kanggo ngamanake atasan** (UP)
Sinambi ngajab sing diamanake sedhela maneh katut ora aman (PR)
(PS/52/24 Desember 2016)

Ukara “*Jeksa Ahmad Fauzi dadi tumbal kanggo ngamanake atasan*” tegesipun inggih menika jeksa Ahmad Fauzi dados tumbal kangge ngamanaken atasanipun. Tumbal menika sarat kangge nulak kacilakan (Poerwadarminta, 1939:612). Maksud tumbal ing ukara inggih menika Fauzi dipundadosaken tersangka kangge sarat ngamanaken atasanipun, supados atasanipun boten kaseret wonten ing prakawis korupsi kasebat. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Sinambi ngajab sing diamanake sedhela maneh katut ora aman*”. Ukara kasebat tegesipun pangajab saking redaktur bilih atasan ingkang dipunamanaken menika enggal-enggal konangan supados saged ngicalaken praktek korupsi wonten ing lingkungan Kejaksaan.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika sami-sami boten aman. eQuator.co.id (2016) ngandharaken bilih ingkang dipunkunjara menika namung Ahmad Fauzi saha Abdul Munaf minangka pengusaha. Prakawis menika ngrembag babagan pemerasan tumrap Munaf kanthi prabeya Rp 1,5 miliar. Prakawis menika boten namung dipuntindakaken dening Fauzi, ananging atasanipun ugi pirsia namung panjenenganipun boten dipunkunjara. Fauzi minangka tiyang ingkang mendhet arta supados Munaf boten dipunkunjara ing prakawis nyade tanah kas dhusun ing Sumenep Madura. Ing prakawis menika boten namung Fauzi saha Munaf ingkang dipunpriksa, ananging wonten Abdullah minangka staf TU Bidang Intelijen Kejati Jatim ingkang dipunpriksa dening Kejagung. Maksud saking andharan kasebat

inggih menika Ahmad Fauzi dipunkunjara utawi dipundadosakn kurban kangge ngamanaken atasanipun. Sedaya menika dipuntindakaken supados atasan Fauzi boten konangan menawi nikmati arta asil korupsi. Wondene masarakat lumantar redaktur ugi kagungan pangajab bilih tiyang ingkang dipunamanaken menika mugiya enggal dipunkunjara ugi supados saged ngicalaken praktek korupsi wonten ing Kejaksaan saha supados boten wonten tumbal malih ing prakawis korupsi. Masarakat ugi kagungan pangajab bilih sinten kemawon ingkang nindakaken korupsi kedah dipunukum jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuntindakaken.

m. **Rakyat gela, hakim MK ketangkep tangan KPK (UP)**

Wis kentekan ukara ... (PR)

(PS/6/11 Februari 2017)

Ukara “*Rakyat gela, hakim MK ketangkep tangan KPK*” tegesipun inggih menika rakyat kuciwa amargi hakim Mahkamah Konstitusi ketangkep tangan dening KPK. MK minangka lembaga ukum ingkang inggil piyambak, wondene masarakat kagungan pangajeng-ajeng bilih MK dados lembaga ingkang resiko saking korupsi. Gandheng wonten hakim MK ingkang nindakaken korupsi, pramila masarakat ngraos kuciwa. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Wis kentekan ukara ...*”. Ukara kasebat tegesipun sampun telas ukaranipun. Maksud saking ukara kasebat inggih menika sampun boten wonten ingkang badhe dipunngendikakaken utawi kuciwa sanget. Rakyat sampun kuciwa, dados boten wonten bab ingkang badhe dipunandharaken malih amargi saking kuciwanipun rakyat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika rakyat kuciwa amargi korupsi. Ketua Komisi Pemberantasan Korupsi Agus Rahardjo (lumantar CNN, 2017) ngandharaken bilih KPK nindakaken Operasi Tangkap Tangan dhateng hakim MK. Panjenenganipun ngandharaken bilih wonten mapinten-pinten tiyang ingkang kecepeng saha dipunamanaken wonten ing KPK. Saderengipun kabar OTT menika ngrembaka, Ketua MK Arief Hidayat ngempalaken sedaya hakim MK kangge mundhut pirsa bab OTT. Maksud saking andharan kasebat inggih menika MK minangka lembaga ukum ingkang inggil piyambak. Adhedhasar andharan wonten ing pawartos menika, panci leres wonten hakim MK ingkang kecepeng dening KPK. Nalika masarakat mireng prakawis menika, masarakat ugi kuciwa awit sedaya ingkang sampun dipuntindakaken dening hakim MK. Masarakat sampun kuciwa sanget awit sedaya ingkang dipuntindakaken ngantos wonten paribasan ukaranipun sampun telas. Ukara menika nedahaken bilih masarakat kuciwa sanget tumrap hakim MK ngantos boten saged matur menapa-menapa.

- n. **76% sing korupsi diancam entheng** (UP)
Sugih 7 turunan, bebas pisan (PR)

(PS/11/18 Maret 2017)

Ukara “76% sing korupsi diancam entheng” tegesipun inggih menika 76% pihak ingkang korupsi dipunancem kanthi entheng. Korupsi inggih menika ngginakaken jabatan utawi kekuasaan kangge urusan pribadi (Efendi, 2018:238). Dipunancem entheng menika tegesipun dipunukum kanthi entheng utawi ukumanipun boten jumbuh kaliyan tumindak ingkang sampun dipuntindakaken.

Rata-rata vonis ingkang dipunparingaken menika 1-1,5 taun penjara (news.detik.com, 2017). Menawi dipunpenggalih ukuman menika entheng sanget amargi namung sekedhap, kamangka arta ingkang dipunpendhet menika kathah sanget. Ukara kasebat ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Sugih 7 turunan, bebas pisan*”. Ukara kasebat tegesipun sugih pitung turunan saha bebas. Maksud saking ukara kasebat inggih menika kanthi ukuman ingkang sekedhik, ananging arta ingkang dipunpendhet menika kathah, tamtu kemawon artanipun taksih saged dipunginakaken kangge putra wayahipun. Ukara menika kalebet ing sentilan ingkang dipunandharaken dening redaktur minangka wakil saking masarakat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ukuman boten jumbuh kaliyan ingkang dipuntindakaken. Tama S Langkun minangka Koordinator Divisi Hukum Dan Monitoring Peradilan ICW (lumantar news.detik.com, 2017) ngandharaken bilih vonis pengadilan tumrap pelaku korupsi taksih entheng. Wiwit taun 2013 ngantos 2016 mayoritas vonis antawisipun 1-1,5 taun kunjara. Kawontenan menika amargi jaksa penuntut umum boten kasil anggenipun nyusun tuntutan ukuman tumrap terdakwa. Adhedhasar andharan menika, maksudipun jaksa namung maringaken ukuman kanthi wekdal ingkang sekedhap. Kanthi mekaten, saged dipunsebat bilih ukuman ingkang dipunparingaken boten jumbuh kaliyan undang-undang ingkang lumampah. Kawontenan menika ndadosaken masarakat boten pitados tumrap pengadilan anggenipun ngrampungaken prakawis korupsi.

Wondene ukara menika pikantuk sentilan saking masarakat lumantar redaktur inggih menika saged sugih pitung turunan, lajeng bebas. Sugih pitung turunan menika nedahaken arta ingkang dipunkagungani dening tiyang ingkang korupsi menika taksih kathah sanget, satemah saged kangge nyekapi kepreluan kulawarganipun. Wondene bebas pisan menika nedahaken ukuman ingkang dipunparingaken menika entheng sanget namung 1-1,5 taun, dados sasampunipun mlebet kunjara tiyang ingkang korupsi menika saged bebas saha taksih saged nikmati artanipun.

- o. **Jeneng adhik ipene Jokowi terus muncul ing sidhang suap urusan pajeg (UP)**
Video blog dinane iki ditunggu, Pak Presiden..... (PR)
 (PS/12/25 Maret 2017)

Ukara “*Jeneng adhik ipene Jokowi terus muncul ing sidhang suap urusan pajeg*” tegesipun inggih menika asma adhik ipenipun Jokowi dipunsebat wonten ing sidhang suap urusan pajeg. Asma adhik ipenipun Jokowi inggih menika Arif Budi Sulistyo. Panjenenganipun dipunsebat amargi dipunduga wonten gayutipun kaliyan prakawis suap urusan pajeg. Dados wonten ing persidhang, panjenenganipun dipunsebat dening Wahono minangka saksi prakawis suap urusan pajeg (lumantar Tempo.co, 2017). Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Video blog dinane iki ditunggu, Pak Presiden.....*”. Ukara kasebat tegesipun video blog kagunganipun Pak Jokowi dinten menika dipuntengga dening masarakat. Pak Jokowi menika asring ndamel video blog ingkang wosipun babagan kagiyatan ing saben dintenipun. Gegayutan kaliyan

prakawis menika, video blog Pak Jokowi ingkang wosipun pamanggih babagan prakawis kasebat dipuntengga dening masarakat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika nanjihaken babagan suap pajeg dening adhik ipenipun Jokowi. Pejabat pamarentah ingkang dipunmaksud inggih menika Bapak Jokowi minangka presiden Indonesia. Wondene tiyang ingkang dipunsebat menika adhik ipenipun Pak Jokowi ingkang asma Arif Budi Sulistyono. Panjenenganipun dipunsebat amargi gegayutan kaliyan prakawis suap urusan pajeg. Wahono Syahputro (lumantar Tempo.co, 2017) ngandharaken bilih Arif nate nyuwun dipuntepangaken kaliyan Direktur Jenderal Pajak Ken Dwiijugasteady. Prakawis menika babagan PT Eka Prima ingkang wiwit taun 2015-2016 dereng ngrampungaken *restitusi*, surat tagihan pajak, *tax amnesty*, pencabutan pengusaha kencing pajak, saha *bukti permulaan*. Kangge ngrampungaken prakawis menika Rajamohan badhe nyaosaken arta 6 Milyar dhateng Handang minangka Kepala Subdit Bukti Permulaan Direktorat Penegakan Hukum Ditjen Pajak. Miturut Wahono, Arif namung nglantaraken Rajamohanan (ingkang paring suap) kaliyan pejabat Ditjen Pajak, ananging Arif namung manggihaken Rajamohan kaliyan Haniv minangka pejabat ing Kantor Wilayah Direktorat Jenderal Pajak Khusus.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika Arif dipunsebat asmanipun amargi manggihaken Rajamohan kaliyan pejabat ing Ditjen Pajak. Ancas anggenipun pepanggihan menika badhe nyuap sedaya beban pajeg ingkang dipuntanggung dening PT Eka Prima. Kanthi mekaten, wonten ing persidhangan

tamtu kemawon sedaya ingkang wonten gayutipun kaliyan prakawis menika dipunsebataken supados gamblang. Tiyang-tiyang ingkang dipunsebataken wonten ing persidhangan menika boten milih-milih, sedaya saged kenging, menapa menika pejabat, sedherek pejabat, utawi sanesipun. Angkah menika dipuntindakaken supados saged ngicali praktek korupsi ingkang lumampah ing Indonesia saha saged ndadosaken pejabat menika ajrih menawi badhe nindakaken tumindak korupsi. Wondene ukara menika dipunkritik dening masarakat lumantar redaktur inggih menika video blog saking Pak Jokowi menika dipuntengga dening masarakat. Ancas saking ukara kasebat inggih menika badhe nyuwun pamanggih saking Bapak Jokowi gegayutan kaliyan prakawis adhik ipenipun. Pamanggih ingkang dipuntengga menika saking video blog ingkang asring dipundamel dening pak Jokowi.

p. **Ahok divonis kunjara 2 taun** (UP)

Thok... thok... thok.... palu hakim nothok! (PR)

(PS/20/20 Mei 2017)

Ukara “*Ahok divonis kunjara 2 taun*” tegesipun inggih menika Ahok utawi Basuki Tjahaja Purnama dipunukum kunjara kalih taun. Wondene maksud saking *vonis* inggih menika putusan hakim ing pengadilan ingkang gegayutan kaliyan persengketaan ing antawisipun pihak ingkang majeng ing pengadilan, ukuman (Efendi, 2018:441). Maksud andharan kasebat inggih menika hakim sampun mutusaken ing pengadilan bilih Ahok dipunkunjara kalih taun. Saking andharan menika redaktur paring pamanggih bilih “*Thok... thok... thok.... palu hakim nothok!*”. Andharan menika negesaken bilih “thok” menika swantenipun palu pengadilan ingkang nedahaken putusan hakim. Ateges, bilih putusan hakim

sampun dipuntetepaken, wondene terdakwa kedah nindakaken menapa ingkang sampun dipunputusaken dening hakim.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ukuman kagem Ahok. DetikNews.com (2017) ngandharaken bilih Gubernur DKI Jakarta Ahok dipunukum kalih taun kunjara. Ahok panci lepat nindakaken penisthaan agami amargi ingkang dipunngendikakaken bab Surat Al Maidah ayat 51 nalika tindak dhateng Pulau Pramuka Kepulauan Seribu. Hakim pengadilan ngandharaken bilih inti ingkang dipunngendikakaken dening Ahok inggih menika nganggep bilih Surat Al Maidah menika piranti kangge apus-apus umat utawi masarakat, ananging miturut pengadilan terdakwa sampun boten ngormati saha ngina Surat Al Maidah ayat 51. Saking andharan menika, saged dipunpendhet dudutan bilih Ahok dipunkunjara kalih taun amargi sampun nindakaken penisthaan tumrap agami Islam. Anggenipun hakim mendhet putusan menika ugi dipunjumbuhaken kaliyan paugeran ingkang lumampah inggih menika Pasal 156a KUHP, ingkang tegesipun kanthi sengaja ngandharaken menapa ingkang dipunpenggalih, penyalahgunaan, utawi penodaan tumrap satunggaling agami. Kanthi mekaten saged ndadosaken putusan ingkang adil.

q. **Produsen uyah ilegal digrebek** (UP)
Apa ta sing ora dipalsu?! (PR)

(PS/22/3 Juni 2017)

Ukara “*Produsen uyah ilegal digrebek*” tegesipun inggih menika produsen utawi tiyang ingkang ndamel sareng kanthi ilegal utawi boten resmi dipungrebek. Ukara menika boten nedahaken ing kutha pundi anggenipun nggrebek, ananging

menawi dipuntingali saking tanggal anggenipun ndamel pawartos kasebat inggih menika penggrebegan sarem ilegal wonten ing Probolinggo saha Sidoarjo. Tembung “dipungrebek” menika tegesipun pulisi tindak dhateng TKP (*Tempat Kejadian Perkara*) kanthi dumadakan supados ngasilaken asil tangkepan ingkang akurat. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Apa ta sing ora dipalsu?!?*”. Teges saking sentilan kasebat inggih menika menapa ta ingkang boten dipunpalsu. Maksudipun inggih menika barang menapa kemawon ta ing Indonesia ingkang boten dipunpalsu. Badhe sedaya barang ing Indonesia dipunpalsu dening oknum ingkang boten tanggeljawab. Salah satunggalipun inggih menika sarem. Sarem kemawon dipunparingi yodium sekedhik (FaktualNews.co). Dados menika ingkang dipunwastani dipunpalsu.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika sedaya barang dipunpalsu. Prakawis ingkang dipunpendhet minangka pandom ing ukara kasebat inggih menika prakawis penggrebegan sarem ilegal ing Sidoarjo. FaktualNews.co (2017) ngandharaken bilih Satreskrim Polresta Sidoarjo mbongkar industri ingkang mroduksi sarem cacah sekawan ing dhusun Wonokasian, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Petugas ngamanaken tersangka cacah sekawan inggih menika Imam, Subagiyo, Mohammad Khamdan, saha Siti Khoirotin. Pulisi ugi ngamanaken mesin selep sarem cacah sekawan set, cetakan sarem cacah wolu, timbangan cacah sekawan, oven cacah 12, nota, sarem ingkang sumadya dipunkintun cacah puluhan ton, saha sanesipun. Penggrebegan menika dipuntindakaken amargi griya produksi menika boten gadhah idin produksi saha

sertifikat Standar Nasional Indonesia (SNI), kepara asil produksi sareng yodium boten jumbuh kaliyan standar.

Andharan ing nginggil minangka tuladha salah satunggaling prakawis ingkang dipuntindakaken kanthi boten resmi lajeng dipungrebek. Maksud saking ukara kasebat inggih menika prakawis ingkang dipuntindakaken kanthi boten resmi menika tamtu badhe nunakaken pihak sanes. Kanthi mekaten, pihak pulisi minangka pelindung masarakat tamtu badhe ngurus sedaya ingkang wonten gayutipun kaliyan masarakat. Kanthi mekaten, pulisi nggrebek produksi sareng ilegal supados boten nunakaken kasarasanipun masarakat malih. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking masarakat lumantar redaktur bilih barang menapa kemawon ingkang boten dipunpalsu. Maksud saking ukara kasebat inggih menika kathah barang ing Indonesia ingkang dipunpalsu dening oknum ingkang boten tanggungjawab, kalebet sareng ingkang dipunpalsu kaliyan yodium kanthi takeran ingkang boten jumbuh kaliyan paugeranipun.

r. **Dirut PT Garam dirangket gegandhengan *impor uyah* (UP)**
Asin! (PR)

(PS/26/1 Juli 2017)

Ukara “*Dirut PT Garam dirangket gegandhengan impor uyah*” tegesipun inggih menika direktur Utama PT Garam dipunrangket amargi gegayutan kaliyan *impor* sareng. Rangket tegesipun dipunpala, dipungebuki, dipunsapu (Poerwadarminta, 1939:520). Ananging menawi miturut DetikNews.com (2017) Dirut PT Garam kecepeng amargi boten jujur kaliyan idin *impor* sareng. Redaktur ngginakaken tembung dirangket amargi kangge pangemba-emba proses anggenipun tersangka kecepeng menika kanthi dipunpeksa. Adhedhasar andharan

kasebat, maksudipun inggih menika Dirut PT Garam kecepeng dening Bareskrim Polri amargi sampun nylewengaken idin *impor* sarem. Panjenenganipun ngewahi rencana *impor* sarem konsumsi dados sarem industri. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “Asin!”. Ateges, asin minangka raosipun sarem. Asin menika pangemba-emba kados pundi panggesanganipun Dirut PT Garam sasampunipun kecepeng dening Bareskrim ingkang boten ngremenaken. Asin menika nedahaken panggesangan, ingkang menawi kekathahen ndadosaken boten ngremenaken, menawi sekedhik ugi boten ngremenaken. Dados kedah pas utawi menawi dipunpapanaken ing prakawis menika jumbuh kaliyan paugeran ingkang lumampah. Gandheng ing prakawis menika panjenenganipun nerak paugeran, pramila kecepeng dening Bareskrim kangge nanggjawabaken menapa ingkang sampun dipuntindakaken.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika Dirut PT Garam apus-apus *impor* sarem. DetikNews.com (2017) ngandharaken bilih direktur utama PT Garam, Achmad Boediono kecepeng dening Bareskrim Polri amargi nylewengaken idin *impor* sarem. Panjenenganipun ngewahi rencana *impor* sarem konsumsi dados sarem industri. Adhedhasar paugeran Kementerian Perdagangan, prabeya mlebetipun *impor* sarem konsumsi ngantos 10 persen saking total prabeya *impor*. Prabeya menika boten dipunbayaraken ngantos 3,5 milyar. Panjenenganipun nyade sarem produksi ananging ngginakaken regi sarem konsumsi.

Adhedhasar andharan kasebat, panjenenganipun kagungan pepenginan badhe pikantuk bathi ingkang kathah ananging ingkang dipunsade menika boten

jumbuh. Kanthi mekaten, panjenenganipun saged pikantuk bathi ingkang kathah amargi sarem ingkang dipunsade menika sarem industri ananging ngangge regi sarem konsumsi. Redaktur ugi paring sentilan dhateng tersangka inggih menika asin. Asin menika raosipun sarem (Poerwadarminta, 1939:20). Asin! minangka pangemba-emba panggesangan ingkang boten ngremenaken ingkang dipunraosaken kaliyan Achmad wonten ing kunjara amargi sampun nindakaken tumindak kriminalitas kanthi nylewengaken idin *impor* sarem. Menawi asin dipunserat kanthi ngginakaken tandha pakon menika nedahaken duka, prentah, saha boten sarujuk kaliyan menapa ingkang dipunkutip (Keraf, 2004:27). Menawi dipunjumbuhaken kaliyan ukara ing nginggil, ukara “Asin!” menika nedahaken duka amargi Achmad sampun nylewengaken idin *impor* sarem kepara ngantos ngumpat bilih panjenenganipun ugi ngraosaken panggesangan ingkang boten sekeca ing kunjara kadosta asinipun sarem.

- s. **Setya Novanto dadi ‘tersangka’** (UP)
Sapinter-pintere ‘papa’ mlumpat.... (PR)

(PS/30/29 Juli 2017)

Ukara “*Setya Novanto dadi ‘tersangka’*” tegesipun inggih menika Setya Novanto dipundadosaken tersangka. Setnov menika sampun nindakaken korupsi tumrap prabeya E-KTP. Setnov sampun kabukten nindakaken korupsi, pramila panjenenganipun kadadosaken tersangka. Wondene tersangka inggih menika tiyang ingkang dipunsangka sampun nindakaken tumindak pidana saha taksih taraf pamariksa kangge dipunlimbang menapa tersangka kagungan dhasar ingkang cekap kangge dipunpriksa ing persidangan (Efendi, 2018:395). Ukara menika ugi pikantuk sentilan bilih “*Sapinter-pintere ‘papa’ mlumpat....*”. Papa ing ngriki

inggih menika Setya Novanto. Wondene mlumpat menika nedahaken ngendhani prakawis korupsi. Sentilan menika nedahaken sapinter-pinteripun Setya Novanto ngendhani prakawis korupsi, menawi nindakaken tumindak ingkang nunakaken tiyang kathah tamtu kecepeng.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika Setya Novanto konangan. FloresPost.co (2017) ngandharaken bilih ing dinten Senin tanggal 17 Juli 2017, KPK netepaken Setya Novanto minangka tersangka korupsi proyek E-KTP taun 2012 ingkang nunakaken negari Rp 2,3 triliyun. KPK sampun ngukir sujarah bilih panjenenganipun saged netepaken Setnov dados tersangka amargi panjenenganipun dipunanggep dening masarakat tiyang ingkang kebal ukum utawi lolos saking ukuman wiwit orde baru ngantos prakawis “*Papa minta saham*”. Tumindak menika nedahaken bilih ing kawontenan menapa kemawon, KPK sampun wantun saha tetep njagi jati dhirinipun kangge mbrastha korupsi ing Indonesia, senadyan wonten pihak ingkang badhe mbubrah KPK.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika KPK kasil ndadosaken Setya Novanto minangka tersangka prakawis E-KTP, senadyan panjenenganipun asring ngendhani ukuman ananging menawi nindakaken tumindak ingkang lepat tamtu kemawon tetep kecepeng. KPK ndadosaken Setnov dados tersangka adhedhasar prakawis E-KTP ing taun 2012. Panjenenganipun nindakaken korupsi ngantos nunakaken negari Rp 2,3 triliyun. Wondene redaktur minangka sesulih saking masarakat ugi paring sentilan bilih sapinter-pinteripun “papa” mlumpat. Maksud ukara kasebat inggih menika sapinter-pinteripun Setya Novanto

ngendhani ukuman, ananging menawi wonten pihak ingkang kekeh kangge mbrastha korupsi (KPK) tamtu panjenenganipun kecepeng saha dipunukum jumbuh kaliyan menapa ingkang dipuntindakaken.

t. **Antasari siap mbantu ndhungkap kasus korupsi gedhe (UP)**

Wis nlolor menyang ngendi-endi (PR)

(PS/6/11 Februari 2017)

Ukara “*Antasari siap mbantu ndhungkap kasus korupsi gedhe*” tegesipun inggih menika Antasari siyaga badhe mbiyantu KPK anggenipun ndhungkap prakawis korupsi ageng. Korupsi inggih menika ngginakaken jabatan utawi kekuasaan kangge urusan pribadi (Efendi, 2018:238). Antasari minangka mantan Ketua KPK ingkang nalika taksih njabat nembe ndhungkap prakawis korupsi cacah tiga inggih menika Century, BLBI, saha IT KPU (Kaskus.co.id, 2017). Pramila nalika sampun medal saking kunjara, panjenenganipun siyaga badhe mbiyantu KPK kangge ngrampungaken prakawis menika. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Wis nlolor menyang ngendi-endi*”. Ukara kasebat tegesipun ngantos dumugi pundi-pundi. Maksud ukara kasebat inggih menika prakawis korupsi menawi dipunbikak kaliyan Antasari tamtu saged ngrembaka saha sedaya ingkang wonten gayutanipun kaliyan prakawis kasebat saged dipunmangertosi dening KPK.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika badhe konangan sedaya ingkang nindakaken korupsi. Kaskus.co.id (2017) ngandharaken bilih Antasari siyaga mbiyantu KPK anggenipun ndhungkap prakawis korupsi cacah tiga. Prakawisipun inggih menika Century, BLBI, saha IT KPU. Antasari ngraos kagungan utang

mbrastha korupsi, pramila sumadya badhe mbiyantu sedayanipun. Adhedhasar andharan ing nginggil, KPK mbetahaken pambiyantu saking pihak sanes (Antasari minangka mantan Ketua KPK) ingkang mangertos saestu babagan prakawis korupsi menika. Sasampunipun panjenenganipun medal saking kunjara, siyaga mbiyantu KPK anggenipun badhe ndhungkap korupsi. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika sampun nlolor dumugi pundi-pundi. Maksud saking ukara kasebat inggih menika prakawis korupsi cacah tiga menawi dipunbikak kaliyan Antasari tamtu kemawon saged ngrembaka saha sedaya tiyang ingkang gegayutan kaliyan prakawis kasebat saged dipunmangertosi dening KPK. Sentilan menika minangka pangajeng-ajengipun masarakat supados prakawis korupsi ageng saged rampung saha boten dipunambali malih.

- u. **Jeksa Agung nggawe tim pencari fakta temone TPFG bab anane dhuwit narkoba (UP)**
Perlune tim penghilang fakta (PR)

(PS/40/1 Oktober 2016)

Ukara “*Jeksa Agung nggawe tim pencari fakta temone TPFG bab anane dhuwit narkoba*” tegesipun inggih menika jeksa agung ndamel tim kangge madosi kasunyatan-kasunyatan ingkang wonten gayutipun kaliyan arta narkoba. Prakawis menika kedah dipundamel tim piyambak, supados anggenipun nindakaken tugas boten ngambra-ambra. Tim menika dipunsebat TPFG ingkang ateges Tim Pencari Fakta Gabungan. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*perlune tim penghilang fakta*”. Ukara menika tegesipun, ingkang dipunbetahaken inggih menika tim kangge ngicalaken fakta utawi dhata kasunyatan. Maksudipun

inggih menika tim ingkang saged ngicalaken kasunyatan-kasunyatan ngengingi arta narkoba, amargi menawi kepanggih tamtu kemawon kathah oknum-oknum ingkang keseret wonten ing ranah ukum.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika nglarah prakawis arta narkoba. Tempo.co (2016) ngandharaken bilih jeksa agung badhe ndamel tim kangge madosi fakta ingkang wonten gayutanipun kaliyan jeksa salebeting prakawis suap saha ingkang meres Freddy Budiman. Tim kasebat mugiya saged paring andharan gayutipun jeksa salebeting prakawis menika. Adhedhasar andharan kasebat, tim menika dipundamel kangge madosi kasunyatan ingkang wonten gegayutanipun kaliyan arta narkoba. Kanthi mangertos ingkang kasunyatanipun, aparat ukum saged ngupiyakaken proses ukum ingkang lumampah, ananging masarakat lumantar redaktur ngandharaken pamanggihipun inggih menika ingkang dipunbetahaken tim ingkang saged ngicalaken dhata kasunyatan. Maksudipun inggih menika supados dhata menika ical satemah masarakat saha aparat boten mangertos menapa ingkang sejatosipun dumados saha boten ngancem jabatanipun.

v. **Presiden gregeten kejahatan narkoba saya ndadra (UP)**

Dilawan to pak! (PR)

(PS/30/23 Juli 2016)

Ukara “*Presiden gregeten kejahatan narkoba saya ndadra*” tegesipun presiden gregeten amargi narkoba tansaya ngrembaka ing Indonesia. Bab menika boten namung nyerang masarakat kemawon, ananging oknum artis ngantos pejabat. Kanthi mekaten, presiden ugi ngraosaken gregeten amargi

pangrembakanipun narkoba. Ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Dilawan to pak!*”. Sentilan kasebat gadhah maksud bilih redaktur saha masarakat gadhah pepenginan supados narkoba dipunlawan. Ukara kasebat minangka pangajak-ajak masarakat supados sareng-sareng nglawan narkoba ingkang dipunpandhegani dening Presiden.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika narkoba angel dipunlawan. Media online MetroTv News.com (2016) mahyakaken bilih narkoba sampun tansaya ndadra. Korban narkoba boten namung remaja, ananging wonten ugi lare-lare, aparat, saha pejabat. Ingkang dados kurir ugi boten namung jaler, ananging wonten ugi ingkang estri. Saking andharan menika nedahaken bilih narkoba menika angel dipunlawan amargi pangrembaknipun boten ningali pangkat, umur, menapa dene jinis kelamin. Ateges, sedaya lapisan masarakat saged kenging narkoba. Kanthi mekaten, sedaya pihak kedahipun saged tansah nyengkuyung sedaya program kangge nglawan narkoba supados saged ngicali kanthi sekedhik-sekedhik.

w. **Pulisi tawa ampunan marang gerombolan Santoso (UP)**

Ditawani gaweyan wae pak, dadi pulisi (PR)

(PS/32/6 Agustus 2016)

Ukara “*Pulisi tawa ampunan marang gerombolan Santoso*” nedahaken bilih pulisi paring panawa ampunan dhateng gerombolan Santoso. Ancas saking paring ampunan menika supados saged medal saking papan ingkang sinigid. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Ditawani gaweyan wae pak, dadi pulisi*”. Ateges redaktur paring pamanggih bilih gerombolan Santoso

dipuntawari dados pulisi kemawon amargi kaajab saged nangkep pelaku teroris sanesipun saha prigel anggenipun ngginakaken senjata utawi gegaman kadosta pulisi. Tegesipun, ukara menika minangka pamanggih kagem pulisi supados ngindhakaken strategi kangge nangkep gerombolan Santoso.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados purun pasrah bongkokan. CNN Indonesia (2016) ngandharaken bilih pamarentah nglimbang kangge paring pengampunan tumrap anggota kelompok Santoso cacah 19, menawi piyambakipun medal saking papan ingkang siningid utawi pasrah bongkokan. Pamarentah nembe ngupiyakaken kangge paring pangampunan amargi piyambakipun ugi warga negari Indonesia. Menteri Koordinator Bidang Politik, Hukum dan Keamanan Luhut Binsar Pandjaitan ngandharaken bilih pamarentah ngupiyakaken pendhekatan lumantar agami saha budaya. Panjenenganipun ugi ngendika menawi pamarentah ugi saged ngginakaken cara operasi militer menawi kanthi pendhekatan lunak boten kasil. Maksudipun inggih menika, pulisi paring panawa dhateng gerombolan Santoso supados saged medal saking papan ingkang siningid, supados pamarentah saged ngicalaken terorisme wonten ing Indonesia saha paring pengampunan dhateng kelompok Santoso. Wondene sentilan saking redaktur, maksudipun inggih menika kanthi dipuntawari dados pulisi, pangajabipun saged madosi teroris-teroris sanes wonten ing Indonesia, amargi sami-sami mangertos kawontenan terorisme Indonesia.

x. **Money politics ngancam Pilkada 2017 (UP)**

Wiwit biyen tetep “wani pira?” (PR)

(PS/7/18 Februari 2017)

Ukara “*Money politics ngancam Pilkada 2017*” tegesipun inggih menika praktek politik uang saged ngancem Pilkada 2017. Ngancem ing ngriki maksudipun saged ngrisak Pilkada. Pilkada menika gadhah ancas mujudaken Pilkada ingkang resik utawi boten wonten praktek-praktek ingkang nerak ukum, ananging menawi wonten arta utawi barang-barang ingkang dipuncaosaken dhateng masarakat nalika wekdalipun badhe Pilkada menika saged dipunwastani ngrisak ancas Pilkada resik. Kanthi mekaten saged dipunwastani ngancem Pilkada 2017. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih ‘*Wiwit biyen tetep “wani pira?”*’. Ukara kasebat tegesipun wiwit rumiyin tetep wonten arta ingkang dipunbagi. Wani pira minangka tandha menawi tiyang badhe nyuwun arta kangge nindakaken samukawis saking tiyang sanes. Maksud saking ukara kasebat inggih menika wiwit rumiyin sampun wonten arta ingkang dipunbagi dhateng masarakat supados masarakat kersa milih pasangan calon ingkang maringi arta. Arta menika kangge imbalan amargi sampun kersa milih pasangan calon kasebat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika tradhisi politis masyarakat. Ketua Bawaslu Muhammad (lumantar Kompas.com, 2017) ngandharakn bilih ing sedaya dhaerah wonten 600 prakawis ingkang nindakaken politik uang. Wonten ingkang awujud arta menapa dene sembako. Panjenenganipun ugi mahyakaken bilih tumindak menika dipuntindakaken dening relawan pasangan calon saha pribadi.

Praktek menika ugi dipuntindakaken nalika masa tenang. Bawaslu nembe madosi dugaan menika, menawi wonten buktinipun tamtu badhe dipun-*diskualifikasi* senadyan statusipun minangka calon ingkang kapilih. Maksud saking andharan kasebat inggih menika taksih kathah relawan pasangan calon ingkang nindakaken praktek politik uang supados masarakat kersa milih pasangan calon ingkang maringi arta. Praktek menika dipuntindakaken amargi swara cacah setunggal saged mangaribawani menangipun pasangan calon. Dados pasangan calon saha relawanipun rerebut penggalhipun masarakat kanthi cara maringi arta. Ukara menika dipunsengkuyung dening sentilan saking redaktur bilih wiwit kala rumiyin tetep wani pira. Miturut ukara kasebat, praktek menika sampun lumampah dangu. Dados wiwit rumiyin sampun wonten praktek politik uang.

- y. **Kemenkominfo nggandheng FB merangi *hoax* (UP)**
Sing nggawe hoax uga perlu digandheng, terus dibanting (PR)
 (PS/8/25 Februari 2017)

Ukara “*Kemenkominfo nggandheng FB merangi hoax*” tegesipun inggih menika Kemenkominfo nggandheng FB kangge sesarengan merangi *hoax*. Kupiya menika dipuntindakaken supados masarakat boten kaprabawan dening pawartos ingkang boten leres. Dados samangke FB ingkang saged milih saha milah pawartos ingkang leres. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Sing nggawe hoax uga perlu digandheng, terus dibanting*”. Ukara kasebat tegesipun pihak ingkang ndamel pawartos ingkang boten leres menika kedah dipungandheng ugi, lajeng dipunbanting. Ukara menika minangka sentilan saking redaktur bilih sedaya pihak kedah dipunajak kangge merangi pawartos ingkang

boten leres kasebat. Tembung dipunbanting menika nedahaken ukuman ingkang abot dhateng tiyang ingkang ndamel pawartos *hoax*.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika tembayatan kangge ngicalaken *hoax*. Rudiantara (lumantar Republika.co.id, 2017) ngandharaken bilih pamarentah lan perusahaan Facebook (FB) badhe ngrembag babagan njaring pawartos ingkang boten leres wonten ing *media sosial*. Pamarentah ugi badhe ndamel undang-undang ingkang wonten gayutipun kaliyan pawartos ingkang boten leres. Pamarentah ugi badhe ngatasi prakawis pornografi, judi, saha prakawis sanesipun ingkang ndadosaken masarakat boten tentrem. Maksud saking ukara kasebat inggih menika kupiya Kemenkominfo nggandheng FB kangge nglawan pawartos *hoax* menika sae saha kedah dipunsengkuyung ugi dening masarakat. Kupiya menika nedahaken pamarentah preduli tumrap tatanegari Indonesia supados boten dipunrisak dening tiyang ingkang boten tanggeljawab lumantar pawartos *hoax*. Wondene ukara menika ugi dipunsentil dening redaktur bilih ingkang ndamel pawartos *hoax* kedah dipunukum jumbuh kaliyan ukuman ingkang lumampah supados boten ngambali anggenipun ndamel pawartos ingkang boten leres saha saged ngrisak tatanegari Indonesia.

- z. **Pemerintah bisa mblokir akses *media sosial*** (UP)
Ora klebu tumrape buzzer-buzzer pendukung (PR)

(PS/24/17 Juni 2017)

Ukara “*Pemerintah bisa mblokir akses media sosial*” tegesipun inggih menika pamarentah saged mblokir akses *media sosial* ingkang kabukten nindakaken tumindak ingkang nerak ukum utawi tumindak ingkang saged

nunakaken negari. Mblokir saking tembung *block* ingkang tegesipun ngalang-alangi (Gunawan, 2001:42). Wondene tegesipun mblokir ing ukara kasebat inggih menika nutup *media sosial* ingkang nindakaken tumindak saha ndadosaken tunanipun negari, satemah *media sosial* menika boten saged dipunbikak malih. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Ora klebu tumrape buzzer-buzzer pendukung*”. Teges saking sentilan kasebat inggih menika boten kalebet *buzzer* panyengkuyung utawi tiyang ingkang dados sarana kangge ngiklanaken satunggaling produk. Maksud saking andharan kasebat inggih menika ingkang dipunblokir dening pamarentah akun ingkang ndamel tunanipun negari, wondene tiyang ingkang nyebaraken menika lolos saking pemblokiran.

Inferensi utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kedah ngatos-atos ngginakaken *media sosial*. Sumeks.co.id (2017) ngandharaken bilih pamarentah saged mblokir *media sosial* ingkang wosipun prakawis-prakawis ingkang negatif saha saged nunakaken negari. Kanthi mekaten, pamarentah ndamel badan ingkang dipunsebat BSSN utawi *Badan Siber dan Sandi Negara*. Badan menika ingkang tembenipun badhe ndeteksi, njagi, nanggulangi, ngantos ndadosi sistem akibat saking gangguan *cyber*. Adhedhasar andharan kasebat, pamarentah samenika tumemen anggenipun nglawan *cyber crime* utawi kejahatan *cyber*. Salah satunggaling angkahipun inggih menika kanthi ndamel badan ingkang gadhah ancas kangge nglawan *hoax* saha kejahatan-kejahatan *cyber* sanesipun. Kanthi mekaten, masarakat ugi saged preduli tumrap *media sosial* ingkang dipunginakaken saha boten nindakaken kejahatan-kejahatan *cyber* ingkang saged nunakaken pamarentah saha negari.

Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking masarakat bilih sejatosipun ingkang dipunusut boten namung wosing ingkang asli kemawon, ananging tiyang ingkang nyebaraken menika ugi dipunusut supados boten wonten kehajatan kados mekaten malih saha saged ndadosaken raos ajrih.

- aa. **Nganakake pilkada bersih, KPK ngajak warga melu ngawasi (UP)**
Yen tetep ana sing dumdum, ya kapeksa dinikmati (PR)
(PS/38/17 September 2016)

Ukara “*nganakake pilkada bersih, KPK ngajak warga melu ngawasi*” tegesipun inggih menika ngawontenaken pilkada ingkang resik, KPK ngajak warga ndherek ngawasi. Maksudipun inggih menika KPK ngajak warga supados ndherek ngawasi menawi wonten praktek-praktek ingkang nerak ukum kadosta *money politic*. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*yen tetep ana sing dumdum, ya kapeksa dinikmati*”. Ukara menika tegesipun, menawi wonten ingkang dipuncaosaken dhateng masarakat, inggih kapeksa dipunnikmati. Maksudipun inggih menika menawi wonten barang-barang utawi arta ingkang dipundum dhateng masarakat, kapeksa barang menika dipunnikmati amargi minangka rejeki.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kedah tegas nulak *money politic*. Wakil Ketua KPK Alexander Marwata lumantar Tempo.co (2016) ngandharaken bilih masarakat kedah ndherek ngawasi amargi masarakat ingkang mangertos kuwalitas calon kepala daerah saha proses pilkada dipuntindakaken kanthi transparan menapa boten. Menawi masarakat mangertos bilih wonten praktek pilkada ingkang nerak ukum, saged nglaporaken prakawis menika dhateng Bawaslu utawi

aparatus hukum. Adhedhasar andharan kasebat, maksudipun inggih menika kedah wonten tembayatan antawisipun masarakat saha pamarentah kangge ngawasi pilkada saha nulak *money politic*. Pamarentah kagungan ancas kangge mujudaken pilkada ingkang resik, pramila mbetahaken tembayatan saking masarakat. Masarakat ugi saged dipunajak kerjasama dening pamarentah. Wondene masarakat lumantar redaktur paring sentilan bilih menawi taksih wonten ingkang nindakaken praktek *money politic*, masarakat tamtu nampi minangka rejeki, amargi padatan masarakat ingkang dipuncaosi arta utawi barang menika masarakat ingkang pendhidhikanipun andhap. Ananging, masarakat tamtu kagungan pepenginan mujudaken pilkada ingkang resik kanthi nulak *money politic* dados sedaya pihak kedah tansah nyengkuyung.

bb. **Mediasi Kraton Surakarta gagal** (UP)

Ora usah dirujukake, rak kesel dhewe (PR)

(PS/17/29 April 2017)

Ukara “*Mediasi Kraton Surakarta gagal*” tegesipun inggih menika mediasi ingkang dipuntindakaken dening pengadilan kangge ngrampungaken prakawis ing Kraton Surakarta boten kasil. *Mediasi* inggih menika kesepakatan ingkang sinerat, sengketa, utawi beda pamanggih ingkang dipunrampungaken lumantar pambiyantu tiyang sanes utawi penasehat ahli menapa dene lumantar mediator ingkang netral (Efendi, 2018:268). Mediasi menika dipuntindakaken antawisipun pihak Paku Buwana XIII kaliyan putrinipun ing Pengadilan Negeri Surakarta. Mediasi ingkang boten kasil amargi kekalihipun boten tindak dhateng pengadilan, kamangka kedahipun ingkang kagungan prakawis rawuh ing mediasi supados prakawis saged enggal rampung, ananging ing kasunyatan ingkang rawuh namung

kuasa ukumipun (Tempo.co, 2017). Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Ora usah dirujukake, rak kesel dhewe*”. Ukara kasebat tegesipun pihak kalih menika boten usah dipunujukaken malih, samangke badhe lerem piyambak. Maksud saking ukara kasebat inggih menika pihak kalih ingkang kagungan prakawis boten prelu dipunujukaken malih, samangke badhe sae piyambak amargi sejatosipun prakawis menika kalebet ing prakawis kulawarga dados menawi saged dipunrampungaken ugi kanthi kekeluwargaan.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados dipunrampungaken kanthi ngrembug kulawarga. Tempo.co (2017) ngandharaken bilih mediasi menika boten kasil amargi pihak Paku Buwana XIII saha GKR Timoer Rumbai Kusuma Dewayani boten rawuh mediasi ing Pengadilan Negeri Surakarta. Ingkang rawuh ing pengadilan namung kuasa ukumipun. Tindakipun penggugat saha tergugat dipunatur wonten ing Peraturan Mahkamah Agung (Perma) nomor 1 taun 2016 babagan Tata Cara Mediasi. Pihak ingkang wonten gayutanipun kaliyan prakawis kedah tindak kejawi gerah, boten saged ngurus prakawisipun piyambak (*pengampuan*), saha nembe wonten ing luar negeri utawi nembe wonten pedamelan sanes. Ing prakawis menika, PB XIII boten saged rawuh amargi gerah, wondene putrinipun boten badhe kesesa anggenipun nindakaken mediasi saking pengadilan amargi taksih wonten kalodhangan sewulan kangge mediasi dados badhe ngrampungaken prakawis kanthi kekeluwargaan. Gugatan menika amargi PB XIII mbentuk tim Panca Narendra ingkang tugasipun kangge ngrampungaken

prakawis wonten ing lebet keraton. Angkah menika cacat ukum amargi raja Kraton Surakarta saweg gerah satemah boten trep menawi nindakaken ukum.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika mediasi tumrap prakawis ingkang dipunalami dening Kraton Surakarta menika boten kasil amargi kekalihipun boten rawuh ing pengadilan utawi namung dipunwakili kaliyan kuwasa ukumipun. Kanthi mekaten, boten wonten kesepakatan antawisipun pihak kalih kangge ngrampungaken prakawis menika. Kanthi mekaten, kedah wonten cara sanes ingkang dipuntindakaken kangge ngrampungaken prakawisipun inggih menika kanthi kekeluwargaan. Menawi kanthi kekeluwargaan saha mediasi boten kasil, saged dipunginakaken cara ukum perdata, supados saged enggal rampung prakawisipun.

cc. ***Bisnisan nasional kompak melu pengampunan pajeg*** (UP)
Muga-muga merga insap, dudu merga wedi (PR)
(PS/41/8 Oktober 2016)

Ukara “*bisnisan nasional kompak melu pengampunan pajeg*” tegesipun bisnisan nasional kompak ndherek pengampunan pajeg ingkang dipunwontenaken dening pamarentah. Pengampunan pajeg menika ambayar tagihan pajeg ingkang dipunparingaken dhateng pengusaha kanthi jumlah tartamtu, wondene bunga saha denda dipunicali, tanpa wonten panuntutan pidana. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*muga-muga merga insap, dudu merga wedi*”. Ukara menika tegesipun, mugi-mugi kanthi ndherek pengampunan pajeg, para pengusaha insap, sanes ajrih. Menawi para pengusaha menika insap, ateges benjingipun badhe patuh nalika mbayar pajeg.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika pajeg kedah dipunbayaraken. Katadata.co.id (2016) ngandharaken bilih pengusaha ageng sampun nglapuraken bandha donyanipun saha mbayar tebusan pajeg. Rosan Perkasa (Ketua Umum Kadin Indonesia) ngandharaken bilih sanesipun nglapuraken bandha donyanipun, rombongan pengusaha ugi kagungan janji badhe mindhah bandha donya ingkang wonten ing luar negari dados sumber pembangunan wonten ing negari piyambak. Maksud saking andharan kasebat inggih menika pajeg minangka prabeya ingkang kedah dipunbayaraken dening masarakat ingkang artanipun kaginakaken kangge pembangunan negari. Pramila pajeg wajib dipunbayaraken. Kanthi wontenipun program pengampunan pajeg kasebat, pengusaha saged nebus tagihan ingkang dereng dipunbayaraken. Masarakat lumantar redaktur kagungan pangangen-angen bilih mugu-mugu anggenipun mbayar pajeg amargi insap saha boten badhe ngambali malih, sanes ajrih. Maksud saking andharan kasebat inggih menika mugiya benjang anggenipun mbayar pajeg saged gancar utawi boten ngantos wonten tunggakan, sanes amargi ajrih dhateng pamarentah. Pawartos menika ugi dados sarana kangge pangemut-emut supados tansah eling menawi masarakat wajib anggenipun mbayar pajeg.

dd. **Bab sandera ing Filipina, Indonesia rumangsa digawe dolanan** (UP)

Pisan-pisan perlu dikerasi (PR)

(PS/30/23 Juli 2016)

Ukara “*Bab sandera ing Filipina, Indonesia rumangsa digawe dolanan*” ateges Indonesia rumaos dipundadosaken dolanan amargi prakawis sandera dening warga Filipina. *Sandera* menika saking basa Indonesia ingkang ateges

tiyang ingkang dipuntawan kangge dipundadosaken jaminan (Tim KBBI, 1995:874). Teges saking ukara kasebat inggih menika Indonesia rumaos dipundadosaken dolanan utawi boten dipunanggep tenanan amargi wonten warga Indonesia ingkang dipunsandera dening warga Filipina. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Pisan-pisan perlu dikerasi*”. Sentilan kasebat gadhah maksud bilih negari Filipina pisan-pisan kedah dipunkerasi supados boten ngremehaken Indonesia saha langkung ngajeni Indonesia.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika perkara sandra sampun makaping-kaping. Prakawis sandera warga Indonesia menika dipuntindakaken dening kelompok Abu Sayyaf ing Filipina. Media online Antara News.com (2016) mahyakaken bilih nalika wawancara kaliyan Menko Polhukam bilih sampun dumados panyandran malih tumrap WNI cacah sekawan. Saking andharan menika, kasus panyandran boten namung sepisan kemawon, ananging sampun makaping-kaping. Kanthi mekaten, Indonesia ngrumaos sampun dipundadosaken dolanan dening Abu Sayyaf (saking Filipina). Kanthi mekaten, masarakat lumantar redaktur kagungan pepenginan, supados kelompok Abu Sayyaf kedah dipunkerasi utawi dipuntegesi kanthi cara menapa kemawon supados ajrih saha boten nyandra tiyang Indonesia malih.

- ee. **Kasus vaksin palsu bakal nyeret sakehing dokter** (UP)
“Jika sakit berlanjut....” hubungi sing liyane wae. (PR)
 (PS/31/30 Juli 2016)

Ukara “*Kasus vaksin palsu bakal nyeret sakehing dokter*” tegesipun inggih menika prakawis vaksin palsu badhe nyeret kathah dokter amargi dokter

minangka pihak ingkang mangertos *vaksin* menika asli menapa dene palsu. Tembung nyeret menika tegesipun seret (Poerwadarminta, 1939:363). Maksud tembung nyeret ing ukara kasebat inggih menika kasus *vaksin* palsu gegayutan kaliyan kathah dokter. Cacahing dokter ingkang kathah menika dipunpendhet saking maneka warni rumah sakit. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih ‘“*Jika sakit berlanjut....” hubungi sing liyane wae.*’. Ateges redaktur saha masarakat kagungan pamanggih bilih menawi dipunpanggihaken lale ingkang kenging korban *vaksin* palsu, tiyang sepuhipun saged ngubungi pihak sanesipun inggih menika pihak pulisi supados dipunusut prakawis *vaksin* palsu menika. Ukara menika minangka pangajak-ajakipun redaktur dhateng masarakat supados saged nggatosaken kasarasanipun lale.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika konangan ngginakaken *vaksin* palsu. Media online JabarEkspres.com (2016) ngandharaken bilih kathah dokter ingkang dipunduga ngginakaken *vaksin* palsu, ananging kedah dipuntanjihaken rumiyin. Dokter menika ugi saged kapusan dening *sales* saha *produsen vaksin* palsu. Sedaya menika kedah dipunslidhiki rumiyin. Adhedhasar prakawis menika, posisi dokter kedah dipunandharaken kanthi gamblang, panjenenganipun panci sengaja utawi saestu boten mangertos babagan *vaksin* palsu kasebat, amargi dokter minangka pihak ingkang mangertos babagan *vaksin*. Pramila kedah dipuntanjihaken rumiyin babagan gegayutanipun dokter kaliyan *vaksin* palsu. Kanthi mekaten, dokter kedah ngandharaken kanthi gamblang babagan *vaksin*

ingkang dipunginakaken supados boten dipunsebat dokter ingkang ngginakaken vaksin palsu.

ff. **Vonis hakim marang koruptor saya entheng** (UP)
Masuk angin! (PR)

(PS/32/6 Agustus 2016)

Ukara “*vonis hakim marang koruptor saya entheng*” nedahaken bilih *vonis* ingkang dipunparingaken dhateng koruptor tansaya entheng. Wondene *vonis* menika tegesipun ukuman. Kanthi mekaten, maksud saking andharan ukara kasebat inggih menika ukuman ingkang dipunparingaken dhateng koruptor tansaya entheng utawi boten jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuntindakaken. Ukara kasebat ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Masuk angin!*”. Masuk angin minangka pepindhan, inggih menika satunggaling penyakit ingkang menawi tiyang sampun kenging masuk angin tamtu penyakit sanesipun ugi saged mlebet. Maksud saking andharan kasebat inggih menika lantaran ukuman ingkang dipunparingaken menika tansaya entheng, pramila ndadosaken tansaya kathah malih koruptoripun.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika boten adil. Tribunnews.com (2016) ngandharaken bilih ukuman ingkang dipunparingaken adhedhasar pasal 3 Undang-Undang Tipikor ingkang ukumanipun paling sekedhik setunggal taun. Hakim ngginakaken dhasar menika kangge paring ukuman dhateng koruptor. Adhedhasar andharan menika, ukuman tumrap koruptor dados entheng sanget saha boten jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuntindakaken satemah boten adil. Kanthi mekaten, ndadosaken koruptor tansaya ndadra anggenipun

badhe nindakaken korupsi. Redaktur ugi paring kritik kanthi tetembungan *masuk angin*. Tembung kasebat ngemu pepindhan ingkang gadhah maksud bilih tansaya entheng ukumanipun, tansaya kathah malih koruptor ingkang nindakaken korupsi. Adhedhasar andharan menika, redaktur saha masarakat kagungan pangajab bilih kedahipun koruptor dipunukum sadangu-dangunipun utawi jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuntindakaken, dados boten ngambali anggenipun badhe korupsi malih.

gg. **Kasus kaji Filipina ana cawe-cawene jaringan internasional** (UP)
Ah, jaring utamane tetep sing lokal uga (PR)
(PS/37/10 September 2016)

Ukara “*kasus kaji Filipina ana cawe-cawene jaringan internasional*” tegesipun inggih menika prakawis haji ingkang miyos Filipina wonten cawe-cawenipun kaliyan jaringan Internasional. Cawe-cawe menika tegesipun ndherek ngrembag prakawisipun tiyang sanes (Poerwadarminta, 1939:628). Cawe-cawe ing ngriki maksudipun gegayutan kaliyan samukawis bab. Maksudipun, tiyang ingkang tindak haji miyos Filipina menika tamtu wonten gayutanipun kaliyan jaringan Internasional amargi Indonesia saha Filipina menika beda negari. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*ah, jaring utamane tetep sing lokal uga*”. Ukara menika tegesipun, jaringan ingkang utami tamtu saking Indonesia ugi amargi pihak ingkang paring panawa dhateng tiyang badhe haji menika ugi saking Indonesia.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika wonten tembayatan antawisipun kalih pihak. Wiranto lumantar koran Suara Merdeka (2016) ngandharaken bilih 177

WNI namung korban apus-apus dening agen ibadah haji. Tiyang-tiyang menika boten wonten niyatan kangge apus-apus dhata pribadi. Pak Tito minangka Kapolri ugi nanjihaken bilih wonten pihak warga asing ingkang ngatur sedayanipun. Panjenenganipun ugi ngandharaken bilih Polri sampun mangertos oknum warga asing ingkang gegayutan kaliyan prakawis kasebat. Adhedhasar andharan kasebat, pihak ingkang wonten gayutanipun kaliyan prakawis haji Filipina inggih menika saking Indonesia saha Asing. Oknum saking Indonesia minangka pihak ingkang paring panawa dhateng masarakat menawi badhe tindak haji langkung cepet. Wondene pihak asing ingkang ngurus sedaya administrasi ing Filipina supados saged tindak dhateng Jeddah. Kalih pihak menika tansah sesarengan anggenipun nindakaken tumindak pidana menika.

- hh. **Jokowi prentah Kapolri nangkep kang nindakake *pungli* pelabuhan**
 (UP)
Dihadiahi jangkar wae pak, direndhem ing segara! (PR)
 (PS/39/24 September 2016)

Ukara “*Jokowi prentah Kapolri nangkep kang nindakake *pungli* pelabuhan*” tegesipun inggih menika bapak Jokowi paring prentah dhateng bapak Kapolri supados nangkep oknum ingkang nindakaken *pungli* wonten ing pelabuhan. *Pungli* saking tembung pungutan liar. Pungutan tegesipun barang ingkang dipunpendhet (Tim KBBI, 1995:799), wondene liar inggih menika boten dipunopeni, boten jinak, boten tentrem, saha boten manut paugeran (ukum) (Tim KBBI, 1995:590). Adhedhasar andharan ing nginggil, pungutan liar inggih menika mendhet barang (arta) kanthi boten manut kaliyan paugeran ukum

ingkang lumampah. Kagiyan nangkep *pungli* menika gadhah ancas kangge ngicalaken praktek *pungli* ing Indonesia.

Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*dihadiahi jangkar wae pak, direndhem ing segara!*”. Ukara menika tegesipun, dipunparingi hadiah jangkar kemawon pak lajeng dipunkum wonten segara. Maksudipun inggih menika oknum ingkang nindakaken *pungli* dipunparingi hadiah samukawis ingkang saged ndadosaken oknum menika ajrih menawi badhe nindakaken *pungli*. Jangkar minangka piranti ingkang abot wonten ing kapal utawi perahu kangge pemberat ingkang dipundamel saking wesi, dipunlebetaken wonten ing toya wekdal mandheg supados kapal boten nggeser (Tim KBBI, 1995:400). Jangkar minangka tandha saking ukuman ingkang abot. Wondene dipunkum wonten ing segara nedahaken dipunkunjara, amargi segara menika panggenanipun jangkar wondene ukuman ingkang abot mapanipun wonten ing kunjara.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados boten ngambali tindak *pungli*. Presiden Jokowi lumantar pontianakpost.co.id (2016) ngendika bilih Kapolri kedah nangkep oknum ingkang nindakaken *pungli* anggenipun bongkar muat peti kemas. Panjenenganipun ugi nanjihaken bilih kedah wonten mindhakistan pelayanan ing pelabuhan. Adhedhasar andharan kasebat, maksud saking prentah ing nginggil inggih menika nangkep oknum ingkang nindakaken *pungli* supados boten wonten malih praktek *pungli* ing pelabuhan saha kangge ngindhakaken pelayanan ing pelabuhan. Wondene masarakat lumantar redaktur kagungan pangangen-angen bilih menawi taksih wonten ingkang nindakaken *pungli* kedah

dipunparingi ukuman ingkang awrat inggih menika dipunkunjara supados boten ngambali tumindak kados mekaten.

- ii. **KPK nangkep Irman Gusman (UP)**
Ora cocog karo omonge, “Ukum Mati Koruptor” (PR)
(PS/40/1 Oktober 2016)

Ukara “*KPK nangkep Irman Gusman*” tegesipun inggih menika KPK (Komisi Pemberantasan Korupsi) nangkep Irman Gusman. Irman Gusman minangka target operasi KPK ingkang nindakaken korupsi kuota gendhis *impor* wonten ing Sumatera Barat. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih ‘*ora cocog karo omonge, “Ukum Mati Koruptor”*’. Ukara menika tegesipun, boten jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunngendikakaken dening Irman Gusman inggih menika “Ukuman mati kangge koruptor”. Maksudipun inggih menika Irman Gusman nate ngendika bilih tiyang ingkang nindakaken korupsi kedah dipunukum mati, ananging panjenenganipun piyambak ingkang nindakaken korupsi.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika koruptor dipunukum kanthi awrat. Ing konteks wacana kasebat, Irman Gusman kedah kecepeng saha dipunukum kanthi awrat amargi nindakaken korupsi. Kompas.com (2016) ngandharaken bilih KPK nangkep tiyang cacah sekawan wonten ing dalemipun Irman Gusman. Wonten ing *operasi tangkap tangan*, KPK nyita 100 yuta ingkang dipunsimpen wonten ing kamaripun Irman Gusman.

Adhedhasar andharan ing nginggil, maksud saking ukara kasebat inggih menika tiyang ingkang lepat, kedah dipunukum kanthi awrat jumbuh kaliyan

menapa ingkang sampun dipuntindakaken. Ing wacana menika, Irman Gusman nindakaken korupsi lajeng dipunukum jumbuh kaliyan ukum ingkang lumampah. Wondene redaktur minangka sesulih saking masarakat ngandharaken pamanggihipun bilih saderengipun IG kecepeng, panjenenganipun ngupiyakaken kangge nglawan korupsi lajeng ngendika bilih tiyang ingkang korupsi kedah dipunukum mati. Masarakat kagungan pangajeng-ajeng bilih IG ugi kedah dipunukum kanthi awrat jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipunngendikakaken. Ukuman mati minangka tandha kangge ukuman ingkang awrat supados boten ngambali malih tumindak ingkang boten sae menika.

jj. **Kasus oplosan beras mawa subsidi, Bulog katone cuci tangan (UP)**
Maklum, ben ora kelangan jabatan (PR)

(PS/43/22 Oktober 2016)

Ukara “*kasus oplosan beras mawa subsidi, Bulog katone cuci tangan*” tegesipun inggih menika ing Indonesia nembe wonten prakawis oplosan uwos mawi subsidi, lajeng Bulog ketingal boten badhe cawe-cawe kaliyan prakawis menika. Maksudipun Bulog boten badhe ndherek ngurusi prakawis uwos oplosan amargi prakais menika sanes uruanipun bulog. Ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*maklum, ben ora kelangan jabatan*”. Ukara menika tegesipun, maklum, supados boten kelangan jabatan. Maksudipun inggih menika supados pejabat Bulog boten kelangan jabatanipun.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika pados slametipun. Radar Pekalongan (2016) ngandharaken bilih beras ingkang dipunoplos menika beras subsidi kaliyan beras lokal. Wondene reginipun manut kaliyan regi ingkang awis. Praktek beras

oplosan ndadosaken tunanipun negari amargi regi ingkang dipunginakaken boten jumbuh kaliyan regi ingkang sejatosipun. Adhedhasar andharan kasebat, bulog boten badhe cawe-cawe menapa ingkang sampun dumados amargi sanes urusanipun bulog, dados ingkang tanggeljawab ugi oknum tartamtu utawi tiyang ingkang nindakaken pangoplosan uwos. Dados bulog namung kepengin pados slametipun piyambak. Ukara menika pikantuk sentilan saking masarakat lumantar redaktur inggih menika “*maklum, ben ora kelangan jabatan*”. Ukara menika nedahaken bilih supados boten kelangan jabatan, pramila Bulog boten cawe-cawe prakawis oplosan menika.

kk. **Sekjen KOI dinuga korupsi (UP)**

Gagal “mens sana in corpore sano” (PR)

(PS/51/17 Desember 2016)

Ukara “*Sekjen KOI dinuga korupsi*” tegesipun inggih menika sekjen KOI dinuga nindakaken korupsi utawi mendhet hak ingkang sanes kagunganipun piyambak. Korupsi inggih menika ngginakaken jabatan utawi kekuasaan kangge urusan pribadi (Efendi, 2018:238). Korupsi salebeting ukara menika awujud kathah dokumen ingkang boten jumbuh, wonten kagiyatan ingkang boten nyata, saha anggenipun nemtokaken sinten ingkang pikantuk *tender* boten jumbuh kaliyan paugeran. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Gagal “mens sana in corpore sano”*”. Ukara “*mens sana in corpore sano*” tegesipun wonten ing badan ingkang sehat wonten ugi jiwa ingkang kiyat. Wondene maksud saking ukara kasebat inggih menika gagal nindakaken menapa ingkang dipunpikajengaken dening paribasan menika. Paribasan kasebat maksudipun menawi badan tiyang menika sehat, tamtu jiwaniipun ugi sehat.

Wondene tiyang ingkang korupsi menika badanipun sehat, ananging jiwanipun boten amargi taksih nindakaken prakawis-prakawis ingkang lepat saha nunakaken tiyang kathah.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika boten nindakaken paugeran ingkang leres. Komisaris Besar Raden Prabowo Argo Yuwono (lumantar Tempo.co, 2016) ngandharaken bilih sekjen KOI dinuga nindakaken korupsi prabeya Asian Games 2018. Panjenenganipun ugi nindakaken korupsi tumrap kagiyatan *road carnival Asian Games 2018* ingkang lumampah ing Surabaya, Desember 2015. Kagiyatan menika dinuga boten jumbuh kaliyan paugeran, kathah dokumen ingkang boten jumbuh kaliyan kontrak saha kathah kagiyatan ingkang dinuga fiktif, sarta proses anggenipun nemtokaken pemenang *tender* ugi boten jumbuh kaliyan paugeran. Maksud saking andharan kasebat inggih menika sekjen KOI boten manut paugeran ingkang leres kanthi nindakaken korupsi prabeya Asian Games 2018. Ingkang dipunkorupsi perangan *road carnival Asian Games 2018* wonten ing Surabaya wulan Desember 2015. Saking andharan menika, korupsi saged dipuntindakaken dening sinten kemawon gumantung kaliyan wontenipun kalodhangan. Wondene masarakat lumantar redaktur ugi kagungan pamanggih bilih sekjen KOI boten kasil nindakaken paribasan "*mens sana in corpore sano*". Paribasan menika ngajak sedaya pihak bilih ing lebetipun badan ingkang sehat wonten jiwa ingkang kiyat. Paribasan wonten ing ukara menika minangka teguran dhateng sekjen KOI bilih panjenenganipun kedah saged dados tuladha tumrap

sedaya pihak, ananging ing ukara kasebat kosok wangsulipun inggih menika boten saged dados panutan tumrap pihak sanes.

- ll. **Lali dhata, Kejati Jatim ora serius mburu buron kasus korupsi** (UP)
Iki contone nandhang amnesia tingkat dewa (PR)
(PS/3/21 Januari 2017)

Ukara “*lali dhata, Kejati Jatim ora serius mburu buron kasus korupsi*” tegesipun inggih menika Kejati Jatim kesupen dhatanipun buron prakawis korupsi. Korupsi inggih menika ngginakaken jabatan utawi kekuasaan kangge urusan pribadi (Efendi, 2018:238). Nalika ngandharaken pakaryan ingkang pungkasan ing wulan Desember taun 2016 (Jawa Pos, 2016) Kejati Jatim boten nyebat asma saking terpidana prakawis Program Penanganan Sosial Ekonomi Masyarakat utawi P2SEM. Anggenipun boten nyebataken menika amargi kesupen utawi sengaja dereng mangertos pashinipun, ananging ingkang baken asma terpidana menika boten dipunsebataken. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Iki contone nandhang amnesia tingkat dewa*”. Ukara kasebat tegesipun prakawis menika tuladha tiyang ingkang kesupen kanthi tingkatan ingkang inggil. Amnesia menika icalipun daya ingat, mliginipun babagan ing masa kapengker utawi menapa ingkang dumados saderengipun amargi penyakit cacat utawi cedera ing otak (Tim KBBI, 1995:33), wondene dewa menika roh ingkang kagungan kuwaos ing atasipun alam saha tiyang (Tim KBBI, 1995:229) utawi tegesipun tingkatan ingkang inggil piyambak. Dados amnesia tingkat dewa tegesipun kesupen sanget utawi boten kemutan menapa-menapa. Maksud saking ukara kasebat inggih menika sentilan dhateng Kejati

Jatim bilih sampun kesupen sanget utawi sengaja boten dipunemut-emut babagan dhata-dhata buron prakawis korupsi.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika boten badhe nyepeng buron prakawis korupsi. Jawa Pos (2016) ngandharaken bilih salah satunggaling buron prakawis korupsi ing Kejati Jatim ingkang ngantos wekdal menika dereng dipunandharaken inggih menika dr. Bagoes Soetjipto Soelyoadikoesoemo SpJP. Panjenenganipun minangka terpidana prakawis Program Penanganan Sosial Ekonomi Masyarakat utawi P2SEM. Asmanipun dr Bagoes menika boten dipunandharaken dening Kejati Jatim nalika ngandharaken pakaryan ingkang pungkasan ing wulan Desember taun 2016. Pihak Kejati Jatim ngakeni bilih kesupen menawi wonten buron ingkang asmanipun dr Bagoes. Pihak Kejati langkung pasrah kaliyan pulisi, amargi sampun makarya sesarengan kaliyan pulisi dados namung nengga pawartosipun.

Maksud saking andharan kasebat inggih menika Kejati Jatim boten saestu anggenipun badhe ngicalaken praktek korupsi. Ing kasunyatan, dhata buron dr Bagoes boten dipunemut-emut amargi sampun dipunurus dening kepulisian. Kejati Jatim menika langkung pasrah dhateng kepulisian amargi pitados bilih pulisi saged ntyepeng buron dr Bagoes. Wondene masarakat lumantar redaktur ugi kagungan sentilan bilih Kejati Jatim boten nggatosaken buron prakawis korupsi. Satemah namung pasrah kaliyan kepulisian ingkang badhe nyepeng buron menika.

mm. **Kapal Filipina ditangkap ing Laut Sulawesi merga *illegal fishing*** (UP)
Mesthi dudu mburu iwak Filipina kang mlayu menyang Indonesia kuwi (PR)
(PS/13/1 April 2017)

Ukara “*Kapal Filipina ditangkap ing Laut Sulawesi merga illegal fishing*” tegesipun inggih menika kapal Filipina kecepeng dening petugas perairan Indonesia wonten ing dhaerah Sulawesi amargi *illegal fishing*. *Illegal* menika saking tembung basa Inggris ingkang ateges pelanggaran, boten sah, boten resmi (Gunawan, 2001:176), wondene *fishing* dipunpendhet saking basa Inggris ingkang tegesipun pemancingan, misaya mina (Gunawan, 2001:137). Dados *Illegal fishing* inggih menika misaya mina ingkang dipuntindakaken kanthi boten resmi utawi boten sah. Ukara menika ugi dipunsentil dening redaktur inggih menika “*Mesthi dudu mburu iwak Filipina kang mlayu menyang Indonesia kuwi*”. Maksud saking ukara kasebat inggih menika tamtu sanes mburu ulam Filipina ingkang mlajar dhateng Indonesia. Ukara menika kalebet sentilan dhateng nelayan Filipina bilih sampun mendhet ulam ing wilayah Indonesia. Sentilan menika ancasipun supados nelayan Filipina saged sadhar bilih saben negari gadhah paugeran piyambak-piyambak.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ukuman kangge ingkang nerak ukum. Suara.com (2017) ngandharaken bilih KP Hiu Macan 03 kasil nangkep kapal perikanan asing (KIA) *ilegal* cacah sekawan asal saking Filipina ing laut Sulawesi ing tanggal 17 Maret 2017. Kapal-kapal kasebat inggih menika FB Qumay, FB Alexandra, FB Brave Heart, saha FB Jefeah. Kapal cacah sekawan menika sampun nangkep ulam kanthi cara ingkang boten resmi. Maksud saking ukara ing

ninggil inggih menika kapal Filipina ingkang kecepeng wonten ing laut Sulawesi amargi mendhet ulam kanthi boten resmi. Tumindak menika minangka ukuman kangge pihak ingkangnerak paugeran saha wujud saking njejegaken paugeran ingkang lumampah wonten ing Indonesia. Menawi wonten pihak ingkang nerak paugeran saged dipunukum jumbuh kaliyan paugeran ingkang lumampah saha tumindak ingkang dipuntindakaken. Ukara ing nginggil ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih boten mburu ulam Filipina ingkang mlajar dhateng Indonesia. Sentilan menika nedahaken nelayan Filipina sejatosipun boten ngantos mburu ulam ing Indonesia amargi ing negarinipun ugi wonten, ananging amargi raos srakah pramila pihak nelayan Filipina ngantos mendhet ulam ing Indonesia.

nn. **KPK OTT ing DPRD Jatim** (UP)

Meh riyaya, padha nampa THR (Tahanan Hari Raya) (PR)

(PS/25/24 Juni 2017)

Ukara “*KPK OTT ing DPRD Jatim*” tegesipun inggih menika KPK nindakaken OTT ing DPRD Jawa Timur. Maksud saking OTT menika saking Operasi Tangkap Tangan inggih menika operasi ingkang dipuntindakaken dening KPK tumrap tiyang ingkang nindakaken korupsi kanthi dumadakan. Dados KPK rawuh wonten ing kantor DPRD kanthi dumadakan saperlu ngawanguraken tiyang ingkang nindakaken korupsi wonten ing DPRD. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Meh riyaya, padha nampa THR (Tahanan Hari Raya)*”. Ukara kasebat tegesipun badhe riyadi, sami nampi THR (Tahanan Hari Raya). Kaleresan tanggal anggenipun nangkep oknum ingkang nindakaken korupsi inggih menika 5 Juni 2017, wondene riyadinipun tanggal 25 Juni 2017. Adhedhasar andharan menika, ukara meh riyaya dipunpendhet saking wekdalipun.

Wekdal anggenipun nangkep kaliyan wekdal riyadi menika caket, dados jumbuh menawi ngginakaken ukara meh riyaya. Ukara padha nampa THR (Tahanan Hari Raya) menika maksudipun kunjara. Padatan badhe riyadi menika sami nampi THR (Tunjangan Hari Raya), ananging ing prakawis menika dipunplesedaken dados Tahanan Hari Raya amargi anggenipun nangkep wekdalipun badhe riyadi, pramila dipunsebat Tahanan Hari Raya.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika OTT saged dipuntindakaken sawanci-wanci. Menawi sampun wonten bukti nindakaken tumindak korupsi, tamtu KPK enggal-enggal nangkep pelaku, boten nggatosaken wekdal menika wekdal menapa. Kadosta ingkang dipuntindakaken dening KPK tumrap anggota DPRD Jawa Timur. Kompas.com (2017) ngandharaken bilih KPK nindakaken Operasi Tangkap Tangan ing Jawa Timur wiwit Senin (5 Juni 2017), amargi wonten laporan saking masarakat. Ing kagiyatan menika wonten tiyang cacah enem ingkang kecepeng saha dipunbekta dhateng Gedung KPK Jakarta ing dinten Selasa, 6 Juni 2017. Kagiyatan menika lumampah wonten ing Surabaya saha Malang. Ing dinten Senin petugas KPK rawuh dhateng DPRD Jawa Timur. Ing ngrika panjenenganipun nangkep tiyang tiga inggih menika Rahman Agung, Santoso minangka staf DPRD Jatim, saha Anang Basuki Rahmat minangka ajudan Kepala Dinas Pertanian Pemprov Jatim. Tim KPK ugi nangkep Bambang Heriyanto minangka Kepala Dinas Pertanian, Ketua Komisi B DPRD Jatim Moch Basuki saha supiripun, sarta Rohayati minangka Kepala Dinas Peternakan Pemprov Jatim ing dalemipun. Tiyang enem ing nginggil menika dipundadosaken

tersangka. Prakawis menika ngrembag babagan arta saking Kepala Dinas Petanian ingkang dipuncaosaken dhateng DPRD Jatim kangge ngendha pengawasan saha pantauan anggenipun ngginakaken anggaran taun 2017.

Maksud saking andharan kasebat inggih menika menawi kabukten wonten pihak ingkang nindakaken korupsi, KPK enggal-enggal nangkep. Anggenipun nangkep boten nengenaken wekdal. Kadosta prakawis ing nginggil, KPK nangkep tersangka cacah enem menika ing wulan siyam. Senadyan menika wulan siyam, ananging KPK sampun manggihaken bukti-bukti kangge ngiyataken anggenipun nangkep tersangka cacah enem menika, amargi tumindak ingkang nunakaken masarakat kadosta korupsi kedah dipunbrastha supados boten wonten malih oknum-oknum ingkang nindakaken tumindak korupsi. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking masarakat bilih badhe riyadi sami nampi THR (Tahanan Hari Raya). Ukara menika sentilan tumrap tersangka bilih senadyan wulan siyam, ananging menawi nidakaken tumindak ingkang nerak paugeran kedah kecepeng. Ingkang salajengipun tersangka menika dados tahanan ing wulan syawal utawi wekdal riyadi.

oo. **Remisi kanggo koruptor tetep dianakake** (UP)

Jarene arep mbrastha korupsi?? (PR)

(PS/35/27 Agustus 2016)

Ukara “*remisi kanggo koruptor tetep dianakake*” tegesipun inggih menika remisi kangge koruptor tetep badhe dipunwontenaken. Remisi dipunginakaken kangge ngirangi wekdalipun tiyang ingkang dipunkunjara amargi sampun nindakaken tumindak ingkang sae sadangunipun wonten ing kunjara. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*jarene arep mbrastha*

korupsi??". Ukara menika ateges, ngendikanipun badhe mbrastha korupsi. Maksudipun menawi remisi menika dipunwontenaken, masarakat kuwatir menawi koruptor dados langkung kathah saha ngrembaka amargi ukumanipun dipunkirangi.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kangge ngirangi kuota ing kunjara. Koran Sindo (2016) ngandharaken bilih remisi panci ndadosaken pro saha kontra. Wonten pihak ingkang boten sarujuk, ananging wonten ugi ingkang sarujuk. Sedaya menika gumantung kaliyan saking pundi anggenipun ningali. Pak Ade Komarudin ngandharaken bilih kapasitas wonten kunjara menika sampun kathah sanget utawi nglangkungi kapasitas. Adhedhasar menika, remisi saged dipunginakaken kangge sarana ngirangi kapasitas kunjara. Ingkang kaping kalih inggih menika bapak Jusuf Kalla ngandharaken bilih remisi minangka wujud saking raos kamanungsan. Napi ingkang nindakaken tumindak sae, tamtu kagungan hak pikantuk remisi utawi pangirangan wekdal ukuman. Tumindak sae minangka dhasar kangge napi supados pikantuk remisi saking pamarentah.

Adhedhasar andharan ing nginggil, maksud saking ukara kasebat wonten kalih inggih menika kangge ngirangi kapasitas tiyang wonten ing kunjara. Ingkang kaping kalih kangge raos kamanungsan amargi sampun nindakaken tumindak sae, satemah saged medal saking kunjara kanthi langkung rikat wekdalipun. Saking andharan ing nginggil dereng dipunmangertosi kanthi gamblang paham pundi ingkang dipunnut, ananging kekalihipun menika saged dados dhasar ngawontenaken remisi tumrap koruptor. Ananging menawi

dipuntingali saking sentilan redaktur, ingkang jumbuh inggih menika kanthi ancas kangge ngirangi kapasitas kunjara. Menawi ancasipun kados mekaten, tamtu masarakat kuwatir amargi mbok menawi ing benjingipun saged nindakaken korupsi malih, kepara ingkang dipunkorupsi saged langkung ageng saha kathah tinimbang ingkang saderengipun.

pp. **Pemerintah ngancam nggunakake UU Pemilu lawas** (UP)

Mbokmenawa becike pancen ngono... (PR)

(PS/29/22 Juli 2017)

Ukara “*Pemerintah ngancam nggunakake UU Pemilu lawas*” tegesipun inggih menika pamarentah ngincim ngginakaken UU Pemilu ingkang dangu (taun 2014). UU taun 2014 badhe dipunginakaken dening pamarentah kangge paugeran pemilu taun 2019 amargi anggenipun ngrembag Rancangan Undang-Undang Pemilu badhe *deadlock* utawi boten wonten solusinipun (Indonesiakoran.com). Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Mbokmenawa becike pancen ngono...*”. Andharan kasebat inggih menika mbok menawi saenipun panci mekaten. Maksud saking andharan kasebat inggih menika mbok menawi paugeran Pemilu taun 2014 langkung sae tinimbang paugeran taun 2019 ingkang saweg dipunrancang. Paugeran Pemilu taun 2019 nembe dipunrancang saha dereng manggihaken solusinipun. Pramila, pamarentah mendhet jalur tengah bilih ngginakaken paugeran Pemilu taun 2014 kemawon.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika UU Pemilu ingkang enggal dereng sumadya. Miturut indonesiakoran.com (2017), pirembagan Rancangan Undang-Undang Pemilu badhe *deadlock (jalan buntu)* utawi boten wonten solusinipun,

pramila pamarentah kagungan pepenginan badhe ngginakaken paugeran utawi UU Pemilu taun 2014 kangge paugeran pemilu taun 2019. Merdeka.com (2017) ugi ngandharaken bilih pamarentah kepengin ngginakaken UU Pemilu ingkang dangu menawi pirembagan RUU Pemilu boten enggal-enggal rampung. Adhedhasar andharan kasebat, maksud saking ukara ing nginggil inggih menika pamarentah kagungan pepenginan badhe ngginakaken UU Pemilu ingkang dangu amargi UU Pemilu enggal dereng sumadya. Kathah faktor ingkang mangaribawani wontenipun keputusan menika kadosta ambang batas pencalonan presiden. Kanthi mekaten, pamarentah kagungan niat ingkang ageng kangge ngginakaken UU Pemilu ingkang dangu. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih mbok menawi panci kedah kados mekaten. Ukara kasebat maksudipun inggih menika kangge nyengkuyung DPR supados enggal-enggal ngrampungaken anggenipun ndamel UU Pemilu ingkang enggal amargi UU Pemilu ingkang dangu sampun boten jumbuh kaliyan kawontenan samenika. Satemah kedah dipundamel UU Pemilu ingkang enggal tamtu ingkang jumbuh kaliyan kawontenan samenika.

qq. **Nganti Mei, wis ana 31 bandar narkoba kang mati** (UP)

Bisnis narkoba pancen maut (PR)

(PS/20/20 Mei 2017)

Ukara “*Nganti Mei, wis ana 31 bandar narkoba kang mati*” tegesipun inggih menika ngantos wulan Mei, sampun wonten bandar narkoba cacah 31 ingkang seda. Tembung ngantos Mei nedahaken wonten rentang utawi jarak. Miturut JawaPos.com (2017) Tito ngandharaken bilih wiwit Januari ngantos Mei 2017 sampun wonten bandar narkoba cacah 31 ingkang dipuntindak tegas. Adhedhasar andharan menika rentang wekdal ingkang dipunginakaken menika

wiwit Januari ngantos Mei. Wondene ukara salajengipun ateges sampun wonten bandar narkoba cacah 31 ingkang seda amargi dipuntindak tegas nalika kecepeng dening pulisi. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Bisnis narkoba pancen maut*”. Teges saking sentilan kasebat inggih menika bisnis narkoba pancen ndadosaken maut. Maksud saking andharan kasebat inggih menika bisnis narkoba minangka bisnis ingkang saged ndadosaken sedanipun tiyang. Menapa menika bandaripun, menapa dene tiyang ingkang ngonsumsi narkoba. Bandar saged seda menawi kecepeng dening pulisi lajeng kenging ukuman mati, wondene tiyang ingkang ngonsumsi dangu-dangu ugi saged seda amargi sistem otak syaraf ingkang risak. Dados dipunwastani bisnis maut.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika bisnis narkoba ingkang gawat. Bapak Tito Karnavian lumantar JawaPos.com (2017) ngandharaken bilih panjenenganipun badhe teges kaliyan pihak-pihak ingkang ngintun narkoba dhateng Indonesia. Wiwit saking Januari ngantos Mei 2017 sampun wonten bandar narkoba cacah 31 ingkang dipuntindhak teges nalika kecepeng amargi nglawan pulisi. Prakawis menika kawiwitan saking penyelundhupan narkoba cacah 84 kg sabu saking Tiongkok dhateng Indonesia miyos jalur laut. Barang menika dipunbekta saking Tiongkok lajeng transit dhateng Tanjung Priok, lajeng dhateng Pelabuhan Panjang Lampung, lajeng dhateng gudhang ing Penjaringan, Jakarta Utara.

Adhedhasar andharan kasebat maksud saking ukara ing nginggil inggih menika kawontenan bisnis narkoba ingkang gawat samah ndadosaken tiyang

ingkang gegayutan narkoba, menapa menika bandar utawi tiyang ingkang ngonsumsi badhe kecepeng. Wiwit wulan Januari ngantos Mei 2017 sampun wonten bandar narkoba cacah 31 ingkang seda amargi dipuntindhak tegas dening pulisi. Ing JawaPos.com boten dipunandharaken wujud saking penindhakanipun, ananging menawi dipuntingali saking konteks ukaranipun wujud penindhakan menika kanthi dipuntembak. Masarakat lumantar redaktur ugi paring pamanggih bilih bisnis narkoba menika pancen maut ingkang ateges bandaripun ugi saged seda, menapa dene tiyang ingkang ngonsumsi narkoba ugi saged seda.

rr. **Target nangka Santoso diundur nganti Agustus** (UP)

Kesenengen ngetung nganti lali nangka (PR)

(PS/29/16 Juli 2016)

Ukara “*Target nangka Santoso diundur nganti Agustus*” menika nedahaken bilih target kangge nangka Santoso dipunundur ngatos wulan Agustus. Tembung dipunundur menika nedahaken saderengipun sampun wonten rencana badhe nangka Santoso ananging amargi wonten satunggaling prakawis, wekdal anggenipun nangka Santoso dipunundur. Ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Kesenengen ngetung nganti lali nangka*”. Sentilan kasebat gadhah maksud bilih akibat ngulur wekdal, ngantos kesupen badhe nangka Santoso. Adhedhasar andharan wonten nginggil nedahaken bilih pihak ingkang gadhah wewenang kangge nangka Santoso menika ngulur wekdal ngantos wulan Agustus.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika nyepeng Santoso ambetahaken wekdal ingkang dangu. Pulisi kagungan alesan tartamtu kenging menapa ngulur wekdal

kangge nangkep Santoso ngantos wulan Agustus. Miturut media online beritagar.id (2016) operasi kangge nangkep Santoso boten gampil. Operasi menika sampun dipuntindakaken wiwit Januari 2015 ananging Santoso dereng kasil kecepeng, pramila kedah nyepakaken strategi ingkang trep kangge nangkep Santosa. Kanthi mekaten, ndadosaken Operasi Tinombala dipuntindakaken kanthi tigang tahap. Tahap ingkang sepisan Januari - 10 Maret 2016, ingkang kaping kalih 10 Maret – 8 Mei 2016, saha tahap ingkang pungkasan 8 Mei 2016 ngantos kalih wulan. Wondene operasi Tinombala menika badhe dipunevaluasi tanggal 8 Agustus 2016. Operasi menika dipuntindakaken kanthi pinten-pinten tahap amargi Santoso angel kecepeng. Pramila dipunulur ngantos Agustus 2016 kanthi ancas saged nangkep Santoso saha ngicalaken terorisme ing Indonesia. Redaktur minangka sesulih saking masarakat kagungan pepenginan bilih sampun ngantos Santoso lolos malih saha nyebaraken terorisme ing Indonesia.

ss. **Ombudsman RI: *Pungli E-KTP ana ing 13 propinsi*** (UP)

Lumayan, isih durung warata (PR)

(PS/47/19 November 2016)

Ukara “*Ombudsman RI: Pungli E-KTP ana ing 13 propinsi*” tegesipun inggih menika ombudsman RI ngandharaken bilih *pungli* E-KTP dipunpanggiaken wonten ing propinsi cacah 13. Ombudsman inggih menika lembaga ingkang asipat mandhiri ingkang kagungan jejibahan nanjihaken, *monitoring*, utawi mriksa laporan masarakat ngengingi *pelaksanaan penyelenggaraan pelayanan administrasi publik* dening aparaturn pamarentah kalebet lembaga peradilan (Efendi, 2018:289). Wondene *pungutan* inggih menika samubarang ingkang dipunpendhet (KBBI, 1995:799). *Liar* inggih menika boten

kopen, boten temtrem, boten teratur, boten manut paugeran, boten beradab, saha sanesipun (KBBI, 1995:590). Wondene *pungutan liar* inggih menika samubarang ingkang dipunpendhet kanthi boten ndherek paugeran ingkang lumampah. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*lumayan, isih durung warata*”. Ukara kasebat tegesipun lumayan, taksih dereng warata prakawis *pungli* menika. Dereng warata ing ngriki ateges dereng sedaya propinsi ing Indonesia ingkang cacahipun 35 propinsi. Maksudipun prakawis *pungli* e-ktip ingkang dipunpangguhaken menika dereng warata sa Indonesia.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika wonten dhaerah ingkang dereng konangan korupsi. Anggota Ombudsman RI Ahmad Suaedy (lumantar news.okezone.com, 2016) ngandharaken bilih wonten propinsi cacah 13 ingkang taksih nindakaken *pungli* inggih menika NTB, Riau, Jambi, Bengkulu, Sulawesi Tengah, Jawa Timur, Jawa Barat, Banten, Kalimantan Selatan, Kalimantan Tengah, saha Sumatera Selatan. Wujud *pungutan liar* menika wonten ing calon pengurusan E-KTP saha KK, calo antrean, saha prabeya anggenipun ndamel E-KTP saha KK. Prabeya ingkang dipunbayaraken menika gumantung kaliyan menapa ingkang badhe dipunurus, wiwit saking 50 ewu ngantos 300 ewu. Adhedhasar andharan kasebat, maksudipun inggih menika wonten propinsi cacah 13 ingkang taksih nindakaken praktek *pungli* E-KTP. Ombudsman namung kagungan wewenang kangge nglapuraken dhateng Kemendagri, wondene ingkang paring sanksi inggih Kemendagri. Ing bab menika, masarakat ugi kagungan pamanggih bilih *lumayan, isih durung warata*. Maksudipun inggih menika

praktek *pungli* E-KTP ingkang dipunpanggihaken menika dereng warata ngantos sedaya propinsi ing Indonesia. Taksih wonten dhaerah ingkang dereng konangan nindakaken korupsi e-ktip, ananging pangajeng-ajengipun boten wonten praktek *pungli* malih.

tt. **Yogyakarta diteror aksi klithih** (UP)
Salah srawung jaman saiki ... (PR)

(PS/14/8 April 2017)

Ukara “*Yogyakarta diteror aksi klithih*” tegesipun inggih menika Yogyakarta dipunteror dening aksi klithih. Dipunteror maksudipun kathah aksi klithih. Klithih menika aksi ingkang dipuntindakaken dening lare remaja kangge ancas nglarani tiyang sanes kanthi ngginakaken gegaman kadosta gir, sabuk, clurit, saha sanesipun. Wondene ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika “*Salah srawung jaman saiki ...*”. Andharan kasebat ateges lare-lare ingkang nindakaken klithih menika lepat anggenipun srawung kaliyan tiyang sanes. Sejatosipun anggen sesrawungan kedah milih-milih ingkang sae saha saged mangaribawani dados pribadi ingkang sae. Lare SMP saha SMA jamanipun taksih pados jatidhiri, dados gampil anggenipun kaprabawan dening liyan, menapa menika sae menapa dene awon. Dados, kedah saged milih-milih anggenipun kekancan.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kedah waspada tumrap lare-lare samenika. Tempo.co (2017) ngandharaken bilih pulisi nangkep remaja cacah pitu ingkang dinuga nindakaken aksi klithih ingkang ndadosaken siswa cacah setunggal seda amargi kenging gegaman. Tumindak menika kalebet ing

kriminalitas wonten kalangan remaja Yogyakarta. Tiyang ingkang nindakaken klithih rata-rata SMP, SMA, saha *home schooling*. Piyambakipun nalika medal sampun sumadya mbekta clurit, parang saha gir. Menawi ing margi kepanggih kaliyan tiyang sanes ingkang matur tetembungan ingkang boten sopan, tamtu pelaku nyerang tiyang ingkang matur kasebat. Ing Yogyakarta, korban matur “bajingan”, lajeng pelaku nyabet dhadhanipun korban kaliyan senjata. Akibat saking kadadosan menika, sedaya pihak kedah tansah mbiyantu kangge ngicali aksi klithih. Wiwit saking sekolah, pamarentah dhaerah, saha tiyang sepuh kedah tansah nyengkuyung supados aksi menika boten dipunlajengaken.

Maksud saking andharan menika, ing Yogyakarta nembe kathah aksi klithih ingkang ndadosaken boten tentremipun masarakat. Aksi klithih kalebet tumindak kriminalitas ingkang saged ndadosaken sedanipun korban amargi kathah-kathahipun nyerang tiyang kanthi ngginakaken senjata. Kanthi mekaten masarakat kedah tansah waspada tumrap lare-lare samenika saha sedaya tumindak ing margi, supados saged ngindhani bebaya ingkang dumados. Masarakat ugi kagungan pamanggih bilih lare-lare ingkang nindakaken klithik menika salah sesrawungan. Maksud salah sesrawungan inggih menika salah anggenipun milih kanca. Lare-lare menika boten milih saha milah rumiyin kanca pundi ingkang sae saha ingkang boten sae. Tiyang sepuh kedahipun ugi saged ngontrol lare anggenipun kekancan. Ukara sentilan menika ugi kalebet pangajab tumrap lare-lare saha tiyang sepuh, supados saged tansah ngatos-atos saha waspada anggenipun sesrawungan kaliyan tiyang sanes.

uu. **Gembonge rajapati Salim Kancil lolos saka ukuman pati (UP)**

Iklasna wae, toh isih ana ukuman Gusti Allah (PR)

(PS/29/16 Juli 2016)

Ukara “*Gembonge rajapati Salim Kancil lolos saka ukuman pati*” menika nedahaken bilih gembong rajapati Salim Kancil boten kenging ukuman pati. Gembong ateges gegembong, gegedhug, jejenggul, macan, macan lorek (Poerwadarminta, 1939:137). Maksud saking teges kasebat inggih menika samukawis ingkang mbebayani amargi dipunemba kaliyan lambang macan. Macan kalebet kewan ingkang mbebayani. Wondene rajapati inggih menika rajapejah, prakawis pepati amargi kerengan (Poerwadarminta, 1939:517). Maksud saking teges kasebat inggih menika pepati. Gembong rajapati menika ateges tiyang ingkang nindakaken kriminalitas awujud nyedani tiyang. Ukara kasebat tegesipun, tiyang ingkang dados dhalang nyedani Salim Kancil menika lolos utawi boten kenging ukuman pati. Ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Iklasna wae, toh isih ana ukuman Gusti Allah*”. Sentilan kasebat gadhah maksud bilih prakawis asil persidhangan menika dipunikhlasaken kemawon amargi benjingipun badhe dipunwales kaliyan Gusti Allah. Adhedhasar andharan wonten nginggil nedahaken bilih senadyan boten pikantuk ukuman pati ing donya, ananging taksih wonten ukuman saking Gusti Allah.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ukuman wonten kalih inggih menika wonten donya lan akherat. Dados dipunentosi mawon ukuman ingkang sejati awit tumindak ingkang sampun dipuntindakaken. Media online VOA Indonesia (2016) ngandharaken bilih gembong rajapati Salim Kancil dipunukum 20 taun kunjara.

Ukuman menika boten adil tumrap kulawarga saha aktivis lingkungan hidup. Putusan hakim menika langkung entheng tinimbang tuntutan Jaksa Penuntut Umum inggih menika sadangunipun gesang. Senadyan ukuman ingkang dipunparingaken dhateng pelaku menika boten sebandhing kaliyan sedanipun Salim Kancil, ananging masarakat saha kulawarganipun tansah kagungan pepenginan bilih ukuman menika boten namung wonten ing donya kemawon wonten ugi ukuman ing akherat. Tamtu kemawon pelaku kalih menika benjingipun pikantuk ukuman ingkang setimpal kaliyan menapa ingkang dipuntindakaken wonten ing donya.

vv. **Pejabat MA mainake perkara akeh** (UP)
Mesthi nalika cilikane kurang dolanan (PR)

(PS/29/16 Juli 2016)

Ukara “*Pejabat MA mainake perkara akeh*” nedahaken bilih pejabat MA mainaken kathah prakawis ingkang saweg dipunrampungaken. Tembung “*Main*” menika saking basa Indonesia, wondene ing basa Jawi dados tembung dolan. Menawi “*mainaken*” menika tegesipun dolanan. Tembung dolanan tegesipun ameng-ameng(-an) ki 1 ngenggar-enggar ati; 2 sarana ingkang kangge seneng-seneng (tumrap lare), kadosta gobag, jelungan lan sapanunggalanipun; 3 barang-barang ingkang dipunginakaken kangge seneng-seneng, kadosta bonekah, montoran lan sapanunggalanipun; 4 enggon-enggonan main (Poerwadarminta, 1939:73). Adhedhasar andharan kasebat, dolanan inggih menika barang ingkang dipunginakaken kangge reremenan. Barang ingkang dipunmaksud inggih menika prakawis ingkang dipunrampungaken dening Pejabat MA. Intinipun, pejabat MA boten ngrampungaken prakawis ingkang saweg dipuntangani, pramila dipunsebat

dolanan. Ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Mesthi nalika cilikane kurang dolanan*”. Sentilan kasebat gadhah maksud bilih jaman alitipun kirang anggenipun dolanan, pramila samenika dolanan kathah prakawis. Adhedhasar andharan wonten nginggil nedahaken bilih jaman rumiyinipun pejabat MA kirang dolanan, pramila samenika dolanan prakawis-prakawis ageng. Ukara kasebat kalebet kritik dhateng pejabat MA ingkang nindakaken tumindak kriminal menika.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kathah ingkang nindakaken korupsi. Mainaken prakawis menika ateges korupsi. Korupsi ingkang dipuntindakaken dening pejabat MA kalebet ing prakawis ingkang ageng. Miturut media online JawaPos.com (2016) bilih wonten oknum pejabat MA ingkang nindakaken korupsi tumrap maneka warni prakawis. Salah satunggal prakawisipun inggih menika suap saking pengusaha Ichsan Suaidi. Ichsan nyaosaken 400 yuta dhateng Andri (Kasubdit Kasasi Perdata).

Maksud saking ukara ing nginggil inggih menika pejabat MA dolanan kathah prakawis ingkang ateges nindakaken korupsi. Pejabat MA menika pikantuk arta suap saking pengusaha ingkang prakawisipun saweg dipunrampungaken dening MA. Wondene arta menika kangge dhirinipun piyambak. Masarakat lumantar redaktur ugi paring kritik bilih pejabat menika kathah mainaken prakawis ukum amargi jaman alitipun kirang dolanan. Ateges, ingkang samesthinipun dolanan menika sejatosipun lare alit, ananging menawi

pejabat nindakaken dolanan menika kanthi dolanan prakawis ukum ingkang kedahipun boten dipuntindakaken, amargi nunakaken kathah pihak.

ww. **Aturan diubah, remisi koruptor saya gampang** (UP)
Rakyat mung bisa susah, lan nyumpah-nyumpah (PR)
(PS/34/20 Agustus 2016)

Ukara “*aturan diubah, remisi koruptor saya gampang*” tegesipun inggih menika paugeran dipunewahi, remisi koruptor tansaya gampang. Remisi tegesipun pangirangan ukuman ingkang dipunparingaken dhateng terpidana menawi nindakaken tumindak sae sadangunipun wonten ing kunjara (Efendi, 2018:357). Paugeran ateges paugeran ingkang wonten gayutanipun kaliyan remisi tumrap koruptor. Dados, paugeran ngengingi remisi korupsi dipunewahi ingkang saged ndadosaken pangirangan ukuman tumrap koruptor tansaya gampang. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*rakyat mung bisa susah, lan nyumpah-nyumpah*”. Ateges rakyat namung saged nggresula awit paugeran menika dipunewahi ingkang saged ndadosaken koruptor langkung cepet anggenipun medal saking kunjara.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika pakunjaran amrih boten kebak. Kompas.com (2016) ngandharaken bilih remisi menika wekdal ukuman ingkang dipunkirangi amargi nindakaken tumindak sae saha sampun dipunkunjara sadangunipun sepertiga ukuman. Direktur Jenderal Pemasyarakatan Kementerian Hukum dan Hak Asasi Manusia, I Wayan Kusmiantha Dusak ngandharaken bilih kupiya revisi remisi kedah dipuntindakaken amargi kawontenan LP ingkang sampun kathah tiyangipun. Adhedhasar andharan menika, wontenipun remisi

supados pakunjaran amrih boten kebak amargi ingkang kasepisan sampun nindakaken tumindak ingkang sae, ingkang kapindho supados panjaran boten kebak, ananging prakawis menika wonten ingkang sarujuk saha boten. Redaktur minangka sesulih saking masarakat ngritik bilih menawi koruptor kathah ingkang medal, masarakat ugi kathah ingkang susah saha nggresula, amargi ajrih menawi sampun medal benjingipun badhe ngambali tumindak korupsi malih. Ananging masarakat ugi kagungan pangajab bilih koruptor ingkang sampun medal, dipunajab boten ngambali tumindak menika malih.

xx. **Menteri Susi Pudjiastuti: kedaulatan laut kudu dijejegake** (UP)

Macem-macem, keremake wae! (PR)

(PS/51/17 Desember 2016)

Ukara “*Menteri Susi Pudjiastuti: kedaulatan laut kudu dijejegake*” tegesipun inggih menika menteri Susi ngendika bilih kedaulatan laut kedah dipunjejegaken, supados pihak sanes boten wantun nerak ukum negari Indonesia. Kedaulatan inggih menika kekuasaan ingkang inggil piyambak mutlak ing negari sarta isinipun (Efendi, 2018:222). Wondene kedaulatan laut inggih menika kekuasaan ingkang inggil piyambak, mutlak ing wilayah laut. Menteri Susi kagungan sipat teges tumrap sedaya pihak ingkang badhe mlebet ing Indonesia lumantar laut. Dados, panjenenganipun tansah nengenaken kedaulatan negari. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*macem-macem, keremake wae!*”. Ukara kasebat tegesipun menawi wonten nelayan ingkang mlebet Indonesia kanthi boten resmi, kapalipun dipunkeremaken kemawon. Maksudipun inggih menika menawi wonten ingkang nerak ukum negari Indonesia

ing bidhang kelautan, kedah dipunukum kanthi ngeremaken kapalipun supados ing tembe ngajeng boten ngambali malih.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados keamanan laut tetep kajagi. Muhammad Zainuri (lumantar Kompas, 2016) ngandharaken bilih kebijakan anggenipun mbrastha pihak ingkang nangkep ulam kanthi boten resmi ingkang dipunrintis dening bu Susi wigatos sanget tumrap pembangunan perikanan Indonesia. Kebijakan menika ugi dipunsengkuyung kaliyan institusi sanesipun. Satgas 115 inggih menika saking Kementerian Kelautan dan Perikanan, TNI Angkatan Laut, saha polisi perairan minangka aset kangge ngindhakaken keamanan perairan negari. Maksud saking andharan kasebat bilih kebijakan ingkang dipunsengkuyung kaliyan praktisi ing lapangan, kebijakan menika saged lumampah kanthi gancar saha nuwuhaken raos ajrih saking pihak ingkang badhe nerak ukum negari Indonesia. Kanthi mekaten, pihak ingkang badhe nindakaken misaya mina kanthi boten resmi ing tembe ngajengipun boten wantun ngambali malih saha supados keamanan laut tetep kajagi. Wondene masarakat ugi kagungan pamanggih bilih menawi wonten ingkang badhe nerak ukum Indonesia malih, kapal ingkang dipunginakaken saged dipunkeremaken. Ancas kapal ingkang dipunkeremaken inggih menika ukuman dhateng kapal ingkang mlebet Indonesia kanthi boten resmi supados boten ngambali malih sarta nuwuhaken raos ajrih.

yy. **KPK ngusut pengasilan pejabat kang ngrangkep** (UP)
Oleh rangkep jabatan, nanging ora oleh rangkep bayaran (PR)
(PS/20/20 Mei 2017)

Ukara “*KPK ngusut pengasilan pejabat kang ngrangkep*” tegesipun KPK ngusut utawi nyidhiki pangupajiwanipun pejabat ingkang ngrangkep. Ngusut menika ateges pados informasi babagan samukawis kanthi gamblang. Dados maksudipun inggih menika KPK madosi informasi babagan pangupajiwanipun pejabat pamarentah ingkang ngrangkep menapa pangupajiwanipun ngrangkep ugi utawi boten. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Oleh rangkep jabatan, nanging ora oleh rangkep bayaran*”. Maksud saking sentilan kasebat inggih menika pikantuk ngrangkep jabatan ananging sampun ngantos ngrangkep pangupajiwanipun. Sentilan menika kalebet ing pangajeng-ajeng masarakat tumrap pejabat pamarentah.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados adil. Jawa Pos (2017) ngandharaken bilih KPK badhe tembayatan kaliyan ORI kangge ngusut menapa pangupajiwa pejabat ing kalangan BUMN menika nerak paugeran utawi boten. Juru Bicara KPK Febri Diansyah ngandharaken bilih 222 pejabat pelaksana pelayanan publik ingkang ngrangkep dados komisaris BUMN aktif kedah dipunusut kanthi saestu, mliginipun babagan pangupajiwa tambahan. Wondene panaliti kebijakan dan hukum Transparency International Indonesia (TII) Reza Syawawi ngandharaken bilih prakawis kasebat kedah dipungatosaken dening pamarentah babagan paugeran anggenipun ngrangkep jabatan. Pamarentah kedah tegas anggenipun ngatur paugeran supados boten dipunslewengaken dening

oknum-oknum ingkang badhe nindakaken korupsi, amargi paugeran ingkang boten jejeg saged dados cikal bakal wontenipun korupsi.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika KPK kagungan panduga bilih wonten pejabat ingkang ngrangkep jabatan saha ngrangkep pangupajiwanipun. Saking panduga menika pramila dipunusut kanthi saestu pangupajiwa tambahan menika jumbuh kaliyan paugeran menapa boten. Ancas KPK nindakaken kagiyatan kasebat inggih menika supados adil kaliyan pejabat sanes ingkang boten ngrangkep saha supados boten wonten praktek korupsi ing kalangan pamarentah, amargi menawi bab pangupajiwa menika boten dipunusut tamtu saged dados boten adil saha dados cikal bakal wontenipun praktek korupsi ing kalangan pamarentah.

zz. **Kasus pedofilia butuh ‘pemberatan’ hukum luar biasa (UP)**

Ukuman mati pisan uga isih entheng (PR)

(PS/13/1 April 2017)

Ukara “*Kasus pedofilia butuh ‘pemberatan’ hukum luar biasa*” tegesipun inggih menika prakawis pedofilia utawi pelecehan tumrap lare mbetahaken ukuman ingkang awrat. Ukuman menika kedah awrat supados pelaku boten ngambali malih saha kagungan raos ajrih. Pedofilia kalebet tumindak ingkang ngrebut masa depanipun lare, saged ndadosaken lare trauma saha boten pitados tumrap dhirinipun piyambak. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika “*Ukuman mati pisan uga isih entheng*”. Andharan ing nginggil ateges ukuman mati ugi taksih entheng. Maksud saking ukara kasebat inggih menika menawi dipunparingi ukuman mati ugi taksih entheng amargi

tumindak menika awrat sanget tumrap masa depanipun lare. Lare saged ngraos mindher, boten pitados tumrap dhirinipun piyambak, saha sanesipun.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kedah dipunukum ingkang awrat piyambak. Kepala Bidang Pemenuhan Anak LPAI Reza Indragiri Amriel (lumantar Jawa Pos, 2017) ngandharaken bilih kejahatan menika kalebet ing kejahatan ingkang ageng sanget, kanthi mekaten anggenipun nangani tersangka ugi mbetahaken ukum ingkang inggil. Penanganan ingkang trep inggih menika ukuman mati amargi masa depanipun lare sampun rusak amargi pelecehan seksual dening predator pedofilia. Kanthi mekaten, panjenenganipun kagungan pangajeng-ajeng bilih presiden saha kepulisian saged mirengaken saha nglimbang menapa ingkang dados pamanggihipun.

Maksud saking andharan kasebat inggih menika tiyang ingkang nindakaken pelecehan sosial tumrap lare dipunukum kanthi awrat. Salah satunggaling ukuman ingkang awrat inggih menika ukuman mati supados tiyang ingkang badhe nindakaken pedofilia ajrih saha boten tumindak kados mekaten. Menawi namung ukuman ingkang entheng, tamtu ing wekdal sanes piyambakipun saged nindakaken tumindak menika malih. Wondene ukara menika ugi dipunsentil dening masarakat lumantar redaktur nun inggih ukuman mati menika taksih entheng. Ukara kasebat minangka protes saking masarakat minangka kejahatan ingkang awrat sanget saha boten saged dipunampuni dening sinten kemawon. Senadyan dipunukum mati, ananging ing masarakat taksih kathah tiyang-tiyang

ingkang nindakaken pelecehan seksual. Pramila, pamarentah kedah saestu ngatasi prakawis menika.

aaa. **Kapolri: tindhak tegas sing nindakake persekusi** (UP)
Pulisi uga ora dianggep kok! (PR)

(PS/25/24 Juni 2017)

Ukara “*Kapolri: tindhak tegas sing nindakake persekusi*” tegesipun inggih menika Kapolri ngendika bilih jajaran kepolisian kedah nindhak teges tiyang-tiyang ingkang nindakaken persekusi. Persekusi inggih menika panuntutan pidana tumrap tumindak ingkang nglawan ukum (Efendi, 2018:328). Ateges Kapolri paring prentah dhateng jajaran kepolisian kedah nindhak teges kanthi adhedhasar ukum ingkang lumampah (DetikNews.com, 2017). Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur tumrap masarakat bilih “*Pulisi uga ora dianggep kok!*”. Ukara kasebat tegesipun inggih menika pulisi ugi boten dipunanggep. Pihak ingkang boten nganggep pulisi inggih menika masarakat. Pamanggih kasebat adhedhasar pamanggihipun Kapolri inggih menika masarakat ingkang ngraos boten remen kaliyan menapa ingkang dipunngendikakaken tiyang sanes ing *media sosial* kedahipun nglapuraken bab menika wonten ing pulisi, sampun ngatos tumindak piyambakan utawi *main hakim sendiri* (DetikNews.com, 2017). Adhedhasar andharan kasebat, saged dipunpendhet dudutan bilih masarakat wonten ingkang boten pitados tumrap pulisi, satemah menawi ngraosaken boten remen kaliyan menapa ingkang dipunngendikakaken tiyang sanes, masarakat badhe tumindak piyambakan utawi *main hakim sendiri*.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika prentah kangge nindakaken keadilan.

Kapolri lumantar DetikNews.com (2017) ngandharaken bilih panjenenganipun mrentah dhateng jajaran kepolisian supados nindhak teges ingkang jumbuh kaliyan ukum ingkang lumampah dhateng tiyang ingkang nindakaken persekusi. Panjenenganipun ugi ngemutaken dhateng masarakat bilih menawi ngraosaken boten remen kaliyan menapa ingkang dipunngendikakaken dening tiyang sanes kedahipun nglapuraken bab menika dhateng pulisi supados saged dpunusut saha dipunrampungaken tanpa nindakaken *main hakim sendiri*.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika kepolisian paring prentah dhateng jajaranipun supados nindakaken keadilan dhateng tiyang ingkang nindakaken persekusi. Kapolri ngantos wanti-wanti dhateng masarakat supados nglapuraken sedaya tumindak ingkang nerak ukum. Wondene kagem jajaran kepolisian, panjenenganipun wanti-wanti supados boten ajrih anggenipun badhe ngrampungaken persekusi kanthi adhedhasar ukum ingkang lumampah. Pamanggih menika dados dhasar menawi Kapolri saha jajaranipun saestu sanget anggenipun badhe ngrampungaken prakawis persekusi. Ananging, redaktur ugi paring sentilan dhateng masarakat bilih, kedahipun masarakat ugi pitados dhateng kepulisian supados saged mbiyantu anggenipun ngrampungaken prakawis persekusi, amargi sadangunipun menika masarakat langkung remen nindakaken *main hakim sendiri* tinimbang nglapuraken wonten ing pulisi. Tumindak menika boten leres, amargi saged nunakaken tiyang sanes saha dhirinipun piyambak. Kanthi mekaten, kedah wonten tembayatan antawisipun kalih pihak supados ndadosaken negari ingkang aman.

- bbb. **Emoh ditahan, Irman Gusman njaluk “penangguhan” (UP)**
Nalika diwenehe beselan, kok ora emoh ya?! (PR)
(PS/40/1 Oktober 2016)

Ukara “*emoh ditahan, Irman Gusman njaluk “penangguhan”*” tegesipun inggih menika Irman Gusman boten kersa dipuntahan, lajeng nyaosaken *penangguhan penahanan*. *Penangguhan penahanan* inggih menika ngedalaken tersangka utawi terdakwa saking penahanan saderengipun bates wekdalipun telas (Efendi, 2018:307). Kanthi mekaten, *penangguhan penahanan* minangka cara kangge ngedalaken terdakwa saderengipun wekdal dipunkunjara menika telas. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*nalika diwenehe beselan, kok ora emoh ya?!*”. Ukara menika tegesipun, nalika dipuncaosi beselan, kok boten nulak inggih. Beselan inggih menika nyaosaken arta dhateng panggedhe (Poerwadarminta, 1939:43). Maksudipun inggih menika nalika IG dipuncaosi arta kangge suap kuota gendhis *impor* kok boten nulak mawon.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika boten sumbut kaliyan ingkang dipuntindakaken. detikNews (2016) ngandharaken bilih IG badhe nyaosaken *penangguhan penahanan* dhateng KPK, kamangka miturut Laode sadangunipun menika KPK boten nate maringaken *penangguhan penahanan* amargi wekdal ingkang dipunginakaken kangge penyelidikan namung winates. Adhedhasar andharan kasebat, IG ngupiyakaken sedaya cara supados ukumanipun boten awrat. Panjenenganipun nyuwun *penangguhan penahanan* dhateng KPK, senadyan KPK boten nate maringaken *penangguhan penahanan*. Menika cara ingkang dipunginakaken dening tersangka supados anggenipun nindakaken

ukuman boten awrat. Wondene masarakat lumantar redaktur kagungan pamanggih bilih nalika panjenenganipun dipuncaosi arta suap, kenging menapa kersa. Wondene samenika sampun badhe dipuntahan, kepara panjenenganipun boten kersa. Pamanggih menika kalebet ing sindiran tumrap IG. Nalika prakawis ingkang sae kanthi nulak suap, panjenenganipun boten kersa. Wondene prakawis ingkang boten sae kanthi nindakaken korupsi, panjenenganipun kersa nindakaken.

ccc. **Badan Legilasi DPR ngajab larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran (UP)**

Ayat bab mbako wae bisa ilang saka UU Kesehatan kok! (PR)

(PS/27/8 Juli 2017)

Ukara “*Badan Legilasi DPR ngajab larangan iklan rokok dijabel saka RUU Penyiaran*” tegesipun inggih menika badan legislasi DPR kagungan pangajab bilih awisan iklan rokok dipunjabel saking RUU Penyiaran. Dijabel inggih menika dicabut, dibedhol (Poerwadarminta, 1939:76). Maksud saking ukara ing nginggil inggih menika badan legislasi DPR kagungan pangajab bilih awisan iklan rokok dipuncabut saking RUU Penyiaran. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika “*Ayat bab mbako wae bisa ilang saka UU Kesehatan kok!*”. Maksud saking andharan kasebat inggih menika paugeran bab mbako saged ical saking UU Kesehatan. Paugeran bab mbako menika panci ical saking UU kesehatan saderengipun dipuntapak asmani dening presiden saha dipuncathet ing lembar negara ing Sekretariat Negara (Tempo.co, 2017). Adhedhasar andharan menika, ukara kasebat nedahaken bilih ayat ingkang ngrembag bab mbako menika ical saking UU Kesehatan. Andharan menika

sentilan dhateng DPR bilih UU menika saged dipunicali senadyan sampun wonten kesepakatan antawisipun anggota.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika sedaya paugeran dipunatur dening DPR. BBC.com (2017) ngandharaken bilih Badan Legislasi DPR kagungan pamanggih bilih badhe ngicalaken awisan iklan rokok ing RUU Penyiaran. Iklan rokok menika tetep dipuntayangaken ananging wekdalipun ingkang dipunwatesi. Pamanggih menika pikantuk protes saking kathah pihak amargi saged ndadosaken tiyang nem ingkang ngrokok dados langkung kathah. Senadyan wekdal iklan rokok dipunwatesi, ananging lare-lare tamtu saged ningali iklan rokok saking internet amargi pangaribawa internet langkung ageng tinimbang TV, senadyan TV ugi gadhah pangaribawa ingkang ageng ugi.

Adhedhasar andharan ing nginggil, maksud saking ukara kasebat inggih menika badan legislatif DPR kagungan pangribawa ageng tumrap panyusunan RUU Penyiaran, amargi RUU minangka asil musyawarah antawisipun wakil rakyat ingkang salajengipun dipuntapak asmani dening presiden. Kanthi mekaten, DPR kedah nglimbang menapa ingkang kedah dipunlebetaken RUU kaliyan menapa ingkang kedah dipunicali saking RUU kanthi adhedhasar kapentingan rakyat. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih ayat bab mbako saged ical saking UU kesehatan. Ukara kasebat minangka sentilan tumrap DPR bilih kedahipun wakil rakyat langkung nengenaken kapentingan rakyat menapa menika saking kesehatan menapa dene ekonomi. Dados boten nengenaken kapentinganipun pribadi menapa dene politik.

ddd. **Pemerintah bakal nggampangake napi oleh remisi (UP)**

Akibat kebake kunjara lan kentekan anggaran! (PR)

(PS/27/2 Juli 2016)

Ukara “*pemerintah bakal nggampangake napi oleh remisi*” nedahaken bilih pamarentah badhe nggampilaken napi pikantuk remisi. Remisi inggih menika pangirangan ukuman ingkang dipunparingaken dhateng terpidana menawi nindakaken tumindak sae sadangunipun wonten ing kunjara (Efendi, 2018:357). Dados ukara kasebat tegesipun pamarentah badhe nggampilaken napi pikantuk pangirangan ukuman amargi sampun nindakaken kagiyatan ingkang sae sadangunipun wonten ing kunjara. Ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*akibat kebake kunjara lan kentekan anggaran!*”. Sentilan kasebat gadhah maksud inggih menika akibat kathahipun tiyang ingkang dipunkunjara saha prabeya ingkang dipunmedalaken ugi sampun badhe telas. Adhedhasar andharan wonten nginggil nedahaken bilih pamarentah badhe nggampilaken remisi amargi narapidana menika nindakaken tumindak ingkang sae sadangunipun wonten ing kunjara. Alesan menika jumbuh kaliyan pangertosan remisi. Wondene wonten alesan sanesipun inggih menika amargi kathahipun tiyang ingkang dipunkunjara saha badhe telasipun prabeya ingkang dipunginakaken kangge napi. Alesan menika kajumbuhaken kaliyan sentilan ingkang dipunandharaken dening redaktur.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika pakunjaran amrih boten kebak. Alesanipun, menawi kathah napi pikantuk *remisi* utawi kirangipun wekdal wonten ing kunjara, tamtu kemawon pakunjaran boten kebak saha prabeya ingkang

dipunmedalaken menika ugi boten kathah. Kanthi mekaten, pamarentah badhe nggampilaken napi pikantuk *remisi*, ananging kedah manut kaliyan paugeran ingkang lumampah. Paugeran menika narapidana kedah nindakaken tumindak sae sadangunipun wonten ing kunjara.

eee. **Perpu ormas wiwit digunakake** (UP)

Wiwit pasang taji sajake (PR)

(PS/31/5 Agustus 2017)

Ukara “*Perpu ormas wiwit digunakake*” tegesipun inggih menika perpu ormas wiwit dipunginakaken. Wekdal anggenipun pamarentah ngginakaken perpu inggih menika wiwit dipuntapak asmani dening bapak Jokowi ing dinten Senin tanggal 10 Juli 2017. Tegesipun paugeran ingkang ngatur ormas, adhedhasar perpu menika (Liputan6.com, 2017). Saking andharan kasebat, ormas-ormas wonten ing Indonesia dipunatur kaliyan perpu kasebat, dados menawi wonten ormas ingkang nerak paugeran, tamtu kedah dipunukum jumbuh kaliyan wosing perpu. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Wiwit pasang taji sajake*”. Teges saking tembung taji inggih menika waja ingkang dipunwangun landhep dipunpasang ing sikilipun jago (Poerwadarminta, 1939:585). Teges saking andharan kasebat inggih menika taji minangka senjata utawi gegaman kangge nglindhungi dhirinipun piyambak saking serangan mengsah. Taji ing ukara kasebat nedahaken perpu ingkang dipuntapak asmani dening Presiden Jokowi. Maksudipun inggih menika pamarentah wiwit ngecakaken gegaman (perpu ormas) kangge ngatur ormas-ormas wonten ing Indonesia supados saged langkung tertib, manut kaliyan paugeran negari, saha sami-sami anggenipun njagi katentremanipun negari Indonesia.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados tertib. Liputan6.com (2017) ngandharaken bilih Presiden Jokowi medalaken Peraturan Pemerintah Pengganti Undang-Undang (Perppu) nomor 2 Tahun 2017 babagan ewah-ewahan Undang-undang nomor 17 taun 2013 babagan Organisasi Kemasyarakatan. Tjahjo Kumolo ngandharaken bilih saben organisasi masarakat saged ngrembaka ing Indonesia, ananging kedah manut kaliyan paugeran negari inggih menika undang-undang. Perppu dipuntujukaken dhateng ormas-ormas ingkang kagungan prakawis utawi ormas ingkang tumindak nerak ukum. Perppu kasebat wosipun inggih menika awisan saha ukuman.

Adhedhasar andharan ing nginggil, maksudipun inggih menika kedah wonten paugeran ingkang ngatur ormas ing Indonesia supados langkung tumata saha patuh, taat dhateng pamarentah saha undang-undang. Kanthi wontenipun perppu, ormas-ormas ing Indonesia boten saged bebas anggenipun nindakaken menapa ingkang dados remenanipun, sedaya kedah dipunjumbuhaken kaliyan paugeran ingkang lumampah. Menawi wonten ormas ingkang tumindak nerak ukum, tamtu dipuntindhak saha dipunukum jumbuh kaliyan ukuman ingkang wonten ing perppu. Perppu ugi dipunsebat gegaman amargi kangge ngatur ormas-ormas wonten ing Indonesia.

fff. **Pemerintah nyusun aturan mobil listrik** (UP)

Setrume isih byarpet (PR)

(PS/31/5 Agustus 2017)

Ukara “*Pemerintah nyusun aturan mobil listrik*”, ingkang ateges pamarentah ngrantam paugeran mobil listrik. Paugeran ingkang dipunrantam

inggih menika paugeran-paugeran ingkang wonten gayutipun kaliyan produksi mobil listrik ing Indonesia. Salah satunggalipun ingkang dipunrantam inggih menika pajeg ingkang kedah dipunbayaraken. Pajeg kedah dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahanipun. Kados ingkang dipunngendikakaken dening Mentri ESDM Ignasius Jonan inggih menika menawi Indonesia ngginakaken kebijakan fiskal pajeg sami kados samenika reginipun Rp 2 miliar, tamtu boten wonten ingkang mundhut (Liputan6.com, 2017). Prakawis menika ugi dipunlimbang supados regi saha pajeg ingkang dipunbayaraken boten patasa inggil. Ukara kasebat ugi pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika “*Setrume isih byarpet*”. Teges saking tembung *byarpet* inggih menika kawontenan listrik ingkang kekurangan daya, dados kadhang kala murup kadhang kala mati. Maksud saking andharan kasebat inggih menika setrum ingkang dipunginakaken kangge mobil listrik menika taksih kirang. Pamarentah menawi badhe mrodhuksi mobil listrik, kedah nambah persediaan setrum ingkang dipunginakaken supados boten kangelan anggenipun badhe ngisi daya.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados langkung tertib. Ignasius Jonan lumantar Liputan6.com (2017) ngandharaken bilih pamarentah badhe ngrantam paugeran ingkang gegayutan kaliyan pangrembakanipun mobil listrik. Bu Menteri Keuangan (Sri Mulyani) ugi ngandharaken bilih mobil listrik kangge nunjang lingkungan ingkang langkung ijem saha langkung resik. Samenika sampun wonten tim cacah tiga ingkang ngrantam paugeran kangge mobil listrik inggih

menika Kementerian Keuangan, Kementerian Perindustrian, saha Kementerian ESDM.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika pamarentah nyengkuyung wontenipun mobil listrik ingkang langkung ramah lingkungan saha langkung resik, ananging mobil listrik menika ugi kedah wonten payung ukumipun supados langkung tertib kadosta bab pajeg. Pamarentah kedah ngrantam pajeg ingkang dipunbayaraken. Pajeg ugi kedah dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan ing Indonesia supados boten patasa kawratan. Pamarentah ugi nyepakaken sedaya ingkang dipunbetahaken kaliyan mobil listrik kadosta setrum. Setrum minangka perangan ingkang kedah sumadya amargi kangge nglampahaken mobil listrik.

ggg. **Narkoba ngrongrong ketahanan negara** (UP)

Anggone njejegake hukum isih loyo (PR)

(PS/32/12 Agustus 2017)

Ukara “*Narkoba ngrongrong ketahanan negara*” tegesipun inggih menika narkoba ngrongrong ketahanan negari Indonesia. Maksud saking ngrongrong inggih menika mlebet kanthi lebet ing negari Indonesia. Dados narkoba mlebet ing Indonesia boten namung wonten ing kutha-kutha kemawon, ananging ugi sampun dumugi dhaerah-dhaerah ingkang boten kaduga. Dados narkoba sampun ngrembaka ing Indonesia. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Anggone njejegake hukum isih loyo*”. Maksud saking andharan kasebat inggih menika anggenipun njejegaken ukum ing Indonesia taksih loyo. Ateges, ukum ing Indonesia dereng teges, dados taksih gampil anggenipun pihak-pihak tartamtu nglebetaken narkoba. Aparatipun ugi wonten ingkang gampil dipunsuap

dados narkoba gampang anggenipun badhe mlebet Indonesia (Tim Harian Kompas, 2017).

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika narkoba minangka mengsahipun Indonesia. Harian Kompas (2017) ngandharaken bilih narkoba ngrongrong ketahanan negari saha sampun ngantos dumugi plosok negeri. Ingkang ngonsumsi narkoba boten namung masarakat kemawon ananging sampun dumugi aparat penegak ukum saha penyelenggara negara. Prakawis menika saged dumados amargi ukum ing Indonesia taksih lemah dados taksih gampang menawi narkoba badhe mlebet ing Indonesia.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika narkoba minangka mengsahipun masarakat Indonesia. Pulisi saha BNN samenika nembe mbrastha narkoba ing sedaya kalangan. Menapa menika masarakat, menapa dene aparat. Sampun kathah tuladha sinten kemawon ingkang kecepeng. Senadyan aparat negari ingkang nguwaosi dhaerah tartamtu ananging menawi nindakaken tumindak ingkang nerak ukum utawi nglindungi pihak ingkang badhe nglebetaken narkoba tamtu tetep dipunukum. Sedaya menika dipuntindakaken amargi kangge ancas badhe mbrastha narkoba saking Indonesia. Supados Indonesia bebas saking bebaya narkoba.

hhh. **Omah subsidi kesandhung ijin pemda (UP)**

Sing menehi ijin uga njaluk subsidi (PR)

(PS/13/1 April 2017)

Ukara “*Omah subsidi kesandhung ijin pemda*” tegesipun inggih menika griya subsidi ingkang kesandhung kaliyan idin saking pemda. Maksud saking

andharan kasebat bilih idin griya subsidi ingkang boten enggal dipunparingaken dening pemda. Boten enggal dipunparingaken menika dipuntengeri kaliyan tembung kesandhung. Kesandhung tegesipun kenging alangan (Poerwadarminta, 1939:215). Menawi miturut ukara menika kesandhung ing ngriki ateges griya subsidi kenging alangan nalika ngurus idin dhateng pemda. Wondene ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika “*Sing menehi ijin uga njaluk subsidi*”. Maksud saking andharan kasebat inggih menika ingkang maringaken idin ugi nyuwun subsidi. Maksud saking ingkang maringi idin inggih menika pemda, wondene nyuwun subsidi tegesipun nyuwun arta kangge ngurus sedaya ingkang dipunbetahaken kangge idin. Dados maksudipun, pemda nyuwun arta kangge ngrampungaken sedaya idin ingkang dipunbetahaken.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika korupsi wonten ing griya subsidi. beritasatu.com (2017) ngandharaken bilih Asosiasi Pengembang Perumahan dan Pemukiman Seluruh Indonesia (Apersi) kagungan target badhe mbangun 120.000 unit griya ing taun 2017 kangge masarakat ingkang kagungan pangupajiwa alit, ananging sedaya wonten alanganipun inggih menika idin saha infrastruktur saking pemda. Bukti nedahaken bilih kathah pemda ingkang dereng ngetrepaken idin setunggal atap. Menawi sampun ngetrepaken tamtu taksih kathah prosedur ingkang dipuntindakaken. Idin saking pemda menika kathah ingkang boten tinarbuka. Ketua Apersi ugi ngandharaken bilih taksih wonten praktek suap kangge ngrampungaken idin. Adhedhasar andharan kasebat, maksud saking ukara menika bilih kathah program pamarentah ingkang dipunalang-alangi kaliyan idin

saking pemda. Boten namung idin kemawon, ananging ugi infrastruktur. Kepara pemda wonten ingkang nyuwun arta kangge ngrampungaken idin ingkang dipunbetahaken.

iii. **Dhuwit asile kejahatan narkoba kudu dirampas** (UP)

Aja kaya biyasane, didum... (PR)

(PS/35/27 Agustus 2016)

Ukara “*dhuwit asile kejahatan narkoba kudu dirampas*” tegesipun inggih menika arta asil saking narkoba kedah dipunrampas. Artanika asil saking nyade narkoba. Artanika ingkang dipunkempalaken tamtu boten sekedhik amargi reginipun narkoba tamtu kemawon awis. Wondene maksud saking ukara ing nginggil inggih menika arta asil anggenipun nyade narkoba kedah dipunrampas utawi dipunpendhet, supados boten dipunginakaken kangge kapreluan sanesipun. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*aja kaya biyasane, didum...*”. Ateges sampun ngantos kados padatan, menawi wonten arta lajeng dipundum kaliyan kancanipun. Ukara menika sentilan dhateng para petugas, menawi pikantuk arta asil nyade narkoba kedahipun karampas, sampun ngantos dipundum kaliyan kanca sanes.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika medhot pangrembakaning narkoba. Yenti lumantar Jawa Pos (2016) ngandharaken bilih arta asil narkoba minangka lantaran kangge ngrembakanipun bisnis narkoba. Panjenenganipun ugi mahyakaken bilih boten kasilipun medhot pangrembakan narkoba amargi prabeya ingkang boten dipunrampas. Adhedhasar andharan menika, pamarentah kedah ngrampas prabeya asil saking nyade narkoba supados saged medhot

pangrembakanipun narkoba. Masarakat lumantar redaktur ngandharaken pangajabipun supados arta menika boten dipundum kados padatan, amargi kalebet arta ingkang boten halal satemah boten saged dipunginakaken kangge kapreluan pribadhi.

jjj. **Ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati (UP)**
Sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak (PR)
(PS/35/27 Agustus 2016)

Ukara “*ana rekaman Freddy Budiman sadurunge dipidana mati*” tegesipun inggih menika wontenipun rekaman Freddy Budiman saderengipun dipunpidana mati. Rekaman menika tansah dipuntengga dening aparat utawi pihak ingkang kagungan wewenang. Rekaman menika dipundamel dening Freddy Budiman ingkang wonten gayutanipun kaliyan pejabat-pejabat ing prakawis narkoba. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak*”. Ateges ingkang nate nampi artanipun Freddy boten saged sare kanthi sekeca. Maksudipun tiyang nate nampi arta saking Freddy tamtu ngraosaken was-was utawi kuwatir amargi ajrih menawi tumindakipun dipunmangertosi dening aparat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika rekaman wosipun tiyang ingkang gegayutan kaliyan narkoba. Rapller.com (2016) ngandharaken bilih Freddy nyaosaken arta dhateng oknum Polri saha BNN supados anggenipun nyade narkoba saged gancar. Pak Tito ngandharaken bilih wonten ing rekaman, Freddy boten ngandharaken kanthi gamblang sinten aparat ingkang dipunsuap. Adhedhasar andharan menika, ukara kasebat gadhah maksud bilih Freddy badhe

nedahaken peranipun wonten ing ranah narkoba. Peran Freddy wigatos sanget tumrap Polri amargi kangge gerbang anggenipun badhe mbikak prakawis narkoba saha mbikak sinten kemawon ingkang dipunsuap supados narkoba saged mlebet kanthi aman wonten ing Indonesia. Redaktur ugi ngandharaken sentilanipun inggih menika *sing tau nampa dhuwite Freddy ora bisa turu jenak*. Adhedhasar sentilan menika, oknum Polri saha BNN ingkang boten dipunsebataken dening Freddy kalawau ngraos was-was utawi kuwatir menawi pihak Polri mangertos sinten tiyangipun.

kkk. **Kurban Dimas Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas** (UP)
Pranyata dudu tukang nikelake dhuwit, nanging nikelake kertas! (PR)
(PS/42/15 Oktober 2016)

Ukara “*kurban Dimas Kanjeng ing Makasar, dhuwite Rp 202 milyar diijoli kertas*” tegesipun inggih menika arta Rp 202 milyar kagunganipun kurban Dimas Kanjeng saking Makassar, dipunlintu kaliyan kertas. Maksudipun inggih menika Dimas Kanjeng sampun apus-apus dhateng kurbanipun. Apus-apus menika awujud saged nikelaken arta. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*pranyata dudu tukang nikelake dhuwit, nanging nikelake kertas!*”. Ukara menika tegesipun, ing kasunyatan, Dimas Kanjeng boten saged nikelaken arta, ananging sagedipun nikelaken kertas. Maksudipun inggih menika Dimas Kanjeng apus-apus dhateng tiyang sanes bilih panjenenganipun saged nikelaken arta, ananging kasunyatanipun Dimas Kanjeng boten saged, kepara panjenenganipun namung saged nikelaken kertas ingkang dipuncithak memper kaliyan arta.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika Dimas Kanjeng tumindak ngapusi. Ing kasunyatan, panjenenganipun boten saged nikelaken arta. JawaPos.com (2016) ngandharaken bilih wonten salah satunggaling korban saking Makassar ingkang sampun nyaosaken arta Rp 202 Milyar kanthi mapinten-pinten cara. Dimas Kanjeng lajeng nyaosaken tikelan arta kanthi ngginakaken pethi ingkang dipunkintun dening kapal. Arta menika awujud arta palsu saking Iran, Vietnam, Korea, saha Euro, salajengipun wonten ngandhap arta ugi wonten kertas HVS ingkang dipunukur jumbuh kaliyan ukuran arta kasebat. Wonten pethi setunggal ingkang wosipun emas batangan, ananging emas menika ugi palsu amargi dipundamel saking kuningan. Maksud saking andharan kasebat inggih menika, Dimas Kanjeng nindakaken tumindak ingkang nerak ukum ingkang kanthi apus-apus saged nikelaken arta. Kamangka sejatosipun arta menika boten saged dipuntikelaken. Masarakat lumantar redaktur ugi ngandharaken pamanggihipun bilih Dimas Kanjeng sanes tiyang ingkang nikelaken arta, ananging nikelaken kertas amargi arta ingkang dipuntikelaken sejatosipun kertas. Sentilan menika ugi dados pangemut-emut bilih sampun ngantos gampil pitados dhateng tiyang sanes menawi wonten babagan ingkang boten saged dipunnalar.

III. **Sabu saka Malaysia saya ndadra** (UP)
Sebut wae sabu melayu (PR)

(PS/46/12 November 2016)

Ukara “*sabu saka Malaysia saya ndadra*” tegesipun inggih menika sabu saking Malaysia ingkang mlebet ing Indonesia tansaya ndadra. Ndadra menika tegesipun saya sanget (Poerwadarminta, 1939:63). Dados tegesipun sabu saking

Malaysia tansaya kathah sanget. Sabu minangka salah satunggaling jinis narkoba ingkang awujud bubuk. Adhedhasar andharan menika, Indonesia minangka negari ingkang darurat narkoba. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*sebut wae sabu melayu*”. Ukara kasebat tegesipun sabu menika dipunsebat sabu melayu. Melayu dipunpendhet saking Malaysia, amargi Malaysia kalebet ing bangsa melayu. Kanthi mekaten, sabu saking Malaysia ugi dipunsebat sabu melayu.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika Indonesia darurat narkoba. Salah satunggaling negari ingkang dados pemasok narkoba jinis sabu inggih menika Malaysia. Malaysia minangka negari ingkang caket piyambak kaliyan Indonesia. Pramila menawi anggenipun badhe ngintun sabu ugi caket. AKBP Donny Setiawan lumantar Sentananews.com (2016) ngandharaken bilih Tim NIC (Narcotic Investigation Centre) manggihaken tersangka cacah sekawan ingkang ngintun sabu saking Malaysia dugi Indonesia siring kilen. Tersangka cacah sekawan kecepeng ing mapinten-pinten kitha. Tersangka mbekta 6,3 kilogram sabu. Adhedhasar andharan kasebat, maksudipun inggih menika narkoba ingkang awujud sabu kathah saking luar negeri, salah satunggalipun Malaysia. Malaysia minangka salah satunggaling negari ingkang caket piyambak kaliyan Indonesia. Tiyang-tiyang wonten ing Malaysia ugi maneka warni rumpun, dados peluang kangge ngrembakakaken sabu ugi gampang. Pramila sabu saking Malaysia ugi ngrembaka ing Indonesia. Masarakat lumantar redaktur ugi kagungan pamanggih

bilih sabu saking Malaysia dipunsebat sabu Melayu amargi Malaysia kalebet ing bangsa Melayu. Pramila dipunsebat sabu Melayu.

mmm. **Dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR (UP)**

Ilen-ilen kotor pungkasane tekan juglangan (PR)

(PS/16/22 April 2017)

Ukara “*Dhuwit sogokan kasus Bakamla mili menyang DPR*” tegesipun inggih menika arta sogokan prakawis Bakamla mili dhateng DPR. Maksud saking andharan kasebat inggih menika arta sogokan minangka arta ingkang dipuncaosaken dhateng tiyang sanes kangge ancas nggampilaken anggenipun ngurus samukawis. Bakamla inggih menika Badan Keamanan Laut. Wondene mili ateges mlampah tumrap ilining toya (Poerwadarminta, 1939:315), ananging miturut konteks ukara kasebat inggih menika ngalir saking pihak sepisan dhateng pihak kapindho. Miturut ukara menika maksudipun mili menyang DPR ateges arta menika dipunbagi-bagi wonten ing DPR. Dados arta sogokan prakawis Bakamla dipunbagi-bagi wonten ing DPR. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika “*Ilen-ilen kotor pungkasane tekan juglangan*”. Ilen-ilen kotor menika ateges arta sogokan. Wondene juglangan ateges luwangan utawi ing konteks ukara menika ateges kunjara. Maksud saking ukara kasebat inggih menika anggota DPR ingkang pikantuk arta Bakamla tamtu saged mlebet ing kunjara.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ingkang nindakaken korupsi bakal dipunkunjara. Media Indonesia (2017) ngandharaken bilih tiyang ingkang gegayutan kaliyan korupsi Bakamla inggih menika Ali Fahmi minangka staf

khusus Kepala Bakamla, Laksamana Madya TNI Arie Soedewo, Fahmi Darmawansyah saking PT Melati Technofo Indonesia. Fahmi Darmawansyah nyaosaken arta Rp 24 milyar kangge pejabat Bakamla, Bappenas, Kementerian Keuangan, saha mapinten-pinten anggota DPR. Arta sogokan menika kangge proyek satelit pemantau. Proyek ingkang dipunsarujuki antawisipun Ali Fahmi saha Fahmi Darmawansyah boten dipuntepati dening Ali. Sasampunipun dipuntagih, kamangka arta menika sampun kabagi-bagi dhateng mapinten-pinten pihak kalebet anggota DPR, ingkang miturut Ali Fahmi ing Komisi XI.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika arta sogokan prakawis Bakamla wonten saperangan ingkang dipunbagi dhateng DPR. Arta menika kangge nggampilaken anggenipun ngurus sedaya kabetahan ingkang gegayutan kaliyan proyek Bakamla. Wondene ukara kasebat ugi dipunsentil dening redaktur bilih “*Ilen-ilan kotor pungkasane tekan juglangan*”. Maksudipun inggih menika ilining arta ingkang boten resmi, samangke tamtu badhe konangan dening KPK. Menawi sampun konangan, tamtu kemawon tiyang ingkang nampi saged dipunkunjara.

nnn. **11 domain Telegram kang diblokir kanggo keamanan negara lan masyarakat** (UP)

Bali wae surat-suratan (PR)

(PS/30/29 Juli 2017)

Ukara “*11 domain Telegram kang diblokir kanggo keamanan negara lan masyarakat*” tegesipun inggih menika sewelas wosing Telegram dipunblokir kangge keamanan negari saha masarakat. Sewelas wosing telegram inggih menika t.me, telegram.me, telegram.org, core.telegram.org, desktop.telegram.org,

macos.telegram.org, web.telegram.org, venus.web.telegram.org, pluto.web.telegram.org, flora.web.telegram.org, saha flora-1.web.telegram.org. Sedaya menika ngewrat bab-bab ingkang boten sae kadosta prakawis bab terorisme, radikalisme, saha sanesipun (Kominfo, 2017). Satemah kedah dipunicali supados masarakat boten kaprabawan dening bab kasebat. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur nun inggih “*Bali wae surat-suratan*”. Ateges wangsul malih dhateng layang utawi serat kangge kirim kabar ingkang kaserat ing kertas saha dipunkintunaken lumantar Pos. Menawi wangsul dhateng layang malih saged langkung pribadi saha boten dipunsarengi kaliyan iklan-iklan ingkang ngewrat radikalisme, terorisme, saha sanesipun ingkang saged ngrisak tatanegari Indonesia.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ingkang *modern* amrih aman. Kominfo (2017) ngandharaken bilih wonten sewelas wosing Telegram ingkang dipunblokir amargi ngewrat prakawis-prakawis bab radikalisme, terorisme, saha sanesipun. Aplikasi Telegram badhe dipuntutup kanthi sedayanipun ing Indonesia, menawi boten, nyepakaken SOP kangge ngatasi prakawis ingkang nerak ukum. Tumindak menika kangge njagi wetahipun Negara Kesatuan Republik Indonesia.

Adhedhasar andharan ing nginggil, nedahaken bilih senadyan teknologi langkung majeng, ananging dereng tamtu aman menawi dipunginakaken. Kadhang kala teknologi ingkang majeng ugi dipunsarengi kaliyan wosing-wosing sanes ingkang ngewrat konten radikalisme amargi internet langkung gampang dipunginakaken. Kanthi mekaten, menapa ingkang dipunserat ing internet

miginipun Telegram, kedah ngatos-atos supados boten ngrisak ketatanegaraan negari. Pamaos kedah saged milih saha milah pawartos menapa ingkang sae kaliyan boten. Wondene ukara menika pikantuk sentilan saking redaktur bilih supados ngginakaken layang ingkang dipunkintun lumantar Pos. Layang menika tamtu boten dipunsarengi kaliyan iklan-iklan ingkang ngewrat radikalisme, terorisme, utawi sanesipun. Kanthi mekaten, langkung aman ngginakaken layang tinimbang ngginakaken Telegram.

ooo. **KPK: meh 4000 ijin tambang ngemu masalah** (UP)

Mangka, kanggo ngrampungake masalah mau ora perlu ijin (PR)

(PS/50/10 Desember 2016)

Ukara “*KPK: meh 4000 ijin tambang ngemu masalah*” tegesipun inggih menika KPK ngandharaken bilih kirang langkung 4000 idin tambang ngemu prakawis. Prakawis menika wonten gayutanipun kaliyan *penyelewengan* dhata, amargi ingkang manggihaken prakawis menika KPK (Komisi Pemberantasan Korupsi). Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*mangka, kanggo ngrampungake masalah mau ora perlu ijin*”. Ukara kasebat tegesipun kangge ngrampungaken prakawis kalawau boten kedah idin. Maksudipun inggih menika anggenipun KPK badhe ngrampungaken prakawis *penyelewengan* kalawau boten kedah idin kaliyan tiyang ingkang nindakaken korupsi. Menawi tiyang menika lepat, tamtu kedah dipunukum.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika taksih kathah korupsi ing idin tambang. Dian Patria lumantar (nasional.kompas.com, 2016) ngandharaken bilih badhe 4000 idin tambang wonten gayutanipun kaliyan korupsi. Prakawisipun menika

maneka warni, salah satunggalipun boten mbayar pajeg. Adhedhasar andharan kasebat, maksudipun inggih menika taksih kathah tiyang ingkang boten nindakaken paugeran nalika idin nindakaken kagiyatan kanthi trep, dados nindakaken strategi ingkang lepat supados saged pikantuk idin kanthi rikat. Salah satunggaling cara inggih kanthi nindakaken korupsi. Wondene masarakat ugi kagungan pamanggih bilih kangge ngrampungaken prakawis korupsi boten perlu idin kaliyan tiyang ingkang nindakaken korupsi, amargi sinten kemawon ingkang nindakaken korupsi kedah dipunukum jumbuh kaliyan menapa ingkang dipuntindakaken.

ppp. **Setya Novanto disebut-sebut oleh 7% saka ajine proyek E-KTP (UP)**
Lumayan, 7% ping Rp 5.9 triliyun! (PR)

(PS/18/6 Mei 2017)

Ukara “*Setya Novanto disebut-sebut oleh 7% saka ajine proyek E-KTP*” tegesipun inggih menika Setya Novanto dipunsebat pikantuk 7% saking asil proyek E-KTP. Maksud saking andharan kasebat inggih menika Setya Novanto dipunsebat ing pengadilan bilih panjenenganipun pikantuk 7% saking asil proyek E-KTP. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur inggih menika “*Lumayan, 7% ping Rp 5.9 triliyun!*”. Ukara kasebat tegesipun 7% saking arta 5,9 triliyun. Redaktur paring sentilan bilih 7% menika saking asil proyek E-KTP ingkang cacahipun 5,9 triliyun rupiah.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika pikantuk kathah. Detiknews.com (2017) ngandharaken bilih Direktur PT Java Trade Utama, Johaness Richard Tanjaya ngakeni nate mireng Setya Novanto wonten gayutanipun kaliyan proyek E-KTP.

Panjenenganipun ndherek nampi bageyan saking proyek E-KTP. Jaksa ing pengadilan mundhut pirs babagan gayutanipun SN kaliyan prakawis E-KTP. Lajeng Johanès ngandharaken bilih Bobby utawi Jimmy Iskandar Tedjasusila nate ngandharaken bilih SN pikantuk 7 persen. Nalika Jaksa mundhut pirs sinten sejatosipun SN lajeng Johanès ngandharaken bilih SN inggih menika Setya Novanto.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika Setya Novanto dipunsebut-sebut pikantuk arta 7% saking proyek E-KTP. Dipunsebut-sebut menika amargi wonten katrangan saking Johanès bilih Bobby nate ngandharaken bilih Setya Novanto ugi nampi arta saking asil proyek E-KTP. Cacahipun arta panci boten kasebataken wonten ing pawartos, ananging redaktur ngandharaken bilih arta menika cacahipun 5,9 triliyun. Kanthi ancas redaktur nyebataken cacahipun arta supados masarakat mangertos arta ingkang dipunselewangaken. Pramila ukara saking redaktur minangka sentilan dhateng Setya Novanto bilih senadyan 7% menika sekedhik, ananging cacahipun arta ingkang dipunselewangaken menika 5,9 triliyun dados tetep kemawon pikantuk kathah sanget.

qqq. **Illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar (UP)**

Maling untung, negara buntung (PR)

(PS/43/22 Oktober 2016)

Ukara “*illegal fishing ngrugekake negara 270 milyar*” tegesipun inggih menika misaya mina kanthi boten resmi saged nunakaken negari ngantos 270 milyar. Misaya mina kanthi boten resmi maksudipun mendhet ulam kanthi boten resmi utawi anggenipun mendhet kanthi cara kadosta dipunbom. Wondene ukara

kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*maling untung, negara buntung*”. Ukara menika tegesipun maling saged bathi pikantuk ulam kathah, wondene negari buntung utawi tuna amargi ekosistemipun risak.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika ingkang nindakaken *illegal fishing* kedah dipuncepeng. CNN (2015) ngandharaken bilih negari tuna amargi wontenipun misaya mina ingkang boten resmi. Kathah oknum nelayan ingkang mendhet ulam cacahipun kathah sanget kanthi cara ingkang boten samesthinipun kadosta dipunbom, satemah saged ngrisak karang saha ekosistemipun. Wondene masarakat ing pesisir ugi kekirangan ulam amargi kathah ingkang dipunpendhet kanthi boten resmi. Adhedhasar andharan kasebat, maksud saking ukara ing nginggil inggih menika misaya mina kanthi boten resmi saged mbabayani tumrap panggesangan masarakat, mbabayani tumrap masarakat pesisir ingkang kekirangan bahan pangan, mbabayani tumrap ekosistem karang, saha sanesipun. Masarakat ugi kagungan pamanggih bilih menawi ulamipun dipunpendhet kanthi makaping-kaping, ingkang bathi tiyang ingkang mendhet, wondene ingkang tuna inggih menika negari, amargi ekosistemipun dados risak.

rrr. **OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan** (UP)
Mbokmenawa si oknum jeksa butuh dhuwit receh nggo kerokan (PR)
(PS/27/8 Juli 2017)

Ukara “*OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan*” tegesipun inggih menika OTT utawi Operasi Tangkap Tangan KPK ing Kejati Bengkulu dipunanggep namung recehan. Recehan menika ateges arta pecahan. Dados maksud saking ukara kasebat inggih menika operasi tangkap tangan KPK ing

Kejati Bengkulu namung dipunanggep arta pecahan kemawon. BBC.com (2017) ngandharaken bilih KPK nindakaken OTT tumrap Parlin Purba ingkang korupsi namung 10 yuta. Arta 10 yuta menika ingkang dipunanggep recehan, amargi arta menika namung sekedhik. Muslim ngandharaken bilih OTT 10 yuta boten wonten ginanipun, kedahipun ing dhaerah-dhaerah ingkang tingkat korupsinipun inggil kadosta Papua saha Sumatera Utara. Adhedhasar andharan kasebat, OTT KPK dhateng Kejati Bengkulu ingkang jumlah artanipun 10 yuta namung dipunanggep recehan. Redaktur ugi paring sentilan inggih menika “*Mbokmenawa si oknum jeksa butuh dhuwit receh nggo kerokan*”. Maksud saking andharan kasebat inggih menika mbok menawi oknum jaksa mbetahaken arta receh kangge kerokan. Padatan arta receh menika dipunbetahaken kangge kerokan. Ukara menika minangka sentilan bilih jaksa agung taksih nindakaken korupsi amargi kabetahan senadyan arta ingkang dipunkorupsi menika namung sekedhik.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika senadyan sekedhik tetep ateges korupsi. BBC.com (2017) ngandharaken bilih Kasi III Intel Kejaksaan Tinggi Bengkulu, Parlin Purba, sampun dipuntetepaken dados tersangka dening KPK amargi kalebet ing penyuapan prakawis proyek ing Balai Wilayah Sungai Sumatera VII Bengkulu. Danang Tri Sasongko ngandharaken bilih ingkang dipuntindhak menika tumindakipun, menawi cacahipun menika boten dados prakawis. Panjenenganipun ngandharaken bilih tumindakipun KPK menika boten dipunukur kaliyan arta ingkang dipunkorupsi, ananging efek ajrih saha ewahipun tumindak ingkang badhe dumados.

Maksud saking andharan kasebat inggih menika KPK nangkep oknum-oknum ingkang nindakaken korupsi senadyan arta ingkang dipunkorupsi sekedhik. Menapa ingkang dipuntindakaken dening KPK nedahaken tanggél jawabipun KPK tumrap masarakat kanggé ngicali korupsi ing Indonesia. Ingkang kecepeng boten namung ingkang ageng-ageng kemawon, ananging ingkang alit ugi kecepeng supados wonten efek ajrih satemah boten nindakaken korupsi malih. Redaktur ugi paring sentilan dhateng oknum ingkang nindakaken korupsi bilih arta receh kanggé kerokan. Menawi badhe kerokan tamtu ingkang dipunginakaken menika arta receh. Pangemba kasebat nedahaken bilih menawi oknum menika nembe mbetahaken arta, pramila arta sekedhik mawon ugi saged dipunkorupsi.

sss. **Ombudsman nemokake lapas kebak *pungli*** (UP)

*Ben ora diarani *pungli*, nganggo kwitansi...* (PR)

(PS/35/2 September 2017)

Ukara “*Ombudsman nemokake lapas kebak *pungli**” tegesipun inggih menika ombudsman manggihaken lapas ingkang kathah nindakaken *pungli*. Ingkang nindakaken *pungli* menika tamtunipun petugas lapas. Ombudsman inggih menika lembaga ingkang asipat mandhiri ingkang kagungan jejibahan nanjihaken, *monitoring*, utawi mriksa laporan masarakat ngengingi *pelaksanaan penyelenggaraan pelayanan administrasi publik* dening aparatur pamarentah kalebet lembaga peradilan (Efendi, 2018:289). Ombudsman manggihaken kathah petugas ingkang nindakaken pungutan liar wonten ing lapas. Pungutan liar menika arta ingkang dipunpendhet saking jalur-jalur ingkang boten resmi. Ukara menika ugi pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*Ben ora diarani *pungli*, nganggo kwitansi...*”. Ukara menika tegesipun supados boten dipunarani *pungli*,

ngginakaken kwitansi. Kwitansi minangka bukti pembayaran ingkang sah. Maksud saking ukara ing nginggil inggih menika redaktur paring sentilan bilih supados boten dipunwastani *pungli* menawi badhe mbayar dipuncaosi kwitansi supados wonten bukti ingkang sah.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika kangge nyamaraken bukti. Anggota ORI Ninik Rahayu (lumantar Jabarekspres.com, 2017) ngandharaken bilih panjenenganipun nindakaken investigasi piyambak kangge mantau pelayanan publik ing lapas cacah sekawan ingkang wosipun sampun nglangkungi kapasitas. Asilipun, pungutan liar menika dipunpangguhaken ing kathah perangan. Wiwit saking arta kangge resesik kamar utawi ruang tahanan, tambahan prabeya kangge dhedhaharan, ngantos arta kangge kunjungan supados langkung dangu. *Pungli* menika dipunbayaraken Rp 20.000 saben dintenipun utawi Rp 100.000 saben minggu. Arta menika dipuncaosaken wonten ing tamping (tahanan pendamping), dados petugas kados boten cawe-cawe babagan menika.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika ing Indonesia taksih kathah instansi ingkang nindakaken praktek *pungli*. *Pungli* menika tumindak ingkang boten resmi amargi kepingin pikantuk arta langkung ananging boten ngginakaken jalur ingkang resmi. Sedaya menika panci boten kraos amargi arta ingkang dipunpendhet sekedhik, ananging menawi cacahipun kathah saha wekdalipun dangu tamtu pikantuk kathah sanget. Redaktur minangka sesulih saking masarakat paring pamanggih bilih menawi badhe boten dipunwastani *pungli* kedah ngginakaken kwitansi. Kwitansi minangka bukti pembayaran

ingkang sah. Menawi anggenipun mbayar ngginakaken kwitansi, tamtu pembayaran menika sampun sah. Kanthi mekaten, saged kangge nyamaraken bukti bilih nindakaken *pungli*. Ukara menika minangka sentilan dhateng pejabat lapas bilih tumindak *pungli* menika boten sae saha saged nunakaken tiyang kathah. Senadyan ukara menika ngemu raos nglulu, ananging kalebet ing sentilan ingkang dipunparingaken dening redaktur, supados boten ngambali malih tumindak kados mekaten.

ttt. **Dokumen TPF Munir enggal dibukak (UP)**
Muga-muga wae isine ora kaya biasane, nggelakake! (PR)
(PS/45/29 Oktober 2016)

Ukara “*dokumen TPF Munir enggal dibukak*” tegesipun inggih menika dokumen TPF Munir enggal badhe dipunbikak. TPF Munir utawi Tim Pencari Fakta inggih menika tim ingkang madosi kasunyatan-kasunyatan ngengingi sedanipun Munir. Wondene ukara kasebat pikantuk sentilan saking redaktur bilih “*muga-muga wae isine ora kaya biasane, nggelakake!*”. Ukara menika tegesipun mugimugi wosipun boten kados padatan, ingkang nguciwakaken. Maksud saking sentilan kasebat inggih menika mugimugi mawon kasunyatan-kasunyatan ingkang dipunpanggiaken boten nguciwakaken kados padatan.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika supados mangertos kadadosanipun. KIP salebeting Tempo.co (2016) ngandharaken bilih pamarentah kedah enggal-enggal mbikak asil TPF minangka kapatuhan tumrap Undang-undang Keterbukaan Informasi Publik. Kanthi mbikak asil TPF menika, masarakat saha pihak ingkang gegayutan kaliyan prakawis kasebat saged mangertos sejatosipun menapa ingkang

dumados kaliyan sedanipun Munir. Adhedhasar andharan kasebat, ukara wacana ukum ing nginggil nedahaken bilih TPF kedah enggal dipunbikak supados gamblang sedayanipun, satemah saged nengenaken keadilan tumrap prakawis Munir, amargi TPF minangka kunci saking menapa ingkang dumados, sinten ingkang wonten gayutanipun kaliyan prakawis menika, saha sanesipun. Wondene masarakat ugi kagungan pamanggih bilih mugi-mugi wosing TPF boten nggetunaken amargi boten jumbuh kaliyan kasunyatanipun. Menawi boten nggetunaken, ateges pamarentah saged mendhet tumindak ingkang adil tumrap sedayanipun.

uuu. **BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun!** (UP)

Bocorr...bocorr...!!!! (PR)

(PS/17/29 April 2017)

Ukara “*BPK nemokake ‘panduga’ anggaran kang diselewengake Rp 19.4 triliyun!*” tegesipun inggih menika BPK manggihaken panduga anggaran ingkang dipunselewengaken ingkang cacahipun Rp 19,4 triliyun. Ateges anggaran ingkang dipunginakaken boten jumbuh kaliyan paugeran ing undang-undang ngantos Rp 19,4 triliyun (Kompas, 2017). Anggaran ingkang dipunselewengaken menika dipunpanggihaken dening BPK minangka badan ingkang mriksa keuangan ing pamarentah pusat, dhaerah, BUMN, saha badan sanesipun. Ukara kasebat ugi pikantuk sentilan saking redaktur nun inggih “*Bocorr...bocorr...!!!!*”. Ukara kasebat tegesipun bocor. Maksud saking tembung bocor ing ngriki anggaran ingkang dipunselewengaken sampun konangan dening BPK. Sejatosipun, penyelewengan menika boten dipunmangertosi dening BPK, ananging amargi

BPK mriksa keuangan ing lembaga-lembaga menika pramila konangan bab kasebat.

Wondene *inferensi* utawi dudutan ingkang saged dipunpendhet saking wacana ukum ing nginggil inggih menika konangan korupsi. Kompas (2017) ngandharaken bilih BPK taksih manggihaken panduga penyelewengan anggaran 2016 ngantos Rp 19,4 triliyun. Asil menika kadhungkap wonten ing ikhtisar asil pamriksa semester II-2016 ingkang dipunandharaken dening Ketua BPK Harry Azhar Azis dhateng Presiden Joko Widodo ing Istana Medeka. Saking pamriksa laporan keuangan pamarentah pusat, dhaerah, BUMN, saha badan sanesipun, BPK manggihaken 5.810 ingkang ngemot 1.393 *kelemahan sistem pengendalian internal*. BPK ugi manggihaken 6.201 prakawis ingkang boten patuh tumrap paugeran perundang-undangan. Nilai anggaran ingkang dipunginakaken boten jumbuh kaliyan perundang-undangan ngantos Rp 19,4 triliyun.

Maksud saking andharan ing nginggil inggih menika kathah anggaran pamarentah ingkang dipunselewengaken dening pihak-pihak tartamtu. BPK sampun manggihaken maneka warni penyelewengan, ingkang cacahipun ewon dados anggaran ingkang boten jumbuh kaliyan paugeran ugi kathah ngantos triliyunan. Adhedhasar andharan menika, masarakat ugi kagungan pangajeng-ajeng bilih pamarentah kedah saged langkung ketat anggenipun mriksa lembaga-lembaga kasebat.

C. Winatesing Panaliten

Panaliten menika tamtu wonten winatesipun. Winatesing panaliten kasebat mapan ing saperangan ukara pawartos ing Kalawarti Panjebar Semangat boten wonten pawartosipun ing pawartos *online*, dados panaliti namung nggayutaken kaliyan sentilan utawi pamanggih saking redaktur ingkang mapanipun wonten ing ukara kaping kalih. Ateges, boten wonten panyengkuyung sanes saking pawartos ingkang asli ing portal *online*. Kanthi mekaten, panaliti namung ngrembag babagan *inferensi* wacana ukum ingkang dipungayutaken kaliyan pamanggih utawi sentilan ingkang dipunandharaken dening redaktur.